ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№115-116 (23.024) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 19, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэм хиубыдэу КъБР-мрэ щIыдагъэ компание инымрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ

**Петербург щекIуэкI XIX дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэм хиубыдэу ди республикэмрэ «Роснефть» НК» акционер зэгухьэныгъэ зэIухамрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм дыгъуасэ Iэ щIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ щIыдагъэ компанием и президент Сечин Игоррэ.**

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭР теухуащ инвестицэ Iуэхухэр щIэгъэхуэбжьэным, «Роснефть» НК» компанием и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и фонд нэхъыщхьэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным. ЗэгурыIуэныгъэм хиубыдэ Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ нэгъуэщI къэралхэм къыщащэху продукцэр ягъэмэщIэн папщIэ абыхэм япэувын товархэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ хэгъэхъуэныр икIи а лэжыгъэм ди республикэм щыIэ предприятэхэр нэхъ зыубгъуауэ хэшэныр.

ЛъэныкъуитIми къыхагъэщащ зэпIэзэрыту икIи зэман кIыхьым тещIыхьауэ зэдэлэжьэным я сэбэп хэлъу къызэралъытэр.

## КIуэкIуэ Юрий Санкт-Петербург щыIущIащ Ханты-Мансийскэ (Югрэ) автономнэ округым и губернаторым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Комаровэ Наталье

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ курорт-рекреацэ, мэкъумэш IэнатIэхэм лъэныкъуитIыр щызэдэлэжьэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, апхуэдэу я сэбэп зыхэлъ нэгъуэщI унэтIыныгъэу щыIэхэм.

КIуэкIуэ Ю. А., Комаровэ Н. В. сымэ къыхагъэщащ щIыналъитIым экономикэмрэ щэнхабзэмрэ я IэнатIэхэм щаIэ зэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъуну зэрамурадыр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

### Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пыщIахэм

## ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэшхуэмкIэ - Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэмкIэ - си гуапэу сохъуэхъу.

Медицинэм и лэжьакIуэм и лэжьыгъэр цIыхугъэ лъагэмрэ жэуаплыныгъэмрэ ятещIыхьащ, сыту жыпIэмэ, цIыхухэм абыхэм дзыхь къыхуащI нэхъ лъапIэ дыдэу яIэр - я узыншагъэр. Абы къыхэкIыу дохутырым сытым дежи цIыхубэм пщIэ лей къыхуащIу йокIуэкI.

Иджырей медицинэм дохутырхэм къахуегъэув щIэныгъэ куу, IэщIагъэ нэс яIэну, ягури я псэри етауэ лэжьыгъэм бгъэдэтыну. Мы зэманым республикэм куэд щызэфIагъэкI зи IэщIагъэм хуэIэзэ, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къызэзыгъэпэщыфыну лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным хуэунэтIауэ. А лэжьыгъэм къыдэкIуэу узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и мылъку-техникэ лъабжьэр къагъэщIэрэщIэж, медицинэм и пэублэ IэнатIэми, унэтIыныгъэ пыухыкIахэр зиIэ медицинэми зрагъэужь. Шэч къытесхьэркъым, зэщIыгъуу дылажьэурэ, дэ узыншагъэр хъумэнымкIэ зэфIэкI нэс зыбгъэдэлъ IэнатIэ республикэм зэрыщызэтедгъэувэфынум.

КъызэрыгуэкI цIыхум зыгуэр ажалым кърагъэламэ, абы и лIыхъужыгъэр псоми ягъэлъапIэ. Дохутырым и дежкIэ цIыхум и гъащIэр хъумэныр абы махуэ къэс иригъэкIуэкI лэжьыгъэщ икIи и IэщIагъэм хиубыдэ къалэнщ. Дохутырым зэи зыщигъэгъупщэ хъунукъым абы и IэщIагъэм къыхуигъэувхэм и псэукIэр иригъэзэгъын, цIыхухэм я узыншагъэр ихъумэн папщIэ емызэшыжу лэжьэн зэрыхуейр. Апхуэдэ къалэн лъапIэр икIи жэуаплыныгъэ ин зыпылъыр медицинэм и лэжьакIуэу республикэм исхэм я нэхъыбапIэм нэгъэсауэ ягъэзащIэ, абыхэм я IэщIагъэр я псэм хэлъщ икIи абы хуэпэжщ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пэрыт псоми фIыщIэ ин яхузощI икIи узыншагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну сохъуэхъу.

## Бжыгъэхэм куэд къаIуатэ

### Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и щIыналъэ IэнатIэу КъБР-м щыIэм къет

#### ФэтэрыщIэу 500-м щIигъу

Дызэрыт илъэсым и япэ мазитхум къриубыдэу КъБР-м псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 71,7-м щIигъу къызэрыкI фэтэрыщIэу 515-рэ хьэзыр щащIащ. Илъэс кIуам и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процентi 7,1-кIэ нэхъыбэщ.

Республикэм и къуажэхэм а зэман дыдэм псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 17,8-рэ е КъБР-м хьэзыр щащIа псэупIэ псоми я процент 24,8-рэ щаухуащ. Япэхэми хуэдэу, унэхэм я нэхъыбэр унагъуэхэм езыхэм я мылъкукIэ ящIащ. Апхуэдэу ухуэныгъэхэр метр зэбгъузэнатIэ мин 69,9-рэ е хьэзыр ящIа псэупIэ псоми я процент 97,5-рэ мэхъу.

Нэгъабэ нэхърэ псэупIэ нэхъыбэ щащIахэм ящыщщ Налшык къалэр, Бахъсэн, Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ районхэр. ПсэупIэхэр щIынымкIэ Аруан районыр нэгъабэрей бжыгъэхэм тетщ. ЗыбжанэкIэ къыкIэроху Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэр, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Май, Тэрч, Шэджэм, Шэрэдж районхэр.

Ухуэныгъэм и IэнатIэм сом мелардитI и уасэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ, ар 2014 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 0,1-кIэ нэхъыбэщ.

#### МэкъумэшхэкIыу процентi 6-м нэблагъэкIэ нэхъыбэ къалэжьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым блэкIа мазитхум къриубыдэу мэкъумэшхэкIыу сом меларди 7-м щIигъу и уасэ къыщIагъэкIащ, ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентi 5,7-кIэ нэхъыбэщ.

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжь псоми, абыхэм мэкъумэш предприятэхэр, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэр, унагъуэхэр яхэту, мазитхум гъавэу, IэщхэкIыу, къинэмыщI, мэкъумэш продукцэу кърахьэлIар, къызэрабжамкIэ, сом меларди 7,3-рэ хуэдиз и уасэщ.

Мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу, кхъуэм нэмыщI, адрей Iэщ лIэужьыгъуэ псоми я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ. Мэлхэмрэ бжэнхэмрэ процент 13,7-кIэ (мин 387,8-рэ), былымыр процентi 5,4-кIэ (мин 270,5-рэ) нэхъыбэ хъуащ.

Лыуэ къалэжьым процентi 8,6-кIэ хагъахъуэри, тонн мин 33,6-м нагъэсащ, гъэшу процентi 2,1-кIэ нэхъыбэ (тонн мини 156,9-рэ) къалэжьащ, джэдыкIэу кърахым процентi 3,1-кIэ хагъахъуэри, ар мелуан 71,1-м нагъэблэгъащ.

#### Промышленностым и IэнатIэми зыкъеIэтыж

Мазитхум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым промышленностымкIэ и IэнатIэр тIэкIу ефIэкIуауэ къабжащ. 2014 гъэм и япэ мазитхум елъытауэ дызэрыт илъэсым и щIышылэ - накъыгъэ мазэхэм къриубыдэу а IэнатIэм и продукцэм процент 0,5-кIэ хагъэхъуащ. Ар зи фIыгъэр сырьем елэжь IэнатIэхэм продукцэу процентi 3,4-кIэ нэхъыбэ къызэрыщIагъэкIарщ, щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэу процент 43,7-кIэ нэхъыбэ къызэрыщIахарщ.

Сырьем елэжь IэнатIэхэм ящыщу зэфIэкI нэхъыбэ къэзыгъэлъэгъуар ерыскъыпхъэхэр, абыхэм псы зэмылIэужьыгъуэхэмрэ тутынымрэ хэту, къыщIэзыгъэкIхэрщ. Абыхэм я продукцэр хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэ ящIащ. Процент 43,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ машинэхэмрэ оборудованэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щагъэхьэзыр IуэхущIапIэхэм я продукцэри.

# УнафэщIхэмрэ цIыхубэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъупхъэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Битокъу Владимир Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ КъБР-м и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ зэрызэдэлажьэм, жылагъуэ IэнатIэхэм ядэIэпыкъуным и лъэныкъуэкIэ властым и органхэм зэфIагъэкIхэм.**



КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор** и докладым къызэрыщигъэлъэгъуамкIэ, 2014 гъэм сатум пымыщIа организацэхэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм къыщыхалъхьа проект 59-м щыщу 43-р текIуауэ къалъытащ. Федеральнэ субсидиеу абыхэм иратынур псори зэхэту сом мелуан 11,5-рэ мэхъу. Къэралым и дэIэпыкъуныгъэм зэрыхэхъуэм, сатум пымыщIа организацэхэри нэхъыбэ зэрыхъум я фIыщIэкIэ, абыхэм цIыхухэм хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэми заубгъу. Лэжьыгъэхэр нэхъ жыджэру къызэрагъэпэщу хуежьащ ныкъуэдыкъуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным, сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыным, художественнэ творчествэм зегъэужьыным, наркотикхэр зэзыхьэлIэхэр гъэмэщIэным, граждан зэгурыIуэныгъэр, лъэпкъхэмрэ динхэмрэ я зэакъылэгъуныгъэр гъэбыдэным хуэгъэзауэ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм КъБР-м и республикэ бюджетым къыхэкI ахъшэкIэ ядоIэпыкъу - сатум пымыщIа IэнатIэхэм социальнэ Iуэхухэр дагъэкIын папщIэ сом мелуани 3,8-рэ хуаутIыпщащ.

Властымрэ цIыхубэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм дяпэкIэ нэхъри зегъэужьынымкIэ лэжьыпхъэу къалъытэхэр зэIущIэм щыжаIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр **Емуз Нинэ**, «Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Урыс православнэ члисэм и Псыхуабэ, Черкесск зэгухьэныгъэм хиубыдэ Налшык округым и Iэтащхьэ **Бобылев Валентин**, къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм защIэгъэкъуэным телажьэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщI **Анаев Мурат** сымэ.

ЗэIущIэм хэтахэм жаIащ къэув къалэнхэр нэхъ нэсу дэкIын папщIэ IэмалыщIэхэр къэгъэсэбэпын, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэфIэкIыр нэхъ нэгъэсауэ щIэгъэкъуэн къэщIын зэрыхуейр. Апхуэдэу министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я деж щыIэ жылагъуэ советхэм я зэфIэкIыр къэIэтын, езы жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэн хуейщ.

ЗэIущIэм къыщащтащ республикэм и цIыхухэу Казаковэ Т. К., Ульбашевэ А. Ж. сымэ политикэ щхьэусыгъуэкIэ лей зэрыкIэлъызэрахьам икIи абыхэм я мылъкур къэралым зэритхьэкъуам пэкIуэу сом мини 10 яхуэпшыныжыным теухуа унафэ.

Апхуэдэу ягъэбелджылащ дызэрыт илъэсым комиссэр зэрылэжьэну планыр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Налшык

## Йоджэ икIи загъэпсэху

**Налшык щыщ сабий 360-м иджыпсту зыщагъэпсэху къалащхьэм къыщызэIуаха гъэмахуэ лагери 6-м.**

АДЭ-АНЭХЭРИ гъэсакIуэхэри щIэгузэвэн щымыIэу, лагерхэр зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщащ, къабзагъэмкIэ мардэхэм ткIийуэ тетщ.

ЦIыкIухэм я Iэпкълъэпкъым зезыгъэужь джэгукIэхэр, зэпеуэхэр къызэрагъэпэщ, кружок зэмылIэужьыгъуэхэм ягъакIуэ, фильмхэм ирагъэплъ.

Псом хуэмыдэу мы илъэсым гъэщIэгъуэну и лэжьыгъэр иухуащ гимназие №4-м и «Андроид» лагерым. Мыбы зыщагъэпсэху робот зэмылIэужьыгъуэхэр щIыным дихьэх цIыкIухэм. Абыхэм мастер-классхэр лабораторэхэм щыдрагъэкIуэкI, а Iуэхум теухуауэ лажьэхэм хуагъазэ. «Гъэмахуэ лагерым и махуэгъэпс» фIащауэ къызэIуаха интернет напэкIуэцIым и фIыгъэкIэ йопсалъэ робот щIыным дихьэх сабийхэм, я ехъулIэныгъэхэмкIэ зэдогуашэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.



## Шэч къытрахьэркъым

**Европэ зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм я лIыкIуэхэр арэзы техъуащ УФ-м къыхуагъэува экономикэ санкцэхэм пащэну ЕС-м и унафэщIхэр иджыблагъэ зэрызэгурыIуам.**

А Iуэхум теухуа унафэ щхьэхуэ мэкъуауэгъуэм и 21-м къащтэну аращ. Абы зэман тIэкIу иIэжми, а унафэр зыхуэдэнур гурыIуэгъуэу къалъытэ политологхэм.

«ЕС-м ди къэралым илъэс ипэкIэ къыхуигъэувауэ щыта экономикэ санкцэхэм иджыри къызэрыпащэнум шэч къытетхьэркъым дэ. Уеблэмэ абы дыпэплъэу жыпIэ хъунущ. Сыт хуэдэ унафэ абыхэм къамыщтэми, иджыпсту диIэ зэхущытыкIэхэр абы зыкIи ихъуэжынукъым», - жиIащ Урысейм Къэрал щIыб IуэхухэмкIэ зыхъумэжыныгъэмкIэ и советым и президиумым и унафэщI Лукьянов Фёдор.

## Узыфэщlэм цIыхухэр егъэгузавэ

**«Эбола» зыфIаща узыфэ шынагъуэм теухуа хъыбархэр нэхъ ужьых хуэдэу хъуати, иджы Корее Ипщэм зыщеубгъу MERS жыхуаIэ короновирусым.**

А узыфэр зэуэлIауэ къахутахэр цIыхуи 165-рэ мэхъу, 21-рэ абы илIыкIащ. ЦIыху мини 6,7-м щыпсэу щIыпIэхэм имыкIыну хуагъэувауэ я узыншагъэм кIэлъоплъ, вирусыр япкърытынкIэ хъуну шэч хуащIауэ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэ щытыкIэр зэран хуохъу Корее Ипщэм и экономикэми. Псалъэм папщIэ, хамэ къэрал щыщ турист мини 120-м абы кIуэн ядэжакъым, узыфэм и хъыбар зэхаха нэужь. Мэкъуауэгъуэм зэрыщIидзэрэ туризм IэнатIэ къудейм хэщIыныгъэу доллар мелуан 11 игъуэтащ.

Узыфэр Корее Ипщэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэми «Iэпхъуащ». Вирусыр зыпкърыта зы цIыху дыгъуасэ щылIащ Таиландым. «Ар зыпыщIауэ щыта цIыху 59-р ицIэлагъэнкIэ зэрыхъунум къыхэкIыу, абыхэми сымаджэщхэм щакIэлъоплъ», - жиIащ Таиландым узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Раджатанавин Раджатэ.

НОБЭ

♦**Журт автономнэ областым щагъэлъапIэ я гербымрэ ныпымрэ я махуэр**

♦1862 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам Iэ тридзащ я къэралым пщылIыгъэр щымыгъэлэжыным теухуа законым.

♦УФ-м и къалащхьэм къыщызэIуах Москва Дунейпсо Кинофестивалыр. Ар 1935 гъэ лъандэрэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ.

♦Совет тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м, Белоруссием я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Быков Василь** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Селезнёвэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик, КъБР-м цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Соблыр Андемыркъан** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **БищIо Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦Норвегием щыщ спортсмен, лыжэкIэ къызэдэжэным къыщихь ехъулIэныгъэхэмкIэ иджыри къыздэсым зыри зылъэщIэмыхьа **Дэли Эрленд Бьорн** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу. Ар Олимп Джэгухэм 8 щытекIуащ, дунейм бгъуэнейрэ и чемпион хъуащ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ**

**МафIэ здэщымыIэр тахътэкъым.**

● Дыгъуасэ



**«Адыгэ псалъэ» газетым и «Iэнэм» кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Дроздов Игорь, щэнхабзэм и лэжьакIуэ Гумэ Маринэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ Чэрим сымэ.**

## Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIадз

**Зэраубзыхуам тету, сыхьэт 17-м Печатым и унэм (Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5-м) и щIыбагъымкIэ иIэ парк цIыкIум щекIуэкIащ «Скверым дыкъыщоджэ» Iуэху щхьэпэр. Зэхыхьэр къызэригъэпэщащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым. Ар теухуауэ щытащ 2015 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIегъэдзыным.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка», «Нальчик» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги-Тау» литературэ журналхэм, «Солнышко», «Нур», «Нюр» сабий къыдэкIыгъуэхэм я редакцэхэм, КъБР-м ПечатымрэцIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым я лэжьакIуэхэр. Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэзыдзыну гупыж зыщIахэм абдеж апхуэдэ Iэмал щаIащ. Газетеджэхэм я упщIэхэмкIэ зыхуагъэзащ къыдэкIыгъуэхэм я лэжьакIуэхэм. Апхуэдэуи зэIущIэм кърихьэлIахэм хуагуэшащ иджыблагъэ къыдэкIа газетхэмрэ журналхэмрэ.

Зэхыхьэм хэтахэм республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьэкIэм теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр телеканалхэм щыжаIащ. Зэхыхьэр ягъэдэхащ Налшык къалэ зыгъэпсэхупIэмкIэ и паркым и зэгухьэныгъэм и оркестрым, республикэм и уэрэджыIакIуэхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# Уней ахъшэу экономикэм къыщагъэсэбэпым хэхъуэ зэпытщ

2014 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Экономикэм зегъэужьынымрэ инновацэхэр зи лъабжьэ экономикэмрэ» республикэ программэр зэрагъэзащIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм, Правительствэм щыхухах зэманым хиубыдэу. Абы теухуауэ доклад ищIащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм хиубыдэу ягъэзэщIэн хуейщ «Инвестицэхэм я лъэныкъуэкIэ Iэмал тэмэмхэр къызэгъэпэщыныр», «Хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныр» программэ къуэдзэхэр, апхуэдэу 2014 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам къыщыгъэлъэгъуа Iуэху щхьэхуэхэр.

Зэрыщыту программэр гъэзэщIэным зэрелэжьым и гугъу щищIым, министрым жиIащ финансхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIи, экономикэм зегъэужьынымкIи, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIи а программэр япэ игъэщыпхъэхэм зэращыщыр.

«Инвестицэхэм папщIэ Iэмал тэмэмхэр къызэгъэпэщыным и лъэныкъуэкIэ программэм къигъэувхэр гъэзэщIэнымкIэ гугъуехь пыухыкIахэр щыIэщ. Бгъэдэлъ инвестицэ зэфIэкIхэмкIэ иужьрей илъэсищым Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым 61-нэ увыпIэр щиIыгъ пэтми, цIыхухэм я псэукIэм и фIагъымкIэ УФ-м и щIыналъэхэм я рейтингым 2014 гъэм ди республикэм увыпIищкIэ зыщиIэтами, дэ иджыри налогхэм я лъэныкъуэкIэ хэкIыпIэшхуэ зимыIэ икIи инвесторхэм я ахъшэр яфIэкIуэдынкIэ шынагъуэ нэхъыбэ здэщыIэ щIыналъэхэм дащыщщ», - къыхигъэщхьэхукIащ Рахаев Борис.

2013 гъэм елъытауэ макроэкономикэмкIэ бжыгъэхэр нэгъабэ ефIэкIуащ. Валовэ щIыналъэ продуктыр сом меларди 117,6-м нэсащ. Инвестицэхэр хэхъуэу сом мелард 27-рэ зэрыхъуам къыщымынэу, абыхэм я зэхэлъыкIэми нэрылъагъуу зихъуэжащ икIи уней мылъкуу экономикэм къыщагъэсэбэпым хэхъуащ.

Экономикэ щIыналъэ хэхахэр къызэгъэпэщыным щытепсэлъыхьым, министрым къигъэлъэгъуащ абы и лъэныкъуэкIэ турист-рекреацэ комплексхэм нэхъ зэрытрагъащIэр икIи а IэнатIэм зегъэужьынымкIэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэху псори зэрызэфIагъэкIар. Мыбдеж щызэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхухэм ящыщщ щIым и кадастрыр убзыхуныр, абы иужькIэ ирагъэкIуэкIыну къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэм япкъ иткIэ щIы Iыхьэхэмрэ абыхэм тет ухуэныгъэхэмрэ зи мылъкур къэзыгъэлъагъуэ документхэр Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм етыныр.

Апхуэдэу промышленнэ теплъэ зиIэ «PLANA» агроиндустриальнэ парк» экономикэ щIыналъэ хэха зэтрагъэувэну я мурадщ. А проектым и лъабжьэр сырьер къыщIэгъэкIыным щегъэжьауэ абы продукцэ къыхэщIыкIыныр, щэныр хиубыдэу технологиер зэтегъэувэнырщ. Агроиндустриальнэ паркым и проектыр гъэзэщIэным хыхьэу зыубгъуауэ къагъэсэбэпынущ ди щIыналъэм щыIэ ефIэкIыныгъэхэр. Ипщэ щIыналъэм ерыскъыпхъэхэр къыщылэжьынымкIэ, мэкъумэш продукцэм шхын зэмылIэужьыгъуэхэр къыхэщIыкIынымкIэ, экологие и лъэныкъуэкIэ дагъуэншэу щыт продукцэ щIынымкIэ хэкIыпIэшхуэхэр щыIэщ, ахэр къагъэсэбэпын папщIэ лэжьакIуэхэри къыдэмэщIэкIыркъым.

Агроиндустриальнэ паркым хиубыдэу фейдэшхуэ къызыпыкIыну къалъытэ проекту 18 ягъэзэщIэнущ икIи ахэр псори кластеру зэхэтынущ. Химием и продукцэ къыщIэзыгъэкI, пхъэм елэжь, машинэ зыщI, ерыскъыхэр зыгъэхьэзыр IэнатIэхэр зэтегъэувэным сом мелард 60-м щIигъу текIуэдэнущ, икIи абыхэм хиубыдэу лэжьапIэ IэнатIэу мин 11-м щIигъу къызэрагъэпэщынущ, Урысей Федерацэм и бюджет IэнатIэ псоми абы и хьэкъкIэ налогыу яIэрыхьэр сом мелард 11,4-м щIигъунущ.

Президиумым хэтхэм доклад зыщIам упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ. Псалъэм папщIэ, ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** щIэупщIащ иджыпсту инвестицэхэр нэхъыбэу зыхалъхьэ IэнатIэхэм, инвестицэ проекту къэкIуэну зэманым фейдэ нэхъыбэ къыпыкIыну узыщыгугъ хъунухэм. Абы и жэуапу Рахаев Борис жиIащ 2014 гъэм Iуэхур нэрылъагъуу зэрефIэкIуар - инвестицэхэр экономикэм мылъку къэзылэжь и IэнатIэхэм нэхъыбэу яIэрыхьэ зэрыхъуам. Иджыпсту нэхъ зауэжь агропромышленнэ комплексым, псынщIэу къызыпыкIэ жыг хадэхэм. Апхуэдэу логистикэ центрхэр, пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэр яухуэ, псэупIэ унэхэр щIэгъэхуэбжьауэ ящI, республикэм гипс къыщIэзыгъэкI и IэнатIэр къагъэщIэрэщIэж. Апхуэдэу куэдкIэ узыщыгугъ хъун IэнатIэхэм ящыщу доклад зыщIам къилъытащ Май районым рентген техникэр къыщIэзыгъэкI и IэнатIэр, «Юг-агро» IуэхущIапIэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** депутатхэм ягу къигъэкIыжащ законхэр къыдэзыгъэкI органым къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ иIэ хуитыныгъэхэр къигъэсэбэпурэ, щIалэгъуалэр лэжьапIэ IэнатIэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм мызэ-мытIэу зэрыхэплъар икIи абы и лъэныкъуэкIэ министерствэм ириIэ лэжьыгъэр зыхуэдэм щIэупщIащ. «Республикэр зэрыщыту, апхуэдэу IэнатIэ щхьэхуэхэр зыхуей IэщIагъэлIхэм я бжыгъэр зыми къимылъытэу, IэщIагъэ щхьэхуэхэм зэрыхурагъаджэм зыри кIэлъымыплъу къыпщохъу, апхуэдэу щытмэ, кадрхэр гъэхьэзырыным текIуадэм фейдэшхуэ къыпэкIуэнукъым», - къыхигъэщхьэхукIащ спикерым.

Рахаев Борис абы и жэуапу жиIащ министерствэм IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрызаужьыну щIыкIэр зэрызэпкърихыр, ауэ предприятэ пыухыкIахэр зыхуеину IэщIагъэлIхэм я бжыгъэр бубзыхуну зэрымытыншыр.

Парламентархэр зыщIэупщIа адрей Iуэхухэм ящыщщ хьэрычэт IэнатIэ курытхэм зэрадэIэпыкъур, IэнатIэ щхьэхуэхэм халъхьэ инвестицэхэм къапэкIуэ фейдэр къызэрабж щIыкIэр, нэгъуэщIхэри.

Зытепсэлъыхьа Iуэхум теухуауэ депутатхэм КъБР-м ЭкономикэкIэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэза чэнджэщ пыухыкIахэр къащтащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щыхэплъащ «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ», «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыуэпсым хиубыдэу узыншагъэр щрагъэфIакIуэ щIыпIэу щыIэхэмрэ курортхэмрэ я IуэхукIэ» республикэ законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымкIэ проектхэм.

РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIуныкIэ комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ** Президиумым хэтхэм я пащхьэ кърихьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и статусым и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. «Иджыпсту къару зиIэ законыр къызэрагъэщIэтэрэ илъэс 20-м щIигъуащ. Ар КъБР-м и Парламентым къыщта япэ законхэм ящыщщ. БлэкIа зэман кIыхьым къриубыдэу а документым 40-м щIигъурэ елэжьыжащ, абы и мардэхэм ящыщ зыбжанэм къару ямыIэжу къалъытащ, абы къыхэкIыу зэрыщыту законыр зэмыуIужу къыщIидзыжащ. Документым и Iуэхугъуэ щхьэхуэхэри федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыжын хуейщ. Мис а псоми къахэкIыу дэ къэтлъытащ законым и проектыр щIэуэ дгъэхьэзырэ, иджырей зэманым къезэгъ документ къатщтэмэ, нэхъ тэмэму», - жиIащ комитетым и унафэщIым.

Президиумым хэтхэм зэпкърахащ федеральнэ законхэм я проект зыбжанэм теухуауэ къатхахэр, апхуэдэу закон щхьэхуэхэр гъэхьэзырыныммкIэ Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм я парламентархэм къыхалъхьа жэрдэмхэр.

Къагъэхьа документхэм хэплъэри, депутатхэм унафэ къащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр Бэджыдэ Юрий - КъБР-м щыIэ МВД-м ГИБДД-мкIэ и Управленэм и унафэщIым, Къул ФатIимэ - КъБР-м и къэрал филармонием и артисткэм, Акоповэ Любовь - «Къалэм и сабий поликлиникэ №1» IуэхущIапIэм и дохутырым, Джэрыджэ Розэ - «Онкологие центр» узыншагъэр хъумэным елэжь къэрал бюджет IуэхущIапIэм хирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIым, Тиловэ Любэ - «Жьэн узым щеIэзэ диспансер» узыншагъэр хъумэным елэжь къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и поликлиникэ къудамэм и унафэщIым етыным теухуауэ.

Апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ Батчаевэ Кларэ - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм и кафедрэм и доцентым, Сэхъурокъуэ Анатолий - Старэ Шэрэдж къуажэм дэт «Хьэмдэхъу Башир и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ колледж» профессиональнэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэм и унафэщIым, Башиев Алим - Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и финанс-экономикэ департаментым мылъкукIэ къызэгъэпэщынымрэ техникэ кIэлъыплъыныгъэ егъэкIуэкIынымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI пажэм, Тараненкэ Наталье - Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и финанс-экономикэ департаментым мылъкукIэ къызэгъэпэщынымрэ техникэ кIэлъыплъыныгъэ егъэкIуэкIынымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI-эксперт пажэм, Тхьэщыгъуей Заур - цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ департаментым лэжьапIэхэм я программэмкIэ и къудамэм и унафэщIым, Хьэщэ Иринэ - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъ музей» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и генеральнэ директорым щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэм.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*



Литовченкэ Татьянэ лэжьыгъэм къыщыхэжаныкIахэм йохъуэхъу.

# 2015 гъэм илъэсипщI ирокъу

● Юбилей

<u>**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэсипщI ирикъуащ. Абы теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и япэ вице-премьер Литовченкэ Татьянэ, республикэм и Парламентым Мэкъумэш политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Мокаев Камал, а IуэхущIапIэм нэхъапэм и унафэщIу щытахэр.**</u>

- БЛЭКIА илъэсипщIым къриубыдэу ди министерствэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр щекIуэкIащ, щылажьэхэм я бжыгъэри хуэдиплIкIэ нэхъыбэ хъуащ. Шэч хэмылъу, абы лъандэрэ лэжьыгъэшхуи зэфIэгъэкIа хъуащ. Зэман дызэрытым зэбгъэтIылъэкIынкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным республикэм нэрылъагъуу щогугъу. Республикэм и санитар щытыкIэр кIуэ пэтми хэпщIыкIыу йофIакIуэ, арами, дяпэкIэ къытпэщыт къалэнышхуэхэм етлъытмэ, гъунэ итлъа къудейщ, - жиIащ министр Газаев Мухътар зэIущIэр къыщызэIуихым.

Мы зэманым министерствэр нэхъ зэгугъу унэтIыныгъэхэм ящыщщ псым пыщIа Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэныр, щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэгъэуIуныр, ахэр мардэм тету къыщIэхыныр къызэгъэпэщыныр, къэралпсо мыхьэнэ зиIэ экологие кIэлъыплъыныгъэхэр дыкъэзыухъуреихь дунейм щегъэкIуэкIыныр, кIэрыхубжьэрыхухэр зэхэдзыныр, абыхэм елэжьыныр, республикэм хэхауэ иIэ щIыпIэ дахэхэр хъумэнымкIэ щыIэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм я нэIэ трагъэтыныр.

«2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрыщахъумэну щIыкIэр» къэрал программэр министерствэм игъэхьэзыращ икIи КъБР-м и Правительствэм ар къищтащ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ щIыуэпсыр къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щыхъумэнымкIэ, хэхауэ яхъумэ щIыпIэхэр фейдэ пылъу зехьэнымкIэ, абыхэм псэущхьэхэр щыбэгъуэн, къэкIыгъэхэм тэмэму зыщауэжьын папщIэ, щIэныгъэр и лъабжьэу хуэфащэ щытыкIэ къахузэгъэпэщынымкIэ щыIэ Iэмалхэм зэрызрагъэужь щIыкIэхэр.

Мы зэманым ирихьэлIэу щIыуэпс гъэтIылъыпIэу ди республикэм 103 къыщахутащ. Абыхэм ящыщу къагъэсэбэпыр 47-рщ. ЩIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIахыну хуит зыщI лицензэу 65-щ яIыгъыр.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я Iэгъуэблагъэм щызэтрихьэ кIэрыхубжьэрыхухэр Iушыным, гъэкъэбзэным иужьрей илъэсхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ. Республикэм и жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыным, абыхэм я Iэшэлъашэм жыгыщIэхэмрэ чыцэхэмрэ щыхэсэным хуэгъэза мазитI лэжьыгъэхэр 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ министерствэм гъэ къэсирегъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, 2014 гъэм, цIыхухэр щыпсэу щIыпIэхэр гъэдэхэным, щхъуантIагъэхэр хэсэным теухуа мазитI лэжьыгъэм хыхьэу, гектар 5243-рэ ягъэкъэбзащ, гъуэгубгъухэм декIуэкI мэз кусэу километр 712-м кIэрыхубжьэрыхухэр щызэщIакъуащ, жыгрэ чыцэу 9171-рэ щыхасащ.

ЦIыхухэм я зэхэщIыкIым, яхэлъ гудзакъэм куэд елъытащ. Ар къалъытауэ, къабзагъэр къызыфIэмыIуэхухэр, абы и мыхьэнэр къизымыдзэхэр зэрыщыIэм къыхэкIыу, дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъын, щIыуэпс гъэтIылъыгъэхэр хъумэн, гъэбэгъуэн зэрыхуейм теухуа дерсхэр министерствэм и лэжьакIуэхэм жылагъуэхэм къыщызэрагъэпэщ, ныбжьыщIэхэр экологие щэнхабзэм щыхагъэгъуазэ хъуащ.

ЗэIущIэм и кIэм Литовченкэ Татьянэрэ Газаев Мухъътаррэ КъБР-м и Правительствэм, министерствэм я ЩIыхь тхылъхэр лэжьыгъэм щыпашэхэм иратащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



● Аруан щIыналъэ

# Лэжьыгъэхэр зэпыуркъым

<u>**Аруан щIыналъэм хыхьэ жылагъуэхэм нэрылъагъуу заужь. Къапщтэмэ, Джэрмэншык къуажэм нэгъабэ щаухуащ фельдшер-акушер медицинэ IэнатIэ. Абы къыкIэлъыкIуащ иужькIэ зэуэ къуажищым - Къэхъун, Псыгуэнсу, Старэ Шэрэдж - щрагъэкIуэкIа апхуэдэ лэжьыгъэхэр. КъищынэмыщIауэ, Псыкуэд дэт амбулаторэр ремонт ящIащ.**</u>

МЕДИЦИНЭ IуэхущIапIэхэм къадэкIуэу, Псынабэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и щхьэр щIэкIэ зэрахъуэкIащ. Нарткъали яхэту, жылагъуэ щхьэхуэхэм спорт джэгупIэу 10 щаухуащ. Республикэ программэм ипкъ иткIэ зэрагъэпэщыжащ Налшыкрэ Май щIыналъэмрэ зэпызыщIэ гъуэгур. Абы и нэхъыбэр Аруан щIыналъэм хиубыдэрт.

ЦIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэ мащIэ кърахьэлIакъым. Апхуэдэщ Нарткъалэ и паркым щыуэ зэтету щаухуа унэр. Жьы дыдэ хъуа псэупIэхэм щIэс унагъуэу 12 абыхэм ягъэIэпхъуэжащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ хэхыпIэ участкэхэм зэрызэкIэлъыкIуэкIэ номерхэр етыным и IуэхукIэ» 2013 гъэм щIышылэм и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къищта унафэ №49/1-5-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №116/5-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 19-нэ статьям и пункт 1-м тету икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м къыдигъэкIа унафэ №252-п-м, 2013 гъэм щIышылэм и 15-м къыдигъэкIа унафэ №5-п-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм 2015 гъэм накъыгъэм и 16-м къищта унафэ №110-п-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ хэхыпIэ участкэхэм зэрызэкIэлъыкIуэкIэ номерхэр етыным и IуэхукIэ» 2013 гъэм щIышылэм и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къыдигъэкIа унафэ №49/1-5-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №72/9-5-мкIэ, 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м къыдигъэкIа унафэ №80/3-5-мкIэ хилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэри хиубыдэу) икIи абы и гуэдзэныр щIэуэ тхыжын.

2. Мы унафэм Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэмрэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэмрэ щыгъуазэ щIын.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь Атмурзаевэ И. А.

4. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №116/5-5-мкIэ къищтащ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ хэхыпIэ участкэхэм зэрызэкIэлъыкIуэкIэ я номерхэр**

| №№ | Къалэ округхэр, муниципальнэ районхэр | ХэхыпIэ участкэхэм я бжыгъэр | ХэхыпIэ участкэхэм я номерхэр | ХэхыпIэ участкэхэм я номерхэу зэкIэ къамыгъэсэбэпхэр |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Бахъсэн муниципальнэ район | 26 | 1-26 | |
| 2. | Бахъсэн къалэ округ | 16 | 27-42 | |
| 3. | Дзэлыкъуэ муниципальнэ район | 25 | 43-67 | |
| 4. | Лэскэн муниципальнэ район | 11 | 68-78 | |
| 5. | Май муниципальнэ район | 18 | 79-96 | |
| 6. | Налшык къалэ округ | 102 | 98-199 | |
| 7. | Прохладнэ муниципальнэ район | 34 | 200-231, 253 | 232 |
| 8. | Прохладнэ къалэ округ | 20 | 233-252 | |
| 9. | Тэрч муниципальнэ район | 24 | 97, 254-276 | |
| 10. | Аруан муниципальнэ район | 23 | 277-299 | |
| 11. | Шэджэм муниципальнэ район | 18 | 300-317 | |
| 12. | Шэрэдж муниципальнэ район | 17 | 318-334 | |
| 13. | Iуащхьэмахуэ муниципальнэ район | 21 | 335-355 | |
| | **Псори**: | **355** | **1-231, 233-355** | **232** |

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэ жылагъуэхэр зэгъэуIуауэ социальнэ, инженер инфраструктурэм и ухуэныгъэхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ, федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ къыхэкIыу къаутIыпщ субсидиехэр къызэрагъэсэбэп Хабзэхэм я IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м Налшык къалэ №115-ПП*

«2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху къуажэ щIыналъэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м къищта унафэ №598-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэ жылагъуэхэр зэгъэуIуауэ социальнэ, инженер инфраструктурэм и ухуэныгъэхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ, федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ къыхэкIыу къаутIыпщ субсидиехэр къызэрагъэсэбэп Хабзэхэр къэщтэн.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэ жылагъуэхэр зэгъэуIуауэ социальнэ, инженер инфраструктурэм и ухуэныгъэхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ, федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ къыхэкIыу субсидиехэр къызэраутIыпщ Хабзэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм шыщхьэуIум и 19-м къыдигъэкIа Унафэ №179-ПП.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

2015 гъэм и япэ кварталым цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ гъэувыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Налшык къалэ №103-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм и IуэхукIэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

2015 гъэм и япэ кварталым цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ гъэувын ику иту сом 8521-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьхэм итхэм папщIэ сом 8959-рэ, пенсионерхэм папщIэ сом 6859-рэ, сабийхэм папщIэ сом 8579-рэ хъууэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

# Дэтхэнэ зыми

● Партхэр

<u>**Тхьэмахуэ кIуам Налшык къалэ щекIуэкIащ КПРФ-м и Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ, Кърым федеральнэ щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэмрэ партым хэтхэмрэ я семинар-зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ КПРФ-м и ЦК-мрэ партым и щIыналъэ къудамэ 15-м хэтхэмрэ. КПРФ-м и комитет нэхъыщхьэм и лIыкIуэхэм я пашэт абы и унафэщI, Къэрал Думэм ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ экологиемкIэ и комитетым и унафэщI, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием хэт, профессор Кашин Владимир. Налшык щекIуэкIа парт зэIущIэм хэтащ цIыху 700-м щIигъу.**</u>

СЕМИНАР-зэIущIэм къэкIуахэр гупкIэ гуэшауэ лэжьащ, зэпсэлъащ, зэчэнджэщащ. Налшык и хьэщIэхэр, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр я гъусэу, Лениным, «МафIэ мыужьыхым», «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъусэщ» фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ. ЗэIущIэр щекIуэкIащ МузыкэмкIэ театрым. Ар къызэIуихащ Кашин Владимир. Ираха хьэщIагъэм папщIэ абы фIыщIэ хуищIащ КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм. ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и япэ секретарь Пащты Борис. Iуэхушхуэр Налшык къыщызэрагъэпэщыну дзыхь къызэрырагъэзам папщIэ абы фIыщIэ яхуищIащ Зюганов Геннадий, Кашин Владимир, КПРФ-м и комитет нэхъыщхьэм и секретархэм, Къэрал Думэм и депутатхэм. Щхьэхуэу къригъэблэгъащ, псалъэ гуапэ яжриIащ Къырымымрэ Севастополрэ къикIахэм.

ИужькIэ утыкур хуит хуащIащ пионерхэм - Налшык дэт 16-нэ школым и еджакIуэ цIыкIухэм. Галстук плъыжь зыдэлъ ныбжьыщIэхэр усэ къеджащ, пионер тхьэрыIуэ ятащ. Мы зэIущIэм КПРФ-м щыхагъэхьащ цIыху 70. Абыхэм парт билет яритащ Кашиным. Апхуэдэу ныбжьыщIэ 11-м комсомол билет иратащ. ЦIыху зыбжанэм хуагъэфэщащ парт дамыгъэхэр. «Партийная доблесть» орденыр иратащ Къэнэмэт Замир, Лъэпщокъуэ Хьэжысмел, Шакъ Хьэсэн, Башиев Дугу, Лелюкаев Мурадин сымэ. «Партым и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр хуагъэфэщащ Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолийрэ Май щIыналъэм и Котляревскэ станицэм щыIэ парт къудамэм и секретарым и къуэдзэ Пискаев Дмитрийрэ. КПРФ-м и комитет нэхъыщхьэм ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум хуигъэхьэзыра фэеплъ медалыр иратащ Мэчанэ Заур, Къэзэр Равидэ, Балаев Алим сымэ.

КПРФ-м и лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъащ Кашин Владимир. Партым и щIыналъэ къудамэхэм цIыху нэхъыбэ къызэщIаубыдэным, лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным и Iэмалхэм, КПРФ-м и хабзэхэр гъэзэщIэным, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми тепсэлъыхьащ партым и ЦК-м и Президиумым хэт Афонин Юрий, КПРФ-м и ЦКРК-м и унафэщI Иванов Николай, «Зауэм и бынхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Арефьев Николай, КПРФ-м и ЦК-м деж Политикэ егъэджэныгъэмкIэ щыIэ центрым и унафэщI Аниховский Станислав сымэ.

Семинарым щыжаIахэр къалъытэри, парт зэIущIэм хэтхэм резолюцэ къащтащ. Коммунистхэм я зэIущIэр иухащ концерткIэ.

**НАФIЭДЗ Заремэ.**

● Зэдзэкlакlуэм и псалъэ

# Абэззэхэхэм я гъэр



Барон Торнау Фёдор

***Бгырыс лъэпкъым лъапсэрыхыр къыхуигъэкlуауэ щытащ Кавказ зауэм. Илъэсищэм щlигъукlэ зэпыуакъым ар.***

***Кавказ зауэр зи нэгу щlэкlхэм - дзэпщхэм, лlыкlуэхэм, дипломатхэм, гъуэгурыкlуэхэм, тlасхъэщlэххэм - къызэранэкlащ тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ Торнау Фёдор и «Гукъэкlыжхэри».***

***Торнау Фёдор Курляндием (Прибалтикэм) щыщ барон унагъуэм 1810 гъэм къыщалъхуащ, Бытырбыху дэт Царскосельскэ лицейм щеджащ, 1826 гъэм щыщlэдзауэ урысыдзэм къулыкъу щищlащ, Кавказ зауэм хэтащ. Кавказ лъэпкъхэм (абхъазхэм, убыххэм, Псыжь адрыщl ис шэрджэсхэм) я тlасхъэ щlрагъэхын щхьэкlэ, урыс дзэпщхэм ар зыбжанэрэ кърагъэжьащ. Апхуэдэ къалэн и пщэ къыдалъхьэри, Псыжь зэпрыкlауэ, Торнау абэззэхэхэм яубыдащ. Илъэситlкlэ щаlыгъащ ар Шэрджэсым, абы и нэгу щыщlэкlаращ Торнау и «Гукъэкlыжхэм» лъабжьэ яхуэхъуар.***

***«Кавказ офицерым и гукъэкlыжхэр» япэу щытрадзар 1864 гъэрщ - «Русский вестник» журналым. Иужькlи зыбжанэрэ дунейм къытехьащ Торнау и «Гукъэкlыжхэр» - Мейкъуапи Налшыки къыщыдэкlащ. «Си нэгу щlэкlаращ сэ стхыжар, пэж защlэщ стхыжауэ хъуар» - апхуэдэ псалъэхэм дыщрохьэлlэ Торнау и тхыгъэм.***

***Дзэм къыхэкlыжа нэужь, Торнау Австрием и къалащхьэ Венэ дэсащ, 1890 гъэм абы щылlащ.***

***Торнау и щхьэгъусэу щытар адыгэпщ цlэрыlуэ Бекович-Черкасскэхэ япхъущ.***

***Шэрджэсхэм я тlасхъэ щlихын щхьэкlэщ Торнау Псыжь адрыщl щlраутlыпщхьар. Абы хунэсакъым: абэззэхэхэм яубыдри, гъэрыпlэм илъэситl щрихын хуей хъуащ бгырысхэм я деж. Кlэс зыщlахэм яхуэдзэлашхэми, Торнау фlыкlэ игу къегъэкlыж нэlуасэ зыхуэхъуа, цlыхугъэ къыкlэлъызезыхьа куэд: тlасхъэщlэх къызэрежьар ящlэрэ пэт, нэмыплъ кърататакъым, хэгъэрей иlэ хъуауэ къахэкlыжыгъащ.***

***Щыгъуазэ фыдощl Торнау Фёдор и «Гукъэкlыжхэм» щыщ пычыгъуэхэм.***

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.




# Си нэгу щlэкlаращ сэ стхыжар

## Барон Торнау Фёдор и гукъэкlыжхэр

ПРОЧНЫЙ Окоп къыщыщlэздзэн хуей хъунущ си гукъэкlыжхэр, а быдапlэр си нэгу щlэтщ ноби. Линиер зи унафэм щlэт дзэпщыр дэсащ абы, Псыжь бжьэпэм трахщlыхьати, зыплъыхьыпlэт, къэзакъхэми сэлэтхэми я плъырыпlэт. Псыжь адрыщl губгъуэ щхъуантlэт, lуащхьэхэр итт, къуацэ-чыцэри щымащlэтэкъым.

lуащхьэхэри къуацэ-чыцэри шэрджэсхэм я зыгъэпщкlупlэт: lуащхьэ къуагъхэм къуэтlысхьэрт, къуацэчыцэхэм зыхагъапщкlуэрти, къэзакъхэмрэ сэлэтхэмрэ щыбэлэрыгъынум пэплъэрт. Псыжь адрыщl ихьа щlыкlэтэкъым урысхэр, Щхьэгуащи Лаби нэсатэкъым.

Къэбэрдейм къикlауэ куэд яхэсащ абэззэхэхэм, хьэжрэткlэ еджэрт абыхэм, дэ абрэджкlэт дызэреджэр. Абэззэхэхэр кърашажьэурэ, къэбэрдей абрэджхэр къыттеуэрт, Псыжь къызэпрыкlырти, хъунщlакlуэ къежьэрт - зы махуи ягъэтыншыртэкъым къэзакъхэр. Щысхь, гущlэгъу яlэтэкъым шэрджэсхэми къэзакъхэми - зэрихьэлlамэ, зэрымыукlауэ зэбгъэдэкlыжынутэкъым.

Урыс гъунапкъэр яхъумэн щхьэкlэ, Псыжь и ижьырабгъум къэзакъ жылагъуэхэр ирагъэтlысхьат, зыр адрейм вёрст тlощl хуэдизкlэт зэрыпэжыжьэр, шэрджэсхэр Псыжь къызэпрыкlыурэ къащыхэлъадэм деж щlэх дыдэ зэлъэlэсырт. Псыжь зэпрыкlын тегушхуэртэкъым езы къэзакъхэр, фlы къазэрыхухэмыкlынур ящlэрти. Урыс дзэпщхэм къагурыlуагъэнщ иужьым: Псыжь бжьэпэ зыщыбущэхуауэ уи пlэ уискlэ абрэджхэм уапэлъэщынукъым. Мыхъуми, Щхьэгуащэ псыхъуэ дэс абэззэхэхэмрэ абрэджхэмрэ я лъэр убыдын хуейт - апхуэдэ гукъэкl ящlащ урыс генералхэм: Псыжь дзэ зэпрашри, шэрджэс къуажэхэр зэтрагъасхьэ генералхэм е ахэр къызэрыдахьэхынум иужь итщ.

Псыжь адрыщl егъэзыпlэ зыхуэхъуахэр - къэбэрдей абрэджхэр - lэубыдыпlэншэт, щхьэмыгъазэт: я хэкур, Къэбэрдейр, ябгынэн хуей хъуати, ялъ ящlэжыху емыпсыхынкlэ тхьэ зэхуаlуат. Абыхэм lупэфlэгъу къахуэхъуащ Псыжь адрыщl ис абэззэхэ щlалэ хахуэ куэд.

Линием и щlыбкlэ, Егорлыкрэ Гумрэ я тlуащlэм, нэгъуей жылагъуэ куэд дэсащ. Нэгъуейхэми къалъэlэсырт шэрджэсхэр, хъунщlакlуэ къахыхьэрейт. Нэгъуейхэр зыщыгугъыр Псыжь lуфэ lут урыс быдапlэхэрат, арат ахэр щlыдифlыр. Апхуэдэ зы нэгъуей жылагъуэ и гъунэгъуащ Прочный Окоп быдапlэм - вёрст блыщl нэхъыбэкlэ пэжыжьэтэкъым. Къарэмырзэ зэшхэм я lэмыщlэ илът а жылагъуэр.

Къарэмырзэ зэшхэмрэ урысхэмрэ зэщыlеящ, псы щхьэл зэпаубыдри. Аращ хэлъар: урысхэм я лъэгу щlэувэ нэхърэ, Псыжь зэпрыкlрэ шэрджэсхэм яхыхьэмэ нэхъ къащтащ Къарэмырзэ зэшхэм. Я уни, я лъапси, я унэlутхэри урыс дзэпщхэм трахащ.

Къарэмырзэ зэшхэр щтапlэ ихьэжащ, Шэрджэсхэм яхыхьащи, зекlуэ ядожьэ, ядозауэ - щабгъэдэмылъыжlакlэ, зекlуэм къыхах къуентхъращ зэрыпсэур. Шэрджэсхэм яхэзэгъащ Къарэмырзэ зэшхэр, лlыгъэкlи хахуагъэкlи зыкъыкlэрагъэхуркъым.

Щэщlрэ плlы гъэм и бжьыхьэм зауэм хэкlуэдащ Къарэмырзэхэ я шынэхъыжьыр. Абы илъ ящlэжын хуейти, зэшищми лъэкl къагъэнакъым. Я шынэхъыщlэрат щlэзымычэр: зы махуи епсыхакъым, шэрджэсхэм ядошэсри зэуакlуэ къожьэ. Зэгуэрым, линием къытеуэн мурад ящlауэ, къаумысащ шэрджэсхэр: заудыгъуауэ нэху щыщыным пэплъэрт. Абрэджхэр щхьэукъуауэ ирихьэлlэри, къаувыхьащ. Къарэмырзэхэ я шынэхъыщlэр уlэгъэ хьэлъэ хъуащ, и псэр хэмыкl щlыкlэ уэсят къищlащ: «Алыхьращ урысхэм я lэмыщlэ дизылъхьар, - къажриlащ абы и къуэшитlым. - Фэри фи щхьэр хэфлъхьэнущ, ар къыфщымыщl щlыкlэ феклlужи, я lэмыщlэ зифлъхьэ: дэ лъэпкъым дыкъыхэкlащ, фэри фыкъаукlмэ, ди лъэпкъым кlэ игъуэтауэ аращ».

Къарэмырзэхэ Чингизхъан и щlэблэм щыщт, зэраlуатэмкlэ. Я шынэхъыщlэм едэlуэн хуей хъуащ Тембулэтрэ Бийрэ: тхьэ яригъэlуат.

Бгым къикlыжри генералым деж екlуэлlащ Къарэмырзэ зэшитlыр. Генералым къигъэгугъащ я lуэхум хэлlыфlыхьынкlэ. Къарэмырзэхэ я унэlути я пщылlи Псыжь ирагъэкlакlэт, я lэщри я мылъкури зэрапхъуат. «Дывэкlужынущ, ди мылъкумрэ ди цlыхумрэ къыдэфтыжмэ», - жаlащ Къарэмырзэ зэшхэм. «Тетым и унафэ хэлъын хуейщ абы», - къажриlащ генералым. Тетым хъыбар езгъэщlэнщ, жэуапыр къысlэрыхьэжыху, фыкъыспэплъэ».

lуэхур абы нэсауэ, генералым зыхуэзгъэзащ. Сыкъызылъежьам щыгъуазэ сщlащ: Псыжь сызэпрыкlауэ тенджыз lуфэм нэс сыкlуэн хуейщ - ар си пщэ кърапъхьащ. Генералым зрилъэфыхьакъым - къагурыlуащ сыщlелъэlур: шу гъусэ - Шэрджэсым тlасхъэщlэх ныздэкlуэн, хы lуфэм нэс сызышэн. Гъусэ схуэхъунуми я цlэ исlуащ.

Прочный Окоп къэкlуащ генералыр, Къарэмырзэ зэшитlым епсэлъащ. Зэшхэр арэзы хъуащ. «Дыкъызэрывгъэгугъар къытхуэфщlэнумэ, гъусэ дыхъунщ», - жраlащ генералым.

* * *

ЦlЫХУ куэд щызэблокl Прочный Окоп быдапlэм. Офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ нэмыщl, бгырысхэри щlэхщlэхыурэ къокlуэ быдапlэм, е зыщаплъыхьын, е урысхэм я тlасхъэ щlахын щхьэкlэ. Генералыр ятеплъэкъукlыркъым абыхэм, ауэ я гугъу ищlыркъым, уеблэмэ хьэщlагъэ щарих къохъу. Нэlуасэ захуэсщlакъым бгырысхэм, закъезгъэлъагъу хъунутэкъыми, генералыр абыхэм щаlущlэ унэм пэмыжыжьэ зы егъэзыпlэ къэзгъуэтри, тхьэмахуитlкlэ зыщысlэжьащ.

Тхьэмахуитl дэкlауэ, Къарэмырзэ зэшхэр сигъэцlыхуащ генералым. Зэшхэм lимам Гъазии ящlыгъут, ар я тэрмэшт Къарэмырзэ зэшхэм. Генералым зигъэгувакъым, зэшхэмрэ lимамымрэ къысхуигъанэри, и lуэху и ужь ихьэжащ.

Дзыхь яхуэпщl хъуну Къарэмырзэ зэшхэмрэ lимамымрэ - зэпэсплъыхьащ си гъусэнухэр. Зэшитlым нэхъыжьыр, Тембулэт, цlыху екlут, lэчлъэчыфэ тетт. Шынэхъыщlэр, Бий, цlыху хэщlыхьат, плlабгъуэт, жьакlагъуэт. lимамыр куэсэт, быртlым лъахъшэт, и фэмкlи пщlэнут зэрынэгъуейр.

Заулкlэ дыщыма нэужь, Къарэмырзэ зэшхэм сеупщlащ: бгым фыкъикlыжри урысхэм я lэмыщlэ зифлъхьащ - фыхущlегъуэжакъэ абы? Урысхэр щlэвгъэбиин щхьэусыгъуэ фиlэ пэтрэ апхуэдэ лъэбакъуэ фчащ...

- Генералым тхьэ хуэсlуащ, урысхэр згъэпэжынущ, ди жылэр къыдатыжмэ, - жиlащ Тембулэт. - Тхьэ щысlуакlэ къэзгъэпцlэжынукъым, си псалъэм сытетынущ. Бий си шынэхъыщlэщ, сэ жысlэм фlэкlынукъым.

Дыздэпсалъэм къыхэзгъэщащ: урысхэм я lэмыщlэ зиплъхьа къудейкlэ зэфlэкlынукъым ар - жылэр къуатыжын щхьэкlэ, абы нэхъыбэ щlэфтын хуейщ. Зи ужь сихьа lуэхум фыкъыхэлlыфlыхьмэ, сыкъэзыгъэпэжын гъусэ фыкъысхуэхъумэ, нэлейкlэ къывэплъынущ генералыр, фи хьэтыри къилъагъунущ.

Тембулэт гупсысэм зэрыхэхуам гу лъыстащ, и къуэшитlым я цlэкlи тхьэ къысхуиlуэн хуейуэ щезыубыдылlэм. Дунейм ехыжам и цlэкlэ тхьэлъанэ пщlымэ, ар пкъутэ зэрымыхъужынум сыщыгъуазэт сэ: а хабзэм ткlийуэ тетщ дэтхэнэ бгырысри. Сэри псалъэ быдэ естащ Къарэмырзэ зэшхэм: гъусэ къысхуэхъурэ шэрджэсхэм я тlасхъэ щlызагъэхмэ, урыс дзэпщхэм къагъэщlэхъунукъым, сыткlи ирелъэlу, къыхуамыщlэн щыlэкъым.

* * *

**Къарэмырзэ зэшхэмрэ lимам Гъэзийрэ зыщlигъури, Торнау бгым щхьэдэхащ, Убыхми Абхъазми зыщиплъыхьащ, Тифлис нэсащ, абы къикlыжри, гъэмахуэр Псыхуабэ щрихащ... Урыс тlасхъэщlэхым и пщэ къалэнышlэ къралъхьащ: Псыжь зэпрыкlын хуейт, адрыщlым ис шэрджэсхэм яхыхьэн, абыхэми я тlасхъэ щlихын щхьэкlэ...**

ГЕНЕРАЛЫМ унафэ ищlри, Прочный Окоп сыкlуащ гъэмахуэкlэ мазэм, нэгъабэ сызыщlэса унэ цlыкlур егъэзыпlэ сщlащ аргуэрми. Генералыр къызэджэри, гъусэ къысхуищlынухэр сигъэцlыхуащ. Къарэмырзэ зэшхэм я гугъу ищlакъым генералым, абыхэм закъезмыгъэлъагъумэ зэрынэхъыфlри къызиlуэкlащ - къызыхихар сщlэркъым, сэри сыщlэупщlакъым. Мызыгъуэгукlэ гъусэ къысхуащlащ пщы Хьэмырзэ Аслъэнджэрий, Жансит хьэжыр, лlакъуэлlэш Тамбий Аслъэнбэч сымэ. Щыри абрэджт, Къэбэрдейм къикlауэ.

Къэбэрдей абрэджхэр генералым гъусэ къыщlысхуищlам и щхьэусыгъуэм сыщlэупщlакъым сэ, си lуэху хэлътэкъыми. Гъусэ къыщысхуищlакlэ, генералым и нэlуасэ хъуат ахэр, дзыхьи яригъэзырт, дауи. Арыншамэ, сэ абыхэм я lэмыщlэ срилъхьэнтэкъым.

Бгым срашэн папщlэ гъусэ къысхуащlахэр сигу ирихьауэ схужыlэнкъым. Аслъэнджэрий хьэщэхурыпхъуэм езгъэщхьащ: напщlэуфэт, щыпсалъэкlэ и макъыр зэхэпх къудейт. Тамбийр лlышхуэт, щхьэпэлъагэт, хьэрэмыгъэншэуи къыщlэкlынт, Аслъэнджэрий и жыlэм фlэкlыныфэ теттэкъым - аращ къызэрысщыхъуар. Жансит зэрыгубзыгъэм шэч хэлътэкъым, зэрыгубзыгъэми лlыгъэ зэрыхэлъми гу лъытэгъуафlэт. Афэджанэ щыгът Жансит, шабзэ иlыгът - пасэрей зауэлlут къызэрыпщыхъунур. И гъусэхэм щепсалъэкlэ lэдэбт Жансит, згъэунэхун щхьэкlэ дапщэрэ семыупщlами, схущыгъэуакъым, псалъэ лей къыспидзыжакъым. Къарэмырзэ зэшхэм дзыхь езгъэзати, сыщымыуауэ къыщlэкlащ. Мыбыхэми дзыхь яхуэсщlын хуейуэ къыстехуэрт, итlани абы сыхуэпlащlэртэкъым - си щхьэр абрэджхэм я lэмыщlэ ислъхьэн. Сигу иримыхьыни дэслъэгъуащ Жансит: дыщызэпсалъэкlэ къызэплъыртэкъым, и щхьэр щlигуэ фlэкlа, и нэгу къысхуигъазэртэкъым, зыми щымышынэ цlыху хахуэм хуэфащэтэкъым ар. Щыри абэззэхэхэм яхэст, урысхэм екlужын, етlысылlэн мурад зэраlэм щыгъуазэ ящlат генералыр, фlаубыдауэ щыта я пщылlхэр къратужмэ. Генералыр акъылэгъу ядэхъуащ абрэджхэм, зыщlэлъэlу псори къаритыжынкlэ къигъэгугъащ, иужьым яжриlащ, я хьэтыр щилъагъунур сэ бгым сыщхьэдашэхрэ тенджыз lуфэм сынагъэсмэщ. Сэ абы сыщыгъуазэтэкъым. Генералым жесlащ гъусэ къысхуищlынухэм дзыхь зэрезмыгъэзыр. Ар къысхуидакъым генералым, дзыхь зыхуэпщl мыхъун яхэткъым, сэр дыдэр садежьэн сыкъыхэщтыкlынтэкъым, къызжиlащ, тхьэ къысхуиlуащ. Си фlэщ дыдэ хъуакъым генералым къызжиlар, итlани арэзы сыхъуащ: садежьэнщ, уэ дзыхь щахуэпщlкlэ - нэгъуэщl къысхуэнэжтэкъым. Абэззэхэхэм я щlыналъэр зэпыдупщlмэ, Шахэ псыхъуэ дыдыхьэнущ, итlанэ дэдгъэзеинурэ, тенджыз lуфэм дыlутурэ, ХьэфlыцlеЙ (Геленджик) нэс дыкlуэнущ, Мэчэм дызышэн тырку кхъухь дылъыхъуэущ цlыхум зэражетlэнур.

Прочный Окоп сыщежьэн хуейуэ къысщlэлът сэ, Чанлыкъ быдапlэм сыкlуэн щхьэкlэ. Абы нэкlуэнурэ къыслъыгъуэзэнут Жансит хьэжыр. Ло Мэмэтджэрий тэрмэш къысхуэхъунут быдапlэм сыщыкlуэкlэ. Абэззэхэхэм закъригъащlэ хъунутэкъым Ло Мэмэтджэрий, и жагъуэгъу куэд яхэтти.

Гъуэгур шынагъуэми, гъэмахуэкlэ мазэм и щэщlым Псыжь дызэпрыкlри Чамлыкъ дыкlуащ. Гъуси тщlаlакъым, зыдгъэлъагъуэ хъунутэкъыми. Воскресенскэ быдапlэм жэщитl-махуитlкlэ зыщытlэжьащ, итlанэ Тамбийрэ Жансит хьэжымрэ драшэжьащ, абэззэхэхэм дахыхьэн хуейти.

Дышэсри зы махуэрэ зы жэщкlэ депсыхакъым: нэху къыттемыщхьэ щlыкlэ Щхьэгуащэ псыхъуэ дынэсын хуейт - арат Жансит хьэжым и хэщlапlэр.

Абэззэхэхэм заlудмыгъэщlэн щхьэкlэ, гъуэгу дэдзыхакlэ дыкlуащ, мэхъуэш жылэхэр къызэднэкlыурэ. Дыздежьам дынэсащ нэхущым, сыхьэт пщыкlуийкlэ уанэгум дисри - депсыхакъым, вёрстищэрэ хыщlрэ ткlуху. Иужьрей сыхьэтитl-щым шыжьэрутlыпщкlэ кlуащ, дишхэм апхуэдиз зи кlыхьагъ гъуэгу зэпачарэ пэт. Шэрджэсхэм я шым фlэкlа ар зыхузэфlэкlын щыlэкъым - мыкlуэщlщ я къарур, пщынукъым, уанэгум уисыху дзэкъэгъуэ яlумыхуами.

Жансит хьэжым и унэр мэзым хэгъэпщкlуат, абэззэхэ жылэ цlыкlум пэжыжьэтэкъым. Унэ екlут хьэжым и псэупlэр, адрей псоми ефlэкlырт. Псэукlэ зыщlэ цlыхут, и щlапlэр чыбжэгъукlэ къэхухьати, фlырыфlкlэ уезэгъынутэкъым. Хьэщlэщым дыщlашащ. lэщи фащи - щlэмылъ щыlэтэкъым Жансит и хьэщlэщым. Шы дэгъуэ куэд иlэт хьэжым, пщылl унагъуэ щэщl хуэдиз lэщlэлът. lэщ хъушэ, мэл куэдыкlей игъашхэрт. Абэззэхэхэм къызэрыджаlэмкlэ, Жансит хьэжым нэхърэ нэхъ къулей истэкъым я лъахэм. Къэбэрдейм къыщикlым зы уанэшщ Жансит хьэжым иlар, и плlэм зы фоч идзауэ къэкlуащ. И лlыгъэрэ и хыхьэхэкlкlэ зэригъэпэщащ иджы бгъэдэлъ мылъкур. Пщы е лlакъуэлlэш унагъуэ къыщамылъхуами, пщlэшхуэ щиlэщ Абэззэхэм, псори къыфlолlыкl, хасэм щытхьэмадэщ, зэуакlуэ ежьэмэ, я гъуазэщ, я пашэщ. Линием теуэху къэси урысыдзэм ебгъэрыкlуэн хъуми, Жанситщ шупашэр, ар хэнауэ зы зекlуи ежьэркъым шэрджэсхэр. Илъэс блыщl и ныбжьщ, дыркъуэ мащlэ телъкъым, итlани, щlалэм нэхърэ нэхъ жанщ, lэщакlуэщ. Псыжь lуфэ lус къэзакъ жылагъуэхэм зы сабий дэс хъунтэкъым Къарэмырзэ зэшхэм, Аслъэнджэрий, Жансит сымэ я цlэр зымыщlэ. Жансит тlэунейрэ щыlащ хьэжыщl, Мысырым и lэтащхьэхэм нэlуасэ яхуэхъуащ, абыхэм бгырысхэр ящыгугъ зэрымыхъунум шэч къытрихьэртэкъым. Жансит, ибзыщl щхьэкlэ, бгырысхэр гува-щlэхами урысхэм я lэмыщlэ зэрихуэнуми шэч къытрихьэртэкъым. И ныбжьыр хэкlуэтати, езым имылъагъункlэ хъунт бгырысхэм ар къащехъулlэнур - арат и гурыфlыгъуэр. Жансит сэ къызжиlауэ щытащ: и пщылlхэмрэ и унэlутхэмрэ кърахыжмэ, Аслъэнджэрий урысхэм екlужынущ, езыри игъэдэlуэнкlэ мэхъу. Аслъэнджэрий абэззэхэхэм я деж щтапlэ зэрихьэжам и хъыбар сригъэдэlуэгъащ Жансит.

1821 гъэм, Ермоловым Къэбэрдейр зэхикъута нэужь, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ Псыжь адрыщl lэпхъуащ, урысхэм я lэмыщlэ зрамылъхьэн щхьэкlэ. Аслъэнджэрий абы щыгъуэ илъэс пщыкlутl ныбжьым итт, и адэм дэзауэрт. И адэр, Хьэмырзэ Беслъэн, илъэсищкlэ бгым ита нэужь, урысхэм екlужын мурад ищlащ. Ермоловым зэрилъытэмкlэ, псори зи лажьэр пщыхэмрэ лlакъуэлlэшхэмрэт, абыхэм я лъэр бубыдмэ, адрейхэр я пlэ итlысхьэжынут. Ахэр Къэбэрдейм кърикъэтlысхьэжын мурад иlэтэкъым Ермоловым, Уарп псэупlэ ящlмэ, япэрыуэнутэкъым. Ермоловым и нэфl къыщыхуащ Хьэмырзэ Беслъэн: Уарп деж щыпсэу хъуащ ар, и пщылlхэри, и унэlутхэри, и шыбз гуартэхэри, и lэщри кърититыжащ - Къэбэрдейм щытрахахауэ щыта псори. Ермоловыр зэщэр гурыlуэгъуэт: Хьэмырзэ Беслъэн пщlэшхуэ иlэт, и нэфl абы щыхуэмэ, адрей хьэжрэтхэми яхэзэгъэнкlэ гугъэрт. Щыуакъым дзэпщыр: зы илъэсым и кlуэцlкlэ Хьэмырзэ Беслъэн къетlысылlэжащ хьэжрэт минитхум нэблагъэ - урысхэм я lэмыщlэ зралъхьащ. Абыхэм пщы уэлий яхуэхъуащ Хьэмырзэ Беслъэн. Уарп деж щетlысэхащ Беслъэн и шынэхъыщlэри. Абы зы къуэ иlэт, Адэлджэрийкlэ еджэу.

Адэлджэрий и адэ къуэшым и къуэм Аслъэнджэрийкlэ еджэрт. Зэрысабий лъандэрэ зэфlтэкъым а тlур, лlыфlыгъуэ зэригъахуэртэкъым, щызэфlэнапи къэхъурт. Аслъэнджэрий щlалэ хахуэт, губзыгъэт, и лlыгъэрэ и хахуэгъэкlэ цlыхум яхэlуат. И адэ къуэшым и къуэм лlыгъэкlэ лъэщlэмыхьэми, Адэлджэрий щэныфlэт, гъэсат, щlалэ екlут. Аслъэнджэрий псори щышынэрт, Адэлджэрий зыпащl щыlэтэкъым - зэрыщэныфlэм, зэрыlэдэбым щхьэкlэ.

Абы тетурэ, беслъэнеипщ Къанокъуэ Етэч и шыпхъу тхьэlухуд Гуащэхужь и цlэр lуащ. Шэрджэсхэм я пщащэхэр цlыхум щагъэпщкlуркъым, я щхьэ хуитщ. Лъыхъу lэджэ хузэблэкlырт Гуащэхужь, ауэ зыми дэкlуэн идэртэкъым езы пщащэм. И дэлъхуми хигъэзыхьыртэкъым, и шыпхъум хуэфащэ псэлъыхъу яхилъагъуэртэкъыми.

Хьэмырзэ зэшхэм, Адэлджэрийрэ Аслъэнджэрийрэ, зэпаубыдащ пщащэ тхьэlухудыр. Гуащэхужь игу нэхъ ирихьыр Адэлджэрийт, ар езы пщащэм и дэлъхум и ныбжьэгъут. Аслъэнджэрий и адэр, Беслъэн, пщы уэлий цlэрыlуэт, урысхэм екlужауэ абыхэм я дежи щылъагэт и пщlэр. Апхуэдэ цlыхур жагъуэгъу пщlыным къикlыр къыгурыlуэрт, и дзэ хуэшырти, Етэч жэуап белджылы яритыфыртэкъым. Адэлджэрии, Аслъэнджэрии, и шыпхъури хигъэзыхьын мурад иlэтэкъым. Зэшитlым я кум къинащ Къанокъуэр. Аслъэнджэрий щхьэмыгъазэт, и жагъуэ пщlауэ къыпхуигъэгъунутэкъым. Тlуми я гум емыуэн щхьэкlэ, Къанокъуэм Аслъэнджэрий жриlащ: «Езыр арэзымэ, сыпэрыуэнкъым». Адэлджэрий жриlар нэгъуэщlщ: си шыпхъур ехьэжьи, лъэныкъуэ зегъэз. Ирихьэжьащ, и ныбжьэгъухэри хэлlыфlыхьащ а lуэхум, Аслъэнджэрийр фlыуэ ялъагъуртэкъыми.

Гуащэхужь Адэлджэрий игъэкlуэсащ, и дэлъхур арэзыуэ. Аслъэнджэрий сабэр дрипхъеящ, Адэлджэрий и ужь ихьащ, зэшитlыр зэрихьэлlэри уlэгъэ зэрыщlащ. Зэшхэр зэрагъэкlужын я гугъа щхьэкlэ, къикlа щыlэкъым: нэхъри бий зэхуэхъуащ, зэрымыукlауэ я пlэ итlысхьэжынутэкъым. Аслъэнджэрий хъийм щикlыпар и адэр, Беслъэн, дунейм ехыжа нэужьщ - и адэм зымащlэкlэ худичыхми, иджы зыщышынэж щыlэтэкъым. «Уи къуэшыр ифl къыихьэжыху, лъэныкъуэ зегъэз», - жраlащ Адэлджэрий. Апхуэдэ чэнджэщ къезытахэм едэlуащ: Къэбэрдейм игъэзэжри, Тэрч зэпрыкlащ, Шэшэным зыщигъэпщкlуащ. Адэлджэрий щыкlуасэм, Аслъэнджэрий абы и адэр иукlащ, урысхэм ар къызэрыхуамыгъэгъунур ищlэрти, Абэззэхэм зыщигъэпщкlуащ, бгым ихьэри. Ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, адрей къэбэрдейхэри зэбгрыжащ, ахэр зэщэр урысхэм япэlэщlэ зэрыхъунырт. Кlэщl зебгъэщlмэ, Гуащэхужь и зэранкlэ Уарп псыхъуэ нэщl хъуащ, Псыжь адрыщlыр абрэдж мин зыбжанэм зыlэщlаубыдащи, я плъапlэр урыс гъунапкъэрщ: зэуакlуэ, хъунщlакlуэ къожьэ, къэзакъхэри сэлэтхэри жэщи махуэи зэхэзехуэн ящl. Псыжь lуфэр зи быдапlэ къэзакъхэмрэ урысхэмрэ 1834 гъэм дзэпщ яхуэхъуащ генералыр, дзэр псым зэпришурэ бгырыс жылагъуэхэм ятоуэ, зэтрефыщlэ. Мафlэрэ lэщэкlэ игъэсабырын хузэфlэкlащ бгырысхэм я нэхъыбэр, зыпэмылъэщыр абрэдж шыщхьэмыгъазэхэрт, абыхэм нэхъ къахэжаныкlыр Жансит хьэжымрэ пщы цlэрыlуитlрэт - Аслъэнджэрийрэ ХьэтlохъущокъуэМыхьэмэтрэ. Зыбжанэ дэкlауэ, генералым и кlэн къикlащ: ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт уlэгъэ хъуат, и lэ ижьыр зэпаудати, lэщэ хуэгъэбзэжыртэкъым. И lэр игъэхъужын щхьэкlэ ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Тыркум кlуащ, ар щахэкlым Аслъэнджэрийрэ Жанситрэ ифl зыкъэрашэжащ, епсыхыжын мурад ящlащ, урысхэм къыпаубыдар къыхуащlэмэ - я пщылlхэмрэ унэlутхэмрэ, я lэщымрэ я мылъкумрэ иратыжмэ. Гуащэхужь и фlыгъэкlэ абы нэсащ а тlум я lуэхур...

Ло Мэмэтджэрийрэ сэрэ Жансит хьэжым и унэм дисащ, Аслъэнджэрий дыпэплъэрти: ар гъуэгу техьауэ къэтт, щlежьам дэ дыщыгъуазэтэкъым. Акъыл жан зиlэ цlыхут си бысымыр: дыздэуэршэрым гу лъызигъэтащ абы, дзыхь зыхузигъэщlын хузэфlэкlащ. Зыхэс хамэхэм яхэзэшыхьауэ гу лъыстащ, урысхэм екlужын мурад ищlауэ къысщигъэхъуащ. Жансит къызэупщlащ: укъаумысрэ шэрджэсхэм lэрыубыд уащlмэ, сыт блэжьыну уи мурадыр? Е сыкъаукlынщ, е сахэзэухьынщ, ауэ я lэмыщlэ зислъхьэнкъым - апхуэдэ жэуап естыжащ. Езыхэми абыкlэ сазэращыгугъым шэч къызэрытезмыхьэр къагурызгъэlуащ, тхьэ къысхуаlуэмэ, дзыхь зэрахуэсщlынури яжесlащ. Яжесlащ Къарэмырзэ зэшхэми тхьэ къысхуаlуауэ зэрыщытар. Жансит хьэжы игу зэгъащ ар щыжесlэм. «Си гъусэхэми тхьэ къыпхуаlуэн си гугъэщ», - къыщlигъужащ абы.

Махуитху дэкlри, Аслъэнджэрий къигъэзэжащ, ди lуэхум и ужь зэритар къыджиlащ, Шапсыгъым дыщыкlуэкlэ гъусэ къызэрытхуэмыхъуфынум и щхьэусыгъуэр ибзыщlакъым, зыщlыдгъурэ Курдыпс нэс дыдэкlуэмэ, зэригуапэр къыджиlащ: си деж фыщыхьэщlэнщи, фи гъуэгу фытехьэжынщ, хьэщlагъэ фэсха нэужь. «Куэдым сыкъыщацlыху сэ бгым, цlыхур къыдэпщlынурэ, лъэбакъуэ дагъэчынукъым, я нэр ттрагъэкlынукъым - ар фызыхуэмейщ», - къыщlигъужащ Аслъэнджэрий.

Тамбийм хэгъэрейрэ благъэрэ щикуэдт Шапсыгъым, Жансит хы lуфэм кlуэрейти, ар гъусэ сщlымэ, шэч къытхуащlынутэкъым. Шэч къыщысхуащlынур езы Аслъэнджэрий си гъусэмэщ. Нэгъуэщl къэбэрдей абрэджитlи гъусэ къысхуэхъунут - Щоджэнымрэ Маргъущымрэ. А тlуми мурад ящlат урысхэм екlужыну. Аслъэнджэрий и псалъэм дэбгъуэн щыlэтэкъым, и чэнджэщхэм шэч къытепхьэнутэкъым. Аслъэнджэрий гъусэ къыщытхуищlым генералым мыхъун илэжьауэ пхужыlэнутэкъым, згъэщlэгъуар къытщlэлъ гъуэгур зэрымытыншым, зэрыигъуэджэм ар зэремыгупсысарт. Шапсыгъхэм уахыхьэныр шынагъуэтэкъым, абрэдж хахуэ зыбжанэ гъусэ къытхуэхъумэ - апхуэдэущ генералым къызэрыщыхъуар.

Жэщыр хэкlуэтауэ, Жансит и унэм дыкъикlыжри, сыхьэтитl-щыкlэ гъуэгу дытетащ, нэхущым Аслъэнджэрий и жылэм дыдыхьащ: абы дэс псори къэбэрдей хьэжрэтт. Пщылlхэмрэ унэlутхэмрэ ерагъмыгъуейуэщ къызэрыдгъэушар, абыхэм къыджаlащ Аслъэнджэрий хьэщlэ хъушэ зэриlэр, хьэщlэхэм я нэхъыбэри зэрыабэззэхэр. Аслъэнджэрий игу ирихьакъым хьэщlэ зэриlэр. Ло Мэмэтджэрии сэри абэззэхэ хьэщlэхэм закъедгъэлъагъу хъунутэкъыми, лъэныкъуэ зедгъэзащ. Махуэ псом пщlантlэм дыкъыдыхьакъым, абэззэхэхэм закъедмыгъэлъагъун щхьэкlэ. Абэззэхэм сэ сыкъацlыхуртэкъым, ауэ Мэмэтджэрий фlыуэ къацlыхурт, уеблэмэ лъыкlэ и бий къахэкlынкlэ хъунут. Лlыжь гуэрым шхын къытхуихьащ - дигъэмэжэлlакъым. Мэмэтджэрий зэи тlэуи щlэупщlащ: сыт къаухэсыр хьэщlэщым ис абэззэхэхэм? Лlыжьым зыри къыпытхакъым. Зыщ лlыжьым къыджиlар: абэззэхэ тхьэмадэхэм зэхахащ Аслъэнджэрий урысхэм екlужын мурад ищlауэ. Пцlы къыфхуаупсащ - арат Аслъэнджэрий къажриlэр. Арат дызэрызэгурыlуар: бгым сыкъикlыжыху, зыми ищlэн хуейтэкъым Аслъэнджэрий генералым епсэлъауэ, Уарп lэпхъуэн муради ищlауэ. Дапщэрэ емыупщlами, лlыжьым нэгъуэщl жэуап къыпихакъым Ло Мэмэтджэрий. Лlыжьым и жэуапымкlэ игу зэгъауэ къыпфlэщlынут Мэмэтджэрий - абы тетащ пшапэ зэхэуэгъуэ хъуху. Схуэшэчыжакъым, сеупщlащ: «Сыт узыгъэгумэщlыр?»

- Дзыхь яхуэсщlыркъым къэбэрдейхэм, бзаджэщ, укъагъэпэжынукъым. Сэ соцlыху ахэр. - Нэгъуэщl къыпысхакъым Мэмэтджэрий.

lэщэ тlыгъщ, дишхэр бом щlэтщ. Пшапэр зэхэуа нэужь, Мэмэтджэрий къызэlущэщащ:

- Дыгъэкlуасэ, зытlэжьэ хъунукъым.

Ар згъэщlэгъуащ: сыт дыщlэкlуэсэнур, дэнэ дыздэкlуэнур?

- Ди щхьэр хэтхын папщlэщ дыщlэкlуэсэнур. Дыздэкlуэнур пщlэркъэ: Псыжькlэ дунэтlынщ.

Мэмэтджэрий акъылэгъу сыдэхъун щхьэкlэ хэзгъэзыхьащ: сыт хуэдэ шынагъуэ къытпэплъэрэ - нэхъ гурыlуэгъуэ къысщыщl. Сэ тенджыз lуфэм сокlуэ, сыщlикlуэтыжын щхьэусыгъуэ слъагъуркъым. Сэ псалъэ стащ, си псалъэм сепцlыжрэ згъэзэжмэ, си пщэ къралъхьар сымыгъэзэщlауэ аращ, абы и ужькlэ Аслъэнджэрий дзыхь къысхуищlыжынукъым, урысхэми дзыхь кърагъэзыжынукъым, ар жагъуэгъу къытхуэхъумэ, зи лажьэр сэрауэ жаlэнущ. Аркъудейкъым жаlэнур: си пщэ кърахьар зэрысхузэфlэмыкlаращ бгырысхэмрэ урысхэмрэ яку къиихъуэ хьэлэбэлыкъ псори къызэрыкlыр. Схуэфащэ-схуэмыфащэми, аращ къысхужаlэнур. Абы къыпидзыжын игъуэтакъым Мэмэтджэрий. Къэбэрдейхэм дзыхь яхуимыщlынумэ, езым и lуэхужщ, и тхьэ зэреплъщ. Сэ си гъуэгум дэздзыхыж хъунукъым - аращ жесlар Ло Мэмэтджэрий.

«Уззэрегуакlуэщ, - жиlащ Мэмэтджэрий. - Сыщlалэщ, си щхьэр хэзмылъхьэмэ, нэхъ къэсщтэнущ».

***(Кlэлъыкlуэр 4-нэ нап.).***

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.).*

# Си нэгу щIэкIаращ сэ стхыжар

## Барон Торнау Фёдор и гукъэкIыжхэр



Жэщым, сыхьэт пщыкIузым деж, Аслъэнджэрий къытлъыгъуэзащ, Жансит, Тамбийр, Щоджэныр, Маргъуэщыр къыздыщIигъури. Нэху мыщ щIыкIэ дышэсын, нэхущым Щоджэным и унэм дынэсын хуейт. Абы дыщежьэмэ, махуэми дытет хъунут гъуэгу, сэ сыкъэзыщIыху абэзэхэ е Мэмэтджэрий и жагъуэгъухэм ящыщ куэдым дыIууэкIи дышынэнутэкъым. Зи цIэ къисIуахэм нэмыщI, нэгъуэщIитIи къытщIигъуащ Аслъэнджэрий, ахэр анэмэт къысхуищIащ, дыщIежьар къыдэхъулIэмэ, урысхэм я пащхьэ сакъыщыщхьэщыжын щхьэкIэ. ЗыгуэркIэ шэч хуэсщIауэ къыщыхъуагъэнщ жызоIэ: Iэджэм сригъэдэIуащ, чэнджэщ къызитащ, хуэсщIэр зэрыщымыгъупщэнумкIэ тхьэлъанэ ищIащ. Лъэрыгъыпсыр иубыдри, сигъэшэсыжащ Аслъэнджэрий, ар къытемыхуэ пэтрэ.

Уанэгум сыздисым сигу къэкIыжащ Ло Мэмэтджэрий къызихьэлIа чэнджэщыр: «ДыгъэкIуасэ». Мэмэтджэрий акъылэгъу сызэрыдэмыхъуам сыщыгуфIыкIырт иджы - уанэгум сыздисым. Аслъэнджэрий и псалъэ IэфIхэрат, дауи, нэжэгужэ сыкъэзыщIар. Шынагъэ лъэпкъ сигу къэкIыжыртэкъым, шу гъусэхэм саздыбгъурытым.

Си тэрмэшыр, Ло Мэмэтджэрий, сибгъукIэ щытт, а зырат урысыбзэкIэ псэлъэгъу сщIыфынур.

Мазэгъуэ жэщщ. Куржыпс бжьэпэм дытетурэ докIуэ. Сыхьэтит1 хуэдэкIэ зыми дыщрихьэлIакъым гъуэгум. Мэзым дыщIэкIри хуейм дихьащ. Хуейм шэрджэс шууитI дащрихьэлIащ. ШууитIыр гъуэгум текIуэтащ. ТекIуэтауэ, дэ дащыблэкIынум къыпоплъэ. Мэмэтджэрий щIопщыр къигъэIэгъуащ, абы хуэмыныкъуэ пэтрэ. И нэкIур IэщхьэкIэ щIиуфащ Мэмэтджэрий. ЗыхуезгъэзэкIри сеупщIащ: «Уи нэкIур щхьэ щIэбуфэрэ?» Хуейм щиувыкIа шэрджэситIым я зыр Мэмэтджэрий къеджащ, и цIэр жиIэри. «Темботщ ар, - жиIащ Мэмэтджэрий. - СыкъицIыхужащ, къызоджэ, фымышынэ, си хэгъэрейщ ар. ПцIы гуэр хуэзупсынщи, сыныфлъэщIыхьэжынщ. Фэ фынакIуэ». Жансит хьэжыи ди ужь зыкъригъэнащ. Тамбийр, Щоджэныр, Маргъуэщыр сяпэ итщ. Мэзым дыщIыхьащ щIэх дыдэ. Тамбийм урысыбзэ ныкъуэкIэ къызжиIащ Лом мэзым дыщыпэплъэн зэрыхуейр, дызэфIэмыкIуэдын щхьэкIэ. Мэзым дыхыхьа нэужь, шэрджэсхэр епсыхащ, шыныбэпхыр щIакъузэж защIащ. Сэ сепсыхакъым, уанэгум сыздисым лулэм тутын изогъэщащэ. Тамбийр къызбгъэдэкIуэтащ, шыныбэпхыр щIэскъузэжыну къызжиIащ, бгым дихьэн хуейуэ къытщIэлъти. Шы лъэмакъ зэхэсхащ асыхьэтым, зыгуэр шэрджэсыбзэкIэ къэкIиящ: «Убыд!» КIий макъыр къыздиIукIамкIэ зыщезгъэзэкIым, уанэгум сыкърачащ, си къамэри япхъуэтащ. Сыкъэщтащ, ауэ сыкъэшынауэ къезгъэщIакъым. НапIэзыпIэщ хэлъар: си Iэщэр скIэраудащ, си Iэр ираIуэнтIыкIри, си щIыбымкIэ щапхащ.

- Ахъшэмрэ уи сыхьэтымрэ къащтэ мыдэ! - къысщIэгубжьащ шэрджэсхэр.

- Зыри фэстынукъым, - жысIащ сэ. - Iэ фпытщ.

Сыкъащащ, си сыхьэтыр яIэрыхьащ, си гуфIакIэ жыпым илъ ахъшэр сIэщIагъэкIа нэужь, мэзым сыкъыхашащ. Хуейм срашэри:

- ТIыс! - къысщIэкIиящ къэбэрдейхэр.

СемыдэIуэн слъэкIакъым, си къарум къихьыжын щыIэтэкъым. Си щIыб къыдэуващ къэбэрдейхэр, Iэщэр къызэрыстраубыдар фэкIэ зыхызощIэ. СаукIын си гугъащ, дауи. Аращ, жысIащ сигукIэ, абэзэхэхэм я деж сыкъыщIашар. Я тIасхъэ си щыпэщIэхтэкъыми, абэзэхэхэм я деж сашэрэ абыхэм я пащхьэ сыщаукIмэ, я пщIэр нэхъ лъагэ хъунут. Илъэс тIощIрэ хырэ фIэкIа къыумыгъэщIауэ дунейм уехыжыныр хъуэпсэгъуэкъым, итIани, лIыгъэм зезгъэхьынщ, къэрабгъафэ зрезгъэплъынкъым.

Фий макъ щызэхэсхащ си щIыбагъкIэ, мэзми къыхэIукIащ фий макъ. Шы лъэмакъи зэхэсхащ. Дакъикъэ зытхух нэхъ дэкIакъым: Ло Мэмэтджэрий си пащхьэ кърашащ. Ар фагъуэт, и фэр пыкIат. Ар Темботрэ нэгъуэщIитIщымрэ къаувыхьат, фочыр къытраубыдауэ.

- Зыри схузэфIэкIыжакъым. Сытыт сыбгъэщIэнур? - жиIащ Ло Мэмэтджэрий. - КъызэплъэкIи, къыбгурыIуэнщ.

СызэплъэкIащ: Ло Мэмэтджэрий и бгъэгум фочиплI къраубыдат.

- Сытыт схузэфIэкIынур? - къызэплъащ Ло Мэмэтджэрий. - Зы псалъэ закъуэкIэ сыкъыпщхьэщыжмэ, си пIэ сыкърагъэкIынукъым. Псыжьи сызэпрыкIыж хъунукъым: генералым и фIэщ сыхъунукъым, укIыпIэ уисшауэ жиIэнурэ си щхьэр пригъэлъэнущ. Къуаншагъэ збгъэдэлъкъым. Къэбэрдейхэм дыгъуасэ унафэ ящIакIэт уэ уаубыдын щхьэкIэ, сэ саукIын хуейуэ. Тамбийр къысщхьэщыжащ. Гъуэгум къыщытпэплъащ ар. Абы деж махуэ зыбгъупщIкIэ сыщаIыгъынущ - къэбэрдейхэм я Iэщымрэ я унагъуэхэмрэ урысхэм пэIэщIэ ящIыху.

- Сэр щхьэкIэ зыщIебгъэукIын щыIэкъым, - жесIащ Ло Мэмэтджэрий. - Уи щхьэр псэууэ зэрахэпхыным иужь ит, ауэ зыщумыгъэгъупщэ закъуэ: къэбэрдейхэм фэ, абэзэхэхэр, фызэрапэсыркъым. Генералым узэхищIыкIынущ, бгъэзэжмэ: сэ шэч къытесхьэркъым уэ лажьэ узэримыIэм. Лажьэ узэримыIэр хуэстхыжынщ генералым.

Мэмэтджэрий къэбэрдейхэм ягуригъэIуащ си псалъэр. Темботыр акъылэгъу хъуащ абыкIэ, ауэ махуипщI дэмыкIауэ ятIыпщыжынукъым. Мэмэтджэрий къызагъэуэпщIащ:

- Дапщэ щхьэ уасэр?

- Щхьэ уасэ гуэри фытеплъэнукъым! - жысIащ сэ.

Си псалъэр яхузэримыдзэкIмэ нэхъ къищтат Мэмэтджэрий, сэ хуэздакъым армыхъу.

- Деплъынщ! - жэуап къызатыжащ къэбэрдейхэм. - Гъуэгу къытщIэлъщ, итIанэ дытепсэлъыхьынщ абы.

Ло Мэмэтджэрий Тамбийм гъусэ хуащIащ. Сэ шым сытрагъэтIысхьащ, сапхри срахьэжьащ. Зы псалъи зэхызагъэхакъым сыхьэт хуэдэкIэ, Куржыпс псыхъуэ сыдахьауэ срахьэх. Чыбжэгъу унэ цIыкIу срахьэлIащ, шым сыкърахьэхри, унэм сыщIашащ. Ар Тамбий Аслъэнбэч и хьэщIэщт, абы сыщаIыгъащ, сакъыIэщIэкIыжыху. Къэбэрдейхэм сыщаубыдар сентябрь мазэм и бгъумрэ и пщIымрэ я жэщыр.

* * *

ТХЬЭМЫЩКIЭ гуэрым ей къыпфIэщIынут Тамбийм и хьэщIэщыр: уи нэм къыфIэнэн щIэслъэгъуакъым. УнэIут лIыжьыр жьэгум дэсщи, мафIэр хузэщIэгъанэркъым. Зэзэмызэ зыкъегъазэри, сызэпеплъыхь лIыжьым. ЗытеспIэ хъунрэ хьэуазэ зэрылъ къэпрэ къысхуихьащ унэIут фызым. Тамбийм игу къысхуэфI хуэдэщ - гугъу уедгъэхьащ, зыгъэпсэху жеIэри щIокIыж, къыщIыхьамэ. ХьэщIагъэ къызах хуэдэщ - я нэр страгъэкIыркъым. Дызэзауэурэ саубыдакъым, сагъэщхьэрыуэри саубыдащ - арагъэнщ хьэщIэм сыщIыпащIыр. Сыщаубыдар я хьэщIэщракъым, зэуапIэращ. Я хьэщIэщ сихьауэ саубыдынутэкъым - хьэщIэм лей ирахынукъым шэрджэсхэм, а хабзэм ткIийуэ тетщ.

Уи нэгу къыщIэбгъэхьэфынущ япэ жэщым си гум щыщIар: си нэбдзыпэ зэтеслъхьакъым. Сыт си Iэмалыр, дауэ сызэрыкIуэсэжынур - абы сегупсыскIэ хэкIыпIэр слъагъуркъым. ЩIэх сызэрымыкIуэсэжыфынур къызгуроIуэ - абы зыхуэгъэхьэзырын хуейщ. Тамбийри нэху къыщекIащ сэ сызыщIэлъ хьэщIэщым. Бэчыр, унэIут щIалэм, жэщ псом хузэщIэгъэнакъым жьэгу мафIэр, лъэкI къимыгъэнауэ фэ зытригъэуами.

Iэнэ къысхущIахьащ. Аслъэнбэч игу къеуэу фэ тетт: пхуэфэщэн хьэщIагъэ зэрозмыхыфыр уи жагъуэ умыщI, псори зи лажьэр урысхэращ - си мылъкуи, си пщылIи, си Iэщ хъушэхэри страхри, Къэбэрдейм сыкърахуащ.

Аргуэруи къызэупщIащ: «Дапщэ уэр щхьэкIэ урысхэм ягу пыкIынур?»

- Зы соми къысщIатынукъым, - жысIащ сэ.

- Ар нэхъыкIэщ. УкIуэсэжыфынкIэ умыгугъэ.

ТIуми ди щхьэм имыкIыр зыщ: сэ - дауэ сыкIуэсэжа зэрыхъунур: Тамбийм - дауэ нэхъыбэ къазэрыIэщIэзгъэкIыфынур? Махуищ дэкIащ, ди псалъэр абы фIэмыкIыурэ. Пасэрей уэркъ лъэпкъыжь къызэрыхэкIам иригушхуэрт Тамбийр. КъызэупщIащ: «Узэрыофицерыра уэркъым ущIыпащIыр хьэмэ уэркъ лъэпкъым укъыхэкIа?» Ди лъэпкъыр Iэджэ щIауэ зэрыуэркъыр щыжесIэм, и гуапэ хъуагъэнущ, нэ лейкIи къызэплъ хъуауэ къысфIэщIащ иужькIэ.

Аслъэнбэч гъуэгу техьэн хуейти, Бэчыр и адэм, Мырзэхъай, къалэн къыщищIащ: «Ди кIэсым уи нэIэ тумыгъэкI». ГъущI кIапсэ зэрыдза кърaлъхьащ си лъакъуэм. Ар сигу техуакъым - сажьэхэлъэн хьэзыр сыхъуат. «Щхьэ зыпхъунщIэрэ: утIэщIэкIыфын уи гугъэ? Уэ уи закъуэщ, дэ куэд дохъу - лъэмбытI уэдгъэчынкъым».

Си лъакъуэм лъэхъу кърალъхьакIэ зэфIагъэкIакъым, пщэхъуи кърадзащ си пщэм. И щIалэгъуэм Мырзэхъай Астрэхъан кIуэрейуэ щытащ, къызэрызжиIамкIэ. Абы и щхьэгъусэ фызыжьыр къысхуэгумащIэу къысщыхъуащ, и нэIэ стригъэт зэпытт, ху пIастэрэ шхурэ сыщигъащIэртэкъым. Бэчыри цIыху хьэлэлыфэ, цIыху гумащIафэ есплъащ, абы и шынэхъыщIэр, Мыхьэмэт, нэгъуэщIт: тэмакъкIэщIт, IэубыдыпIэншэт, молэ къулыкъум щIэбэгрэ пэт. Ахэр сигу къыщIэзгъэкIыжыр илъэситI нейкIэ я IэмыщIэ сызэрилъарщ, зы махуи стемыплъэкъукIыу. Сыкъыщрагъэчыным сыщынагъэсаи къэхъуащ, я нэр страмыгъэкIыурэ.

Тамбийм къигъэзэжащ, и нэгу зэхэуауэ. Генералым деж си хъыбар нэсыху, къэбэрдейхэм я Iэщыр бгым щагъэзэгъащ. Ахэр къызэрысхущIэкIам щыгъуазэ хъуакIэтэкъым генералыр. Къарэмырзэ Тембулэтщ хъыбар езыгъэщIар: «Къэбэрдейхэр къопцIыжащ, щхьэщэхужыпщIэм щогугъ». «Дыщэрэ дыжьынрэ ятескIутэн я гугъэмэ, къопцIэ. ЯтескIутэнур бдзапцIэрэ топышэрэщ!» Апхуэдэ жэуап пэплъатэкъым Тамбийр, арат щIызэхэуар.

Псыжьрэ Щхьэгуащэрэ я тIуащIэм дэс шэрджэсхэр игъэсабыра нэужь, бгым ихьэн мурад ищIащ генералым. Абэзэхэхэм уащыпэлъэщынур бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэт - пщIащэр лъэлъэжауэ абэзэхэхэм мэзыр гъэпщкIупIэ щахуэмыхъужым деж. Щхьэгуащэ узэпрыкIыну хьэлъэтэкъым бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ. Ар щхьэусыгъуэ яхуэхъуурэ, абэзэхэхэр бгым ихьэрт, гъэмахуэм псыр къаймэщIэкIырти, бгым къикIыжын хуей хъурт - я Iэщымрэ мэл хъушэхэмрэ зэтрамыгъэлIэн щхьэкIэ.

Тамбийр къэкIуэжри махуитI-щы дэкIауэ, жылэр зэрызехьэ хъуащ: зэрогъэкIий, джыдэ макъ зэхызох. КIыфI хъуа нэужь, жылэр зэщIэтэджащ. Сэ выгум срагъэтIысхьащ, Тамбийм и сабиитIи къызбгъурагъэтIысхьащ - зы щIалэ цIыкIурэ зы хъыджэбз цIыкIурэ. Аслъэнбэч и щхьэгъусэмрэ унэIут фызитIрэ зэрыс выгур дяпэ итщ. ВыгукIэщ жылэр зэрыIэпхъуэр, сэ сымыщIэр дыздэкIуэрщ. Бжьыхьэку мазэщи, щIыIэщ, IэпцIупцIущ сызэрыхуэпар, щIыIэм сесри сокIэкуакуэ.

Нэхущым деж, къуэ куу дыдыхьауэ, дыкъэувыIащ. Мэзым дыщIэтщ. Сэ жыгым срапхащ, абдеж махуипщI щызгъэкIуащ, щIакIуэжь стеубгъуауэ. Чы-бжэгъу унэ зэфIадзэ, ежауэ. Iугъуэм уигъэлъагъур мащIэщ, Iугъуэмэм уегъапсчэ. Зигу къысщIэгъуар Мырзэхъай и фызыжьырщ: фо хэкIауэ шэ пщтыр сригъэфащ абы, ар сэбэп хъуагъэнти, щIыIэ узыр спкърыкIауэ къысщыхъуащ.

БжьыхьэкIэ мазэмрэ щIымахуэпэ мазэмрэ абэзэхэхэр игъэзэгъакъым генералым. Зы жэщи нэху згъэщагъэнкъым, кIий-гуо макъ зэхэзмыхауэ: «Урысхэр къокIуэ!» Абэзэхэ цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ мэзым зыща-гъэпщкIу, цIыхухъухэр урысхэм япоув...

Дыгъэгъазэм и кIэм Тамбийм хъыбар сигъэщIащ: Аслъэнджэрийрэ Жансит хьэжымрэ къопсэлъэнущ. Зыбжанэ щIат ахэр зэрызмылъагъужрэ. Тамбийм фIэфI хъуагъэнутэкъым Аслъэнджэрийрэ Жанситрэ къызэрыскIэлъыкIуар: хьэзаб зэрыстригъэлъыр ялъагъунущ, ар къыхуамыдэнкIэ мэхъу модрей тIум. Сызэрыщыгъыныджэр ялъагъумэ, я нэхэр Тамбийм къыхузэрагъэдзэкIынкIэ мэхъу, арагъэнщ Аслъэнбэч сыщIригъэхуэпар.

Аслъэнджэрий и гуапэ хъуауэ къысфIэщIащ сыкъызэрилъэгъуар. Дыщызэхуэзэнур нэгъуэщI къэбэрдей гуэрым и хьэщIэщрати, хьэщIэщым сыщихьэм, псори къэтэджащ, сэ сытIысыхуи я пIэ изэгъэжакъым. Тэрмэш къытхуэхъуар шэрджэсхэм я деж кIуэсауэ щыта къэзакъщ. БрагъункIэ еджэрт абы. Тэрмэшым къызэрызгуригъэIуамкIэ, Къарэмырзэхэ анэмэт къыхуащIат генералым и тыгъэхэр: тутын, шей, фошыгъу, фэ кIагуэ. Аслъэнджэрийрэ Жанситрэ я нэ къызыхуикIар генералым и тыгъэм щIыгъу тхылъымпIэрат, ар нэмыцэбзэкIэ тхати, зыми къыгурыIуэнутэкъым. ТхылъымпIэр Iэджэм ирагъэлъэгъуащ - къеджэфаIакъым. ТхылъымпIэм итыр ящызбзыщIмэ, си Iуэхур зэрекIуэкIынур къызжаIащ Аслъэнджэрийрэ Жанситрэ.

Генералым къысхуитхащ: умыгужьей закъуэ, щхьэщэхужыпщIэ зэрумытынур яжепIэмэ, абы щымыгугъмэ, уаукIынкIэ мэхъу.

ЯжесIащ: «ЩхьэщэхужыпщIэ къывитынущ генералым, евмыгъэлеймэ». Тамбиймрэ Жанситрэ ечэнджэщри, Аслъэнджэрий къызжиIащ генералым жэуап естын хуейуэ: удутIыпщыжынщ, ди пщылIхэр ди IэмыщIэ кърალъхьэжмэ, е дыжьын ахъшэм щымысхьмэ. Ахъшэр зыхуэдизынури къызжаIащ. КъызжаIар сфIэкуэдыIуэ хъуащ сэ - зыхэзгъэзэгъакъым. Дыщызэгурымыуэм, Тамбийм Аслъэнджэрий хьэщIэщым щIишащ. А тIур щыщIэкIым, Жансит и псалъэр къызгуригъэIуащ тэрмэшым: мыпхуэдэ хьэзаб узэрыхэхуэнур сщIатэмэ, удукIын хуеящ - ар нэхъыфIт уэркIэ. Сыт си Iэмал: Темболэт си хэгъэрейщ, сыфIолIыкI абы, хуэпщIам сыщыгъуазэщ, езыми ущыгъупщэркъым. Къарэмырзэм къысхуищIэфынумкIэ Жансит сеупщIыну сыхунэсакъым - Аслъэнджэрийрэ Тамбиймрэ хьэщIэщым къихьэжащ. Къытрагъэзэжурэ къызоупщI: «Дапщэ генералым къыпщIитыфынур?» Дыжьын ахъшэ къызэрысщIамытынур яжесIащ Аслъэнджэрийрэ Тамбиймрэ. Урысхэм яубыдауэ яIыгъ шэрджэситI-щыкIэ сыкъахъуэжынкIэ мэхъу - аращ зыщызгъэгугъыр. Си псалъэр и тхьэкIумэ иригъэхьакъым Аслъэнджэрий. Тамбийрат акъылэгъу къыздэмыхъуххэнур: «Урысхэм къызащIам ущыгъуазэщ, урысхэм къызащIаращ сэри уэсщIэнур». Ар си нэгу щIагъэкIащ щIэх дыдэ: генералым и тыгъэхэр стрэхащ, Iэпхлъэпх сащIыжащ, хугу пIастэрэ шху гуащIэрэщ къызапэсыр. Тамбийм губгъэн къыхуэзыщIаи къахэкIащ абэзэхэхэм: Iэпхлъэпх пщIауэ шыгъушыпсым хэбгъэсщ кIэсыр, ар ди диным къезэгъыркъым, Алыхьым игу къобгъэнщ...

Генералыр зыгъэпсэхуакIуэ ежьауэ зригъэхьэлIэри, Къарэмырзэ Тембулэт Аслъэнджэрий зыкъыIуигъэщIащ. КъыжриIащ: «Уи фейдэ къыхэкIынущ, Iэрыубыд фщIар къэвутIыпщыжмэ. Уи пщылIи къинэмыщIи къуатыжынщ, ар пщIэмэ. ЩхьэщэхужыпщIи къуатынкIэ мэхъу». Генералыр Псыжь щыIэху, апхуэдэ псалъэмакъ и тхьэкIумэ иригъэхьакъым Аслъэнджэрий - абэзэхэхэм къыхуамыдэнкIэ шынащ. Генералыр ежьащ, иджы уелъэIу хъунущ Кавказым и тетым - барон Розен. Сэ акъылэгъу сыхъумэ, апхуэдэ мурад ищIат Къарэмырзэм, арат Аслъэнджэрий къыщIыкIэлъыкIуар. Сэрат псори зэлъытар: сыарэзы абыкIэ? Хуэстхын тетым? Хуэстхмэ, езы Къарэмырзэм Iэригъэхьэнут тетым. Ар Аслъэнджэрий къыжриIэн щхьэкIэт къыщIэкIуар. Тамбийм зихъунщIащ, итIани дичыхащ - Къарэмырзэм дзыхь иригъэзащ. Махуэ гъуэгу техьащ езыр, Къарэмырзэм сыкъыхуигъанэри. Абы и чэнджэщкIэ Кавказым и тетым си лъэIур хуэстхащ, ауэ абы и жэуап къысIэрыхьэжакъым, Къарэмырзэми щIэх срихьэлIэжакъым. Сэ шэч къытесхьэркъым: Къарэмырзэр зылъежьа Iуэхум къикIаIакъым, зылъежьар къехъулIатэмэ, хъыбар сигъэщIэжынт.

Арат хузэфIэкIри, Тамбийм си щхьэр шыпсэкIэ иудэгурт, абыкIэ къыспихынур сщIэрт: узыхэмытыном ухэмыт, уи гур гъэфI, щхьэхуит ухъужынущ щIэх дыдэ. Шхын сыщигъащIэртэкъым: сымышхэурэ сыкъыIэщIэлIэмэ, щхьэщэхужыпщIэм хэкIыжащ. Езыр зэтехуащи, сэ къысщIихыращ зыщыгугъыр. «Тембулэти, Аслъэнджэрии, Жансити уемыдаIуэ, сэри седаIуэркъым а хьэгъапхъэхэм», - жиIэрт Тамбийм.

КIэс сызэрыхъуамкIэ Тамбийм игъэкъуаншэр Жансит сымэт, ахэрауэ жиIэрт псори зи лажьэр.

* * *

МЭЗЫМ къыщIэкIри, ежьащ цIыхур, Куржыпс псыхъуэкIэ драгъэзеяуэ. Сэ выгум срагъэтIысхьащ. Си ужь ит выгум Гуащэнысэ ист, сабиитIри щIыгъут. Къэбэрдей абрэджхэм гъусэ дахуэхъуакъым дэ, абэзэхэ мэзымкIэщ здэдунэтIар. Аслъэнджэрийрэ Жанситрэ ящыIеяти, абэзэхэ тхьэмадэ Даур Алимджэрий деж екIуэлIэн мурад ищIат Тамбийм - ахэр зэрыжыIэмыдаIуэр щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ жиIэрт. Барон Розен къигъэгугъат ахэр: «Фи пщылIхэр фэттыжынщ, кIэс фщIар къэвутIыпщыжрэ Урысейм и IэмыщIэ зифлъхьэмэ». АбыкIэ арэзыт Аслъэнджэрийрэ Жанситрэ. Ар игу техуакъым Тамбийм, сиутIыпщыжын мурадэ иIэтэкъым, арат Даур Алимджэрий деж щIэкIуэр.

Даур Алимджэрий и жылэр мэзым хэст - Куржыпсрэ Пшехэрэ я тIуащIэм. Дыгъэр къуэмыхьэ щIыкIэ дынэсащ а жылэм. Алимджэрий къытщыгуфIыкIащ, хьэщIэщым дыщригъэблэгъащ. И хьэщIэщ сыщришакIэ, кIэсутэкъым Алимджэрий сызэрилъытар, хьэщIэут. Апхуэдэут Алимджэрий къыхуеблагъэ бгырысхэми сызэралъытэр - шапсыгъхэми убыххэми: абыхэм я нэхъыбэр къыщIэкIуэр сэ сыкъалъагъун щхьэкIэт, си хъыбар зэхахати. Аркъудейкъым: стхыIамэ, урысхэм Iэрагъэхьэрт, тутын, шей, къинэмыщI гуэрхэри къысхуахьырт, Тамбийм зыкърамыгъащIэурэ.

Дзыхь къыстрищIэртэкъым Тамбийм, и пщIыхьым хэмыкIыр сэрат, сыкIуэсэжын е сыкIэщIадыгъукIын къыфIэщI зэпытт. Езым и унэмрэ Алимджэрий и унэмрэ я зэхуакум гъуэмбырэщ дигъэуващ Тамбийм, ар сэ егъэзыпIэ схуищIащ. Махуэми жэщми сыкъыщIигъэкIыртэкъым гъуэмбырэщым. Дыгъэр къыщIэпсэртэкъым абы, сызэрыбэуэн жьыри схурикъуртэкъым. Зы хьэ бзаджэ гъуэмбырэщым кърипхащи, си лъэмакъ къудейм къыдоуш. Хьэ къарэжьыр хуэм-хуэмурэ зэзгъэсащ, къысхуимылъыжи хъуащ.

СызэрыIуэхуншэращ нэхъ къызэхьэлъэкIыр, абы делэ уихъукIыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Дунейм теткъым си щхьэм къимыхьэ, сигу Iэджэ къокIыж, Iэджэм согупсыс. Нэхъ сызэрытригъэунур сщIэрти, пхъэм зыгуэрхэр къыхызощIыкI. Зей баш сщIати, ар нэхъ ягу ирихьащ шэрджэсхэм.

Алимджэрий и унэхэм пэжыжьэтэкъым гъуэмбырэщыр, сабийхэмрэ цIыхубзхэмрэ я макъыр зэхэсх зэпытщ, ауэ езыхэр слъагъуркъым, гъунэгъуури къызбгъэдыхьэркъым. Тамбийм и сабийхэр къызэсагъэжьт, абыхэм щапхъэ трахащ Даур Алимджэрий и пщIантIэм дэт сабийхэми. Зы хъыджэбз цIыкIур къызэсэпащ, си деж къыщIыхьэ хъуащи, зыкъысщидзеижыркъым. ЦIыхубзхэри хуэм-хуэмурэ къызэсащ, гъунэгъу зыкъысхуащIри къыздоуэршэр. Нэхъ щIэх-щIэхыурэ къыс-кIэлъыкIуэр Алимджэрий ипхъу Гуащэхужьрэ и унэIут Хъанрэщ. Зы дакъикъэ яхущIыхьакъэ - тIури къос си деж, IэджэкIэ къызоупщI, хъыбар къысхуаIуатэ, джэдыкIэ игъэвыкIауэ, мэракIуэ, тутын къысхуахь, я ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэри къыздашэри, уэрэд къызжаIэ, сызэрытрагъэуным хэтщ. Илъэс пщыкIутIым итт Гуащэхужь, нащхъуэ дахэкIейт. Хъан абы нэхърэ илъэсищкIэ нэхъыжьт, ар балигъыпIэ иувауэ плъытэ хъунут. А тIум ещхьтэкъым Нэкъиж - Тамбийм къызигъэувэлIауэ зи нэр стезымыгъэкI щIалэ угъурсызыр. Гуащэхужьрэ Хъанрэ мыхъуатэмэ, псы щхьэкIэ сигъэлIэнт Нэкъиж, мафIи схузэщIигъэнэнтэкъым. КъыстеплъэкъукIыртэкъым - а зырат зыхуэфIыр. Сымылъагъуххэмэ, нэхъ къасщтэрт: апхуэди къыхэхуэрт - Нэкъиж дыгъуакIуэ щежьэм деж. Апхуэдэ хьэл мыгъуэжь хэлът Нэкъиж.

Iэхъулъэхъур щрахи щыIэти, къэскIухьынумэ, хуит сыхъурт. Жылэм сыдэкI хъунутэкъым - ар къысхуадэнутэкъым. КъыщыскIухьыр жылэ кIуэцIырт. Зыкъызимыгъэлъагъу щхьэкIэ, Нэкъиж къыскIэлъыплъ зэпытт, лъэбакъуэ лей счамэ, жылэр зэщIигъэстынут, кIий-гуоуэ.

Алимджэрий и къуэш сымаджэр зыщIэс унэр спэжыжьэтэкъым. АбыкIэ сыкIуауэ, хъыджэбз цIыкIу слъэгъуащ. Абы нэIуасэ сыхуэхъуатэкъым иджыри къэс. Гуащэхужь сеупщIащ: «Хэт ар?» КъызжиIащ ар зэришыпхъур: я адэр зыщ, я анэхэр зырызщ. Хъыджэбз цIыкIум и анэр дунейм ехыжат, и анэшыпхъум деж кIуэурэ абы къыщыщыгувэ куэдрэ къэхъурт, еджэкIи тхэкIи ещIэ (тыркубзэкIэ; езы абэзэхэхэм тхыбзэ яIэтэкъым, и адэм зыпищI щыIэтэкъым ар, и гъэфIэнт, езы Гуащэхужьи фIы дыдэут зэрилъагъур. Хъыджэбз цIыкIум нэIуасэ зыхуэсщIащ. Аслъэнкуэз - арат Алимджэрий ипхъу нэхъыжьым и цIэр - абэзэхэбзэ зэрызмыщIэрт игу къеуэр, сигъэщIэнуи пылъащ.

А псор сигу къыщIэзгъэкIыжыр гурыIуэгъуэщ: сигу имыхужын куэд ядэслъэгъуащ а зэманым нэIуасэ сызыхуэхъуауэ щыта абэзэхэхэм - ноби си нэгу щIэтщ ахэр, зэи сщыгъупщэжынукъым.

* * *

ГЪЭМАХУЭР и кIэм нэблэгъауэ гу лъыстащ Тамбийр егъэлеяуэ нэжэгужэ зэрыхъуам. Сэ шэч сщIащ: щхьэщэхужыпщIэр къыщыIэрыхьэну махуэр къэблэгъагъэнщ, сэ зыри къызжимыIэми. ЩхьэщэхужыпщIэм щызыгъэгугъын гуэри и тхьэкIумэм къиIуащ, дауи. Сэ зэхэсхащ: пащтыхьыр Кавказым къэкIуэнущ, абы поплъэ псори. Апхуэдэ хъыбар щызэхэсхым къызгурыIуащ: Тамбийр жыжьэ маплъэ, си щхьэщэхужыпщIэм еблэжынутэкъым, сыт япиубыдми, къыIэщIалъхьэнущ. Аслъэнкуэз щогугъри, ари и IэмыщIэ къихуэнущ. Сэ мызэ-мытIэу зэхэсхащ пщащэм и адэм Тамбийм зэрыриIуэкIар, ауэ Алимджэрий къыхутегъэхьакъым - фызитI пхуэгъэшхэнукъым уэ, зы фызри къыптохьэлъэ, къыжриIащ.

Алимджэрий ежьауэ къэтти, Тамбийр хьэщIэщым щIэст, шыкIэпшынэри - къищтауэ. Сэ плIанэпэм сыдэсщ. Алимджэрий и къуэр, Едыдж, илъэс пщыкIуплI зи ныбжь щIалэ цIыкIур, Iэмал иIэмэ, скIэрыкIынутэкъым: сызыпищI щыIэтэкъым, къызэсати. «ХьэщIэщым ущIэзэшыхьащ, Аслъэнкуэз деж щхьэ умыкIуэрэ? - къызэупщIащ ар. - Утригъэунщ, укIуэмэ».

- Щрегугъ абы! - дыхьэшхыпцIащ Тамбийр. Аслъэнкуэз джаурыр тригъэун уи гугъэ! КIуэи, схуеупщIыт, Едыдж: сэ къыздэкIуэн идэнукъэ Аслъэнкуэз? Сэ уэркъылъ къабзэ сщIэтщ, сымуслъымэнщ.

ХьэщIэщым икIри, щIэх дыдэ къигъэзэжащ Едыдж, Тамбийм жэуап къыхуихьащ: си шыпхъур уэ къыбдэкIуэнукъым, IупщIэ ищIащ.

- ЩIегъуэжынщ, къыздэмыкIуэмэ, - жиIащ Тамбийм. - Къулей сыхъужмэ, щIегъуэжынщ, нэкIэ сеплъыжынкъым итIанэ.

Сэри сыгушыIэн мурад сщIащ: Едыдж Аслъэнкуэз деж згъэкIуащ:

- Сэ къыздэкIуэнкIэ хъурэ? - жысIэри.

Мы зэм нэхъ къэгуващ Едыдж. СызэрыгушыIар сщыгъупщэжауэ, къигъэзэжащ щIалэ цIыкIум.

- Си шыпхъур къыбдэкIуэнущ, муслъымэн ухъумэ.

Тамбийр дыхьэшхащ:

- Губзыгъэщ уи шыпхъур: зы джаур муслъымэн ищIмэ, жэнэтым зэрыкIуэнур ещIэ.

Дыхьэшхами, къызэрагъэпудар и жагъуэ хъуащ Тамбийм - и фэмкIэ нэрылъагъут. Абы къыфIигъэкIакъым, къэтэджри хьэщIэщым икIащ.

ГушыIэн щызгъэтакъым - щIалэ цIыкIум жесIащ:

- Диныр зэрысхъуэжын къару сиIэ сэ: сыщхьэхуимытщ, скъуэлъ щыIэкъым, сытхьэмыщкIэ джафэщ, си щхьэ закъуэращ зи унафэ схуэщIынур.

- Абы сегупсысащ Аслъэнкуэз, - жиIащ Едыдж. - Ди диным укъихьэн мурад пщIырэ дэ укъытхыхьэжыпэмэ, къэбэрдей абрэджхэр къыжьэдакъуэнущ абэзэхэхэм, хуит уащIыжынущ, уи щхьэщэхужыпщIэри пхуатынкIэ хъунущ. Алимджэрий цIыху хьэлэлщ, уаси пIихынукъым. Абэзэхэхэри къыбдэIэпыкъунщ: щIыи, шыи, Iэщи къуатынщ; фэ тIури фыщIалэщ, уэ урысхэм уезэуэнщ, Аслъэнкуэз унэр зэрихьэнщ - зыми фыщыщIэнукъым, Алыхьым фыкъихъумэнущ. УщIегъуэжынкъым!

- Аслъэнкуэз зыми пэсщIыркъым, хуэзмыщIэни щыIэкъым, зы закъуэ фIэкI: динри схуэхъужынукъым, урысхэми сезэуэфынукъым, - жысIащ сэ.

Абы и ужькIэ кIуэгъужэгъу схуэхъужакъым Аслъэнкуэз, сыIууэмэ, дедзыхри зыкъысщегъэпщкIу.

*(КIэлъыкIуэр 5-нэ нап.).*

# Си нэгу щIэкIаращ сэ стхыжар

## Барон Торнау Фёдор и гукъэкIыжхэр

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3 - 4-нэ нап.).*

Тамбийм къызжиIащ: уэращ псори зэлъытар иджы - хуит ухъужынуми, уи гъащIэр бухынуми. Iэхъулъэхъу къралъхьэжри, чы-бжэгъу унэ кхъахэм сыщIадзэжащ. Дуней къытехьэ къызитакъым тхьэмахуэм нэблагъэкIэ. Тхьэмахуэ дэкIри, Тамбийм шэрджэс лIитI къысхуишащ. Абыхэм я ужь итт Жанситы. Урысхэм екIужахэм ящыщт ахэр, офицер хъуауэ урысыдзэм къулыкъу щащIэрт. Абат Жанджэрийт зым зэреджэр, адрейр Аслъэнбэч и унэкъуэщ Тамбий ЛIыкIэщIт. ЛIыкIуэ къэзыщIар Вельяминоврат. СыжэщIауэ, си фэр икIауэ сакъригъэлъагъун щхьэкIэт Тамбийм тхьэмахуэкIэ сыщIимыгъэшхар, IэхъулъэхъукIи сыщIиIыгъар. СызэхэукIауэ, хьэлъэ сыхъуауэ закъезгъэлъэгъуакъым къэбэрдейхэм - зыщыгугъар арами. Чыбжэгъу унэм щызэхэтIысхьащ ахэр, Алимджэрий къраджащ. Бгырысхэр инэрал плъыжькIэ зэджэ Вельяминовым къэбэрдейхэм къапиубыдам щыгъуазэ дащIащ лIыкIуэхэм: саутIыпщыжынщи, Кавказым къакIуэ пащтыхьым елъэIунщ къахуигъэгъункIэ. АбыкIэ акъылэгъу дэхъумэ, Вельяминовым къэбэрдейхэр къигъэгугъэрт Iуэхум езыри хэлIыфIыхьынкIэ: трахауэ хъуар къратыжын щхьэкIэ, хузэфIэкI къигъэнэнукъым. АбыкIэ арэзы мыхъурэ, ерыщ екIуэрэ мыхъун ялэжьмэ, я ужь икIынукъым я щхьэр хримыгъэлъхьауэ. «Инэрал плъыжьыр» фIыуэ яцIыхурт къэбэрдейхэм, и псалъэр тIэужыIэ зэримыщIынум щыгъуазэт. ГупсысапIэ ихуащ къэбэрдейхэр. Къэбэрдей щIалитIымрэ Алимджэрийрэ тхэкIыжащ, зэчэнджэщын щхьэкIэ. Сыхьэт ныкъуэ дэкIри, къагъэзэжащ. Тамбий Аслъэнбэч жиIащ: Вельяминовым едэIуэнукъым, езауэрэ къиукIмэ, нэхъ къищтэнущ, щхьэщэхужыпщIэми кIэригъэхунукъым, тхьэмахуих я пIалъэщ, щхьэ уасэр къыхуамыхьмэ, я кIэсым и щхьэр пригъэупщIынурэ, урысхэм яхуригъэхьыжынущ, псэууэ игъэзэжын щамыдэкIэ.

Къэбэрдейхэм хуит зыкърагъэщIри, Жанджэрийрэ ЛIыкIэщIрэ си деж къагъэзэжащ. Вельяминовым къитхырт: «НэгъуэщI Iэмал сиIэжкъыми, уи щхьэ уасэр уэ гъэбелджылыжи, лIыкIуэ нэсщIахэм къажеIэ. Абыхэм дзыхь яхуэпщI хъунущ, сыкъагъэпцIэнукъым. Хуит укъэтщIыжын щхьэкIэ, тхузэфIэкI псор зэрыдлэжьынум щыхьэт техъуэнущ ар».

Жанджэрий къэрэндащ къысхуишиящ. Стхаращ: «Iэхъулъэхъу зэрылъ цIыхум и щхьэ уасэр езым хуэлъытэжынукъым. Ар схузэфIэкIынукъым сэ, щхьэ уасэм сынэщIэлъэIуркъым. КъыщIагъу фIэкI, кIэрагъэхунукъым. Зыщ сызэролъэIур: тхьэгъэпцIхэм яхуэвмыгъэгъу, лей дяпэкIэ зэрамыхьэн щхьэкIэ».

Си жэуапыр хэIущIыIу зэрыхъуар сщIэркъым: гъэрыпIэм сист ар «Таймс» газетым щытрадзам щыгъуэ.

Стхар Жанджэрий IэщIэслъхьэри, жесIащ щхьэ уасэм сызэрыхущытыр. Жанджэрий акъылэгъу къыздэхъуащ.

ЛIыкIуэхэр ежьэжащ. Тамбийр къытехьащ, хьэм хуадзын сIуигъахуэркъым, Iэхъулъэхъури ирихыркъым. «Джаур бзаджэ!» - къысщIэкIие зэпытщ, и нэщхъыр схузэхихыркъым. Си тхьэкIумэм изгъэхьэркъым, сыт къызимыпэсми.

Си щхьэр паупщIынтэкъым къэбэрдейхэм - абы шэч къытесхьэртэкъым. ЩхьэщэхужыпщIэм щымыгугъатэмэ, мыгъуагъэ гуэр къызалэжьылIэнкIэ хъунут.

Пащтыхь унафэти, флигель-адъютант Хъан-Джэрий къэбэрдей абрэджхэм я деж къэкIуащ, си щхьэ уасэм щIэупщIэн папщIэ: дапщэ зытемыкIынур? ЗытемыкIынумкIэ зэгурыIуакъым - Хъан-Джэрий пщIэншэрыкIуэ хъуащ.

* * *

КIЭС сызэрыхъурэ илъэс ирикъуащ бжьыхьэпэ мазэм. Хэт сыщыгугъами, зыри къысхуащIэфакъым. ГугъапIэ слъагъужыркъыми аращ нэхъ къызэхьэлъэкIыр. Щхьэ уасэ сщIатынкIэ арэзы щыхъум деж, ар нэхъри драгъэуей къэбэрдейхэм.

Бжьыхьэ мазэт. ЩхьэгуащэкIэ къиIукI топ уэ макъхэр пщэдджыжьым жьыуэ зэхэсхащ. Макъхэр кIуэ пэтми нэхъ благъэ къохъу. Си гур къилъэтащ, арщхьэкIэ сыгугъэ зэрымыхъунур сщIэрт: урысыдзэр сэ сыщаIыгъ жылэм къэсыфынутэкъым, къэсми, абы сыдагъуэтэжынутэкъым. Абэзэхэхэри апхуэдэущ зэрегупсысар: си гугъу къащIакъым, зэрехьэжьащ. Жылэ гъунэгъухэм дэсхэри ЩхьэгуащэкIэ зэрехьэжьащ. ЕтIуанэ махуэм къагъэзэжащ абэзэхэхэм, зауэм къыхэкIыжри. Генералыр Щхьэгуащэ къызэпрыкIащ, абэзэхэхэм къезэуащ, Iэщ куэд яфIиубыдащ, щикIуэтыжым абэзэхэхэр къыпэуври, и гъуэгур къызэпаупщIащ. Генералым абэзэхэхэм къапхыкIын хузэфIэкIащ, дзэр кърищIэлащ, бгырысхэр къебгъэрыкIуэ зэпытами. Абэзэхэхэм ящыщ куэд хэкIуэдащ, уIэгъэ хъуащ. Къагъэзэжауэ къыздэкIуэжым сыкъалъагъумэ, IэштIым къысхуащI, сэшхуэхэр къысхуагъэдалъэ, гыбзэ къыстрапхъэ. Сыт схузэфIэкIынт - сыIэмалыншэт. Си зей башыр яхуэзгъэдэлъэн фIэкIа, нэгъуэщI схузэфIэкIынутэкъым. Абэзэхэ хьэулей гуэр, ХъуцэкIэ еджэу, къызбгъэдэлъэдащ. СызыIуригъэлъэдэн хьэзырт абы, псалъэ фIей Iэджэ къыстрипIэри, «кхъуэ бзаджэри» къыщIигъужащ. Абы сыкъигъэчащ, зей башыр къэспхъуатэри сыхуилъащ: зы псалъэ фIей къызиутIыпщыжатэмэ, и щхьэр зэгуэсхун тIэу сеплъынутэкъым. Хъуцэ Iужыжащ, ауэ абыкIэ иухакъым Iуэхур. Сыхьэт ныкъуэ хуэдэ дэкIауэ, слъэгъуащ Алимджэрий деж зы шу къызэрыщепсыхар - ар ирагъэпсыхри, хьэщIэщым щIашащ. Зэрыбгырысым шэч хэлъкъым Алимджэрий къыхуепсыхар. ЗысхуэшыIэжакъым: хьэщIэщым сихьащ. Урысыбзэ кIэ сэлам къызихащ хьэщIэм. Нэхъ иужькIэ къызэрызжиIащи, ар къэзыгъэкIуар майор Венеровскэрат, къызыкIэлъыкIуар сэрат - си Iуэху зытетыр зригъэщIэн щхьэкIэ. Тамбиймрэ Алимджэрийрэ къагъэззэжа щIыкIэтэкъым, хьэщIэщым ис абэзэхэхэм дызэхащIыкIынутэкъым. Асыхьэтым Хъуцэ хьэщIэщ бжэщхьэIум къебэкъуащ. УрысыбзэкIэ дызэрыпсалъэр щызэхихым, Хъуцэ къызжьэхэлъащ, урысыбзэкIэ къыстритхъуащ: «Ты чушка!» Ар схуэшэчыжакъым: Iэнэм телъ кIэрахъуэр къэспхъуатэри тезубыдащ Хъуцэ. КIэрахъуэр зейр къыщылъэтащ, кIэрахъуэр естыжри, хьэщIэщым сыкъикIыжащ. Тамбий Аслъэнбэч пщыхьэщхьэм къэсыжащ, и нэщхъыр къысхузэхилъхьэри къысщIэкIиящ, абэзэхэ щIалэм кIэрахъуэр зэрытесшэщIам щхьэкIэ. СызэкIуэцIипхэнурэ чы-бжэгъу унэм сыщIидзэжынущ - аращ Тамбийм сыкъызэригъэгугъар.

Махуищ дэкIри абэзэхэхэр зэрыхьзэрий зэрыгъэхъуауэ гу лъыстащ. Си лъэхъуэщым къыбгъэдохьэ, къызоплъри IуагъэзыкIыж, бзаджэ къыстратхъуэурэ. Шхын къысхуэзыхь унэIут фызым сеупщIащ къэхъуамкIэ - жэуап къызитакъым. Нэхъ иужькIэщ щыгъуазэ сыщыхъуар. Алимджэрий и унэм урыс цIыхубз ист, илъэсий и пэкIэ къаубыдауэ. Мариет и цIэр, абэзэхэбзэ ищIэрт, яхэсыхьати, кIуэсэжын муради иIэтэкъым. ЛIы иIэжтэкъым, зауэм хэкIуэдат и щхьэгъусэр. Зы къуэ щигъуэтат Абэзэхэм. КIуэсэжын мурад имыIэми, и хэкур щыгъупщэртэкъым, арагъэнт хэгъэрей сыщIищIар. Си Iуэхур зэрымыщIагъуэр къызжиIащ Марие, къысхуэпыхьащ, саукIын мурад зэраIэр зэхихати. СыщIаукIынур, Марие къызэрызжиIамкIэ, абэзэхэм кIэрахъуэ зэрытесшэщIарат. Щытесшэщ Iари дэнэ? Мэжджыт кIуэцIым: Алимджэрий и хьэщIэщыр абэзэхэхэм я мэжджыт пэлъытэт. ЦIыхур къызэщIэзыгъэстыр молэрат. Абэзэхэхэм Алимджэрий и унэр къаувыхьащ: урыс гъуамэр дукIынущ. Тамбийр утыкум къинащ - ищIэнур ищIэркъым: си хьэдащхьэртэкъым ар зыщIэнэцIыр, сэ къысщIихынкIэ зыщыгугъ ахъшэрат. Зауэм сыхэкIуэдамэ дыщэм хуэдэт, сагъэхутыкъуэрэ сыIуапIэ нэхърэ.

Марие и ужькIэ Аслъэнкуэзи къыслъыгъуэзащ - зыбжанэ щIат ар къызэрыскIэлъымыкIуэрэ. «Абэзэхэхэм уаукIын мурад яIэщ, молэращ къозыуштыр. Сэ ди адэм селъэIунщ: ди адэм фIыуэ сыкъелъагъу, сытри къысхуищIэнущ». Абэзэхэхэр Алимджэрий и хьэщIэщым щызэхэтIысхьащ. Сэр щхьэкIэ ил узыртэкъым Тамбийм, игу пымыкIыр сэ къысщIихынкIэ зыщыгугъ щхьэ уасэрат. Джаурым къыщIэпхыну щхьэ уасэр нэхъапэ хьэмэрэ дэ тщыщ муслъымэн аслъыра нэхъапэр - аращ щIызэдауэр. Зыри къикIакъым я дауэм. Я хеящIэм, дагъыстэн ефэндым, къажриIащ: кIэсыр фукIмэ, абы и уасэр зытын хуейр фэращ. ФукIмэ, Тамбийр щхьэуасэм хэкIыжащи, щхьэ уасэр абы езытын хуейр фэращ, дыжьын ахъшэу сом щих зэхэвдзи, кIэсыр зейм ефтыж. Ар ядакъым абэзэхэхэм - апхуэдэ ахъшэ дэнэ кърахынт?... Аслъэнкуэз къажэри къызжиIащ хеящIэм и унафэр. Си кIэн къригъэкIын хуейуэ и адэм елъэIуат Аслъэнкуэз. Дагъыстэн ефэндыр Алимджэрий фIэлIыкIащ, абы и жыIэм фIэкIакъым.

ЩIымахуэр къихьэри уае хъуащ, уэс Iуви къесащ. Я гъавэр къаIэщIэухащ абэзэхэхэм, зауэм хэзэрыхьащи, хьэсэхэри яхузехьэжыркъым. Тамбийри зэтехуащ, гъавэншэ хъуащ. ХъунщIэн фIэкI, нэгъуэщI хузэфIэкIынутэкъым Тамбийм, зыщыгугъыр сэ къысщIихынурати, ари къыIэрыхьэркъым иджыри къэс. Щысурэ зимыгъэлIэн щхьэкIэ, ежьэн мурад ищIащ Тамбий Аслъэнбэч. ЛIыгъэ бэлыхьи дэслъэгъуатэкъым Тамбийм, хыхьэхэкI гуэри зиIэм ящыщтэкъым. Сыт ищIэнт: нэгъуэщI хэкIыпIэ игъуэтакъым, шэсри ежьащ. Заулрэ къэтауэ, выгум из нартыхурэ хурэ къыIэрыхьауэ къигъэзэжащ, жэмитIи къыздихуащ, зы нэгъуей щIали кIэс къищIащ. Нэгъуейр гъусэ къысхуищIащ. Абдулгъэний, арат нэгъуейм и цIэр, щхьэщэхужыпщIэм емыблэн и гугъащ Тамбийм. Нэгъуейм зытригъэхьакъым: тхьэлъанэ ищIащ - сытхьэмыщкIэ джафэщ, скъуэлъ щыIэкъым, щхьэщэхужыпщIэ згъуэтынукъым. Нэгъуейм и тхьэлъанэр и фIэщ хъуакъым Тамбийм: шхын щигъащIэркъым, йодэхащIэ - дызэхуэдэ муслъымэнщ, кIэсукъым узэрыслъытэр, хьэщIэущ. ИтIани щIичэркъым Тамбийм: дапщэщ щхьэщэхужыпщIэр къыщыпхуахьынур? Абдулгъэний уафэм докIуейри къохыж: сыкъулейсыз дыдэщ, щхьэщэхужыпщIэ схуэзытыни сиIэкъым. Тамбийм къыщытрикъузэкIэ, щIалэ домбейр къопыхьэх, сабий хуэдэ зэщоджэ. Iэрыубыд зэрыхъуарщ хуэмыгъэткIур, гъын щIидзамэ, щIэх увыIэжыфыркъым. Къамэрэ кIэрахъуэкIэ зэщIэузэдауэ щIалищ къыдагъэувэлIащ.

ТхьэмахуитI нэхъ дэкIакъым: нэгъуейр бзэхащ. Тамбийр кIэлъыпхъэращ нэгъуейм: куэд иригъэкIуакъым - кърихулIэжащ, и тхьэкIумэр хуикъузащ, «укIуэсэжыфынукъым, уэс куум упхыкIыфынукъым, уэ узэгупсысын хуейр щхьэ уасэращ», - къыжриIащ Тамбийм, си гъуэмбырэщым къыщIигъэзэгъэжри. Махуэ пщыкIуплI нэхъ худэхакъым нэгъуейм - аргуэру кIуэсащ. Абэзэхэ тхьэмыщкIэ гуэрым гу къылъитэри, къезэуащ, къыщезэуам, и Iэдийр зэпиудащ нэгъуейм, итIани, Тамбийм деж кърихулIэжын хузэфIэкIащ. Тамбийр зы жэмкIэ хуэупсащ абэзэхэ щIалэм. Нэгъуейм щапхъэ тесхын къыфIэщIа хъунти, Тамбийм дызэкIэричащ: Iэхъулъэхъу иралъхьэри, нэгъуейри си гъуэмбырэщым къыщIанащ, сэ Тамбийм и хэгъэрей лIыжь гуэрым и унэм сашащ. Абы щыгъуэ Аслъэнджэрий къэбэрдей абрэджхэмрэ абэзэхэхэмрэ зэхуишэсащ, урысхэм ятеуэн мурад ищIати. Къэрэгъул къысхуащIам и цIэр сщыгъупщэжащ, сощIэж: лIыжь гуапэ дыдэт, зы псалъэ Iей зэхизыгъэхакъым, сызэрыурысми сызэрыджаурым щхьэкIи зыкъысщидзеякъым. ЛIыжьым и унэр мэзым хэтт, хуабэт, къабзэлъабзэ дыдэт. Зыкъэзужьыж хъуащ, лIыжьым и унэр егъэзыпIэ схуэхъури.

Къэзакъ офицер гуэрым тутын, шей, фошыгъу, джанитI къысхуригъэхьащ - абы сызэрыщыгуфIыкIам щIэ щIэткъым, къысхуэмыщIар а псор къысIэригъэхьэн зэрыхузэфIэкIарщ.

Хэгъэрей къысхуэхъуа абэзэхэ лIыжьым зы щIалэ цIыкIу ипIыжырт, зеиншэу къэнауэ. МафIэр зэи щыужьыхыртэкъым лIыжьым и жьэгум. Пщыхьэщхьэ хъуамэ, жьэгум дэтIысхьэрти, уэрэд къыхидзэрт лIыжьым, хъыбар сыщIигъэдэIурт...

ЩIымахуэкIэ мазэр щикIым, абэзэхэ шууищэ шэсри ежьащ; Тамбий Аслъэнбэчи яхыхьащ абыхэм. Абэзэхэхэр Дон щыщ къэзакъ тIощI ирихьэлIати, пщыкIущыр яукIащ, блыр кIэс къащIащ. КIэсхэр щагуэшым, Аслъэнбэч зы къэзакъ щIалэ къылъысащ, ар нэгъуейм гъусэ хуащIащ. Къэзакъ щIалэм хуэткIиякъым Тамбийр - дэнэ кIуэнуми, хуит ищIащ, уеблэмэ къригъэшэнуи къигъэгугъащ.

Мэзым сыкъыщIашыжри бжьахъуэ гуэрым анэмэт сыхуащIащ. Бжьахъуэр жейм езгъыртэкъыми, къэрэгъул хьэзырт. Унагъуэ иIэтэкъым, бжьэм къакIэрыкIыртэкъым, сигу къеуэр жейм зэремызэгъырт: гъэмахуэр къиХьэмэ, сыкIуэсэжын мурад сщIауэ сыпэплъэрт. Си гум ислъхьар дэнэ щащIэнт абэзэхэхэми Тамбийми: жыIэдаIуэ сызэрыхъуам щыгуфIыкIащ, и нэIэ нэхъ стригъэкI хъуащ. Аслъэнбэч шэч къытрихьэжыртэкъым бгым сызэримыкIыжыфынум, сыкIуасэми мэзым сыщIэгъуэщыхьынут къызэрыщыхъур, пхъэрми лъэмбытI сагъэчынутэкъым - арат Тамбийр щIэбэлэрыгъыр. Сэ есыкIэ сщIэртэкъым, сыкIуасэрэ бгым сикIыжыфами, Щхьэгуащэ сызэпрыкIыжыфынутэкъым - псыр уэрт, нэри пэри ихьырт. Псыр гъэмахуэм къиумэ, псыхьэлъахуэр хэз мэхъу, жыгхэр къричурэ къыздрехьэх - арат сызыщыгугъыр. КIэс къащIа къэзакъ щIалэм сыщыгуфIыкIащ, сыщыкIуэсэжкIэ гъусэ къысхуэхъункIэ сыщыгугъри. Дон къэзакъым есыкIэ зэрищIэм шэч хэлъкъым, гъуэгур соцIыху - дызэгурыIуэн фIэкI нэгъуэщI хэлъкъым.

Зи ужь сихьар зэзгъэхъулIэнумэ, и чэзу хъуащ, гъатхэкIэ мазэр къихьэри. Къэзакъ щIалэр арэзы хъуащ, псалъэ къыхигъэкIакъым. Дапщэщ дыщыкIуэсэжынур - аращ къэзакъыр зыщIэупщIар. ДыщыкIуэсэнумкIэ дызэгурыIуащ, дызэхуэзэри. Гъуэмылэт дызыхуэныкъуэр - абы нэхъ дыхигъэплъащ. Тамбийм къыкIэщIэздыгъукIIамэ, сыкъищIэжынут. Аслъэнкуэз сепсэлъэн мурад сщIащ, игу къызэбгъауэ зыкъысхуигъэгусэми. Гъуэмылэм и закъуэкъым, лъыттIэгъэн гуэри дыхуейщ - гъуэгуакъуэщ дызытехьэжынур, вакъэ тщымыгъмэ, мывэкIэщхъым дызэхиуIыхьынущ. Аслъэнкуэз сызэхищIыкIащ: сыткIи къыздэIэпыкъунущ - гъуэмылэкIи вакъэкIи. Ди мурадыр Марие жриIащ, дзыхь иригъэзри. Марие къэшынащ япэщIыкIэ: кIэлъыпхъэрынщи, гъуэгум траукIыхьынщ - арат зытегузэвыхьыр. Аслъэнкуэзрэ Мариерэ гъуэмылэр схуагъэхьэзыращ, вакъи къытхуагъуэтащ - псори къэзакъым деж щызгъэпщкIуащ, си чы-бжэгъу унэм къыщIэзнэ хъунутэкъыми. Тамбиймрэ Алимджэрийрэ ежьэн хуейуэ къалъыкъуэкIащ. МахуитI-щыкIэщ къызэрытынур - ари къэсщIащ. УкIуэсэжынумэ, и фIыгъуэ дыдэщ. Къэзакъ щIалэм хъыбар езгъэщIащ: ухэмыжае, пщэдей жэщ къуажэкхъэм дыщызэхуэзэнщ. Абэзэхэ къэрэгъулым сыкъыкIэщIэкIуэсыкIащ жэщ ныкъуэм, кхъэм сынэсащи, къэзакъым сыпоплъэ. Нэху щыху зыщысIэжьащ кхъэм - къэзакъ щIалэр къыкъуэкIакъым. Хьэхэр зэщIобанэ, жылэр къэушакIэщ. Къэзакъ щIалэр зэраубыдыжам шэч къытесхьакъым. Тамбиймрэ си нэIуасэ абэзэхэхэмрэ я кIий-гуо макъ зэхэсхащ. Си псэ пытмэ, заIэрызгъэхьэнкъым - абы тезухуэри жэрыгъэкIэ сежьащ, нартыху хадэ къызэзнэкIри чыцэм зыхэзгъэпщкIуащ. ПсыжькIэ зыунэтI гъуэгуращ сыкъыщалъыхъуэнур, чыцэм зыхэзгъэпщкIуауэ гукъэкI ящIынукъым - арат сызыщыгугъыр. Махуэ псом сыхэлъащ чыцэм. КъыскIэлъыпхъэрахэм я макъ зэхызох, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ кIий-гуо макъыр ужьыхащ. Чыцэм сыздыхэлъым сыIурихащ. Жэщыбгым сикъызэщыуащи, сокIэкуакуэ. ЗысIэжьакъым: дэздзыхри сежьэжащ. Псыжь Iуфэ шэрджэсхэр къыщыспэплъэнущ, дауи, заIэщIэзгъэхьэ хъунукъым. Зызущэхуауэ гъуэгур хызогъэщI, къуажэхэм къапэскIухьурэ. ЕтIуанэ махуэми мэз Iувым зыщызгъэпщкIуащ, жэщу фIэкI сыкIуэ хъунутэкъыми. Пшапэр зэхэуэри сежьэжащ, сыкъэмэжэлIащи, си лъэр зэблэсхыф къудейщ. Мэлыхъуэ пщыIэ срихьэлIащ, сыздэкIуэм. Гу къыслъатэри, мэлыхъуэхьэхэр къызэрехьэжьащ: къыслъэщIыхьэмэ, сызэпкърадынущ - абы шэч хэлъкъым. Зы жыгышхуэ сыдэпщеящ. Мэлыхъуэхьэхэр збгъэдэкIыжа нэужь, жыгым сыкъехыжащ. Сежьэжауэ сыздэкIуэм - махуитху дэкIат сыкъызэрыкIуасэрэ - жыг зэтеупщIа зыбжанэм срихьэлIащ; шэрджэсхэм я хабзэщ ар: урысхэм я гъуэгур зэпаупщIын щхьэкIэ, жыгхэр къагъауэри адэ-мыдэкIэ щызэбградз. Ар щыслъагъум, сыкъэгуфIащ: Псыжь сыкъэблэгъэжауэ арат абы къикIыр! Сешащ, сызэхэукIащ, ерагъмыгъуейуэщ си лъэр зэрызэблэсхыфыр. Псынэ срихьэлIащ, си псыхуэлIэ изгъэкIауэ сыздэщысым, си щIыбагъкIэ шэрджэс шууитI къызбгъэдыхьащ. Сызэплъэ кIащ, зым и фочыр къыстриубыдауэ хьэзырщ. КъызбгъэдэкIуатэри, къызэупщIащ:

- Ухэт уэ, мыбдеж щыпщIэри сыт?

- Сыхэтми, сыкъыболъагъу, нэгъуэщI бжесIэнукъым. СщIэри уолъагъу: зызогъэпсэху! - жысIащ сэ.

Шухэм сызэпаплъыхьащ, я бзэмкIэ жэуап зэрестар ягъэщIэгъуащ. IуагъэзыкIыж защIри, къагъэзэжащ тIуми.

- НакIуэ ди гъусэу! - къысхуилъащ зыр.

- СынэкIуэнукъым, - естащ жэуап.

- Сыт щхьэкIэ?

Си лъакъуэ лъы защIэр езгъэлъэгъуащ:

- Мис гъусэ сыщIыфхуэмыхъуфынур.

- УнэмыкIуэфынумэ, утхьынщ, - жиIащ нэхъыжьыфэ зэсплъам, и гъусэр иригъэпсыхащ.

Сагъэшэсри, шы IумпIэр щIалэм иубыдащ. Мэзым сыхахьащ абэзэхэ щIалитIым. СызрихьэлIахэр си Iуэху зэрыщымыгъуазэм шэч къытесхьакъым. Тамбийри яцIыхуркъым, дауи. Мэзым сыхахьа нэужь, сегупсысащ: мы щIалитIым я сэбэп къызэкIынкIэ мэхъу, сагурыIуэныфэ ятетщ. СеупщIащ: кIэмыргуеипщыр фцIыхурэ? ЩэрэлIыкъуэ и цIэр къыщисIуэм, нейнейуэ къызэплъащ: сыт, тцIыхумэ?

КIэмыргуеипщыр я цIыхугъэр пэжмэ, ахъшэ хъушэ къызэрысщIахыфынур яжесIащ абэзэхэхэм. Закъезгъэцыхуащ, си цIэр яжесIащ, си Iуэху зытетым щыгъуазэ сщIащ.

- Хэт ахъшэ хъушэ къыдэзытынур?

- Фымыкъэрабгъэмэ, къыватынущ. КIэмыргуеипщым деж сыфшэ: абы фи хьэтыр къилъагъунущ, фыкъигъэщIэхъунукъым, къэбэрдей абрэджхэм я Iэмыщ Iи фрилъхьэнукъым. Абрэджхэм сэ къысщIахын я гугъэ ахъшэр фэ къывитынщ - фи нэ фIыкIэ иулъагъу. ЩхьэщэхужыпщIэ къысщIахыну я мурадщ къэбэрдей абрэджхэм. Щхьэ уасэр абыхэм яIэрывмыгъэхьэ.

Си псалъэр ягу ирихьащ абэзэхэ щIалитIым: дыжьын сом щищ, игъащIэкIэ ялъагъункъым, - зыIэщIэбгъэкI хъурэ! Зы щIалэм и пыIэмрэ и бащлъыкъымрэ къысIэщIилъхьащ, и шым сигъэшэсри езыр лъэныкъуэкIэ ежьащ, и фочыр и плIэм идзауэ. Я зиусхьэным деж сашащ. Сыщашэм, зы цIыхуи къыстрагъэплъакъым, хьэщIэщым сыщIашэри сагъэтIысащ. ХьэщIэщыр зейм и пхъум шхын къысхуихьащ.

ЩэрэлIыкъуэм сыщыгугъ хъунут, сыкъигъэщIэхъунутэкъым: урысхэм хъыбар схуригъащIэмэ, нэгъуэщI сыхуейтэкъым. Ауэ си Iуэхур нэгъуэщIущ къызэрыщIидзар. ЩэрэлIыкъуэ хъыбар схуригъэщIэнкIэ сызыщыгугъа абэзэхэ щIалэм сиIуэтащ, я унэ ихьэжри. И Iыхьлыхэм къагъэшынащ ар, щIрагъэгъуэжащ, и щхьэр абы хилъхьэнкIэ зэрыхъунур къыжраIащ. ЩIалэ къэрабгъэр Даурым деж кIуащ, и унэ сызэрисыр жриIащ. Тамбийм фIэлIыкIащ Алимджэрий - абы и IэмыщIэ срилъхьэжащ. Тамбий Аслъэнбэч къысщыдыхьэшхащ:

- Уи закъуэ щхьэ узэхэзекIуэрэ: хьэр етащ мы гъэм, уапэщIэхуэмэ, узэпкъраудынщ. Мыщэ упэщIэхуэмэ, нэхъыкIэжщ. Сэ уи Iей зэрызезмыхуэр уощIэ. ПщIэ пхузощI, аращ си нэIэ щIыптезмыгъэкIыр.

- ПщIэ къызэрысхуэпщIым щхьэкIэ тхьэразэ къыпхухъу, - жысIащ сэ. - Хьэм сашхми, нэхъ къэсщтэнщ гъэрыпIэм сис нэхърэ. Уэ сыкъэбгъэпцIэн пхузэфIэкIащ, уи напэм тебгъэхуащ ар. Сэ укъэзгъапцIэ щхьэ мыхъурэ, емыкIу къэсхьрэ, укъэзгъапцIэмэ, къызэпщIар уэсщIэжмэ? Уигу игъэлъ: зэ сыкIуэсащ, етIуанэуи сызэрыкIуэсэнум и ужь ситынущ. СыкIуэсэнущ е мэзым сыщIэкIуэдэху, е уэ сыпIэщIэукIэху. Щхьэ уасэ къысщIэпхын мурад щыпщIакIэ, къуатынумкIэ арэзы хъу, нэхъыбэм ущымыгугъ, зыри къыпIэрымыхьэххэнкIэ мэхъу. IэрыубыдIыд сыпщIыфынукъым, гува-щIэхами сыпкIэщIэкIуэсыкIынущ.

Тамбийр дыхьэшхащ.

- Уеспхынщ, усIыгъынщ, укIуасэми, лъэмбытI уэзгъэчынкъым!

Лъэхъуэщым сыщIадзащ, сызэкIуэцIапхащ. Абдулгъэний мэгъынанэри щысщ, пщэхъумрэ лъэхъумрэ къагъэхыщIауэ.

Къэзакъыр щхьэрыуакъым: мэзым хэтурэ Щхьэгуащэ нэсащ, Псыжь зэпрыкIыжри урысхэм яхыхьэжащ. Мэзым къыхэкIыу кIэмыргуейхэм ялъэгъуати, алмэсты къафIэщIащ. ЗэрымыалмэстыР къыщащIэм, къахуэпащ, къагъэшхащ...

Къызэрызгъэзэжам щыгуфIыкIащ Аслъэнкуэз. СызэрымыкIуэсэжыфам щхьэкIи игу ныкъуэщ, зыкъысхуигъэгусэ хуэдэуи фэ есплъащ. Зыкъысхуигъэгусэми, скIэрыкIыркъым: зэрыхузэфIэкIкIэ къызоIэзэ, шхын сыщигъащIэркъым. Зыщ сигу фIы зэрищIыр: «Уи натIэм кърит хам уфIэкIынукъым, арат Алыхьым зэриухар»...

* * *

ТХЬЭМАХУИТIЫМ нэблагъэкIэ зызужьыфакъым: сызэфIэувэфыркъым, сыкъэтэджмэ, си лъэм сиIыгъкъым, си щхьэр мэуназэ, си нэр щоункIыфIыкI. ИтIани согупсыс сызэрыкIуэсэжынум, ар сигу зэи ихуркъым. Абдулгъэний лъэхъуэщым къыщIэзнэ хъунукъым: бзэгу ихьынурэ пхъэрыр си ужь нихьэнущ. СыкIуэсэн щхьэкIэ, си фэм сыкъихьэжын хуейщ, Тамбийм къызипэс мащIэмкIэ зыкъэзужьынукъым. Сызыщыгугъыр Аслъэнкуэз, абы и шыпхъу Гуащэхужь, Марие сымэщ: къащемыплъакIуэм деж абыхэм шхын сыщагъащIэркъым, гъэпщкIуауэ къысхуахь. КъысхуахьымкIэ Абдулгъэний сыдогуашэ, апхуэдэурэ зэзгъэсащ, нэхъ гъунэгъуи къысхуэхъуащ. Тамбийр махуэ къэси къытлъогъуазэ, Абдулгъэний зыпэплъэ щхьэ уасэм щIоупщIэ, сэри сызыщигъэгъупщэркъым: «КIуэсэжын мурад уиIэ иджыри?» - къызэупщI зэпытщ. Ар сигу зэримыхур жызоIэ Тамбийм - сызэрыкIуэсэжынум шэч къытумыхьэ. Ней-нейуэ къызоплъри щIокIыж Тамбийр: деплъынкъэ, жыжьэ укIуэн, усIэщIэкIынукъым. ЦIыхухъухэр губгъуэм йохьэ махуэм, ахэр бэлэрыгъми, жылэм къыдэнэ цIыхубзхэм я нэр трагъэкIынукъым.

Абдулгъэний гужьеипэным нэсащ, зиукIыжын муради щищI щыIэщ, гъэрэщым щIэбэмпIыхьащи. ЖесIащ: зыбукIыжыным хэкIи, кIуэсэжа дызэрыхъунум дегъэгупсыс. IэхъулъэхъукIэ даIыгъщ, дауэ дазэрыIэщIэкIынур - игъэщIэгъуащ Абдулгъэний, ауан сщIын и гугъэри. Iэхъулъэхъур зэрисхыфынур жесIащ, Псыжь дынэсыжыху гъусэ къысхуэхъурэ сыкъимыгъэщIэхъумэ. Тхьэ къысхуиIуащ Абдулгъэний - гъуси сыпхуэхъунщ, укъэзгъэпцIэжынкъым, уи фIэщ сыщI закъуэ.

*(КIэухыр 6-нэ нап.).*



# Гвардием и капитан Шал Зулъкъарней

**Хэку зауэшхуэр зэрыщыIэрэ илъэс куэд дэкIащ, ауэ абы къихьа къулейсызыгъэр, гуауэ иныр иджыри къэс ди цIыхухэм ящыгъупщэркъым. Зауэм и гуауэр псом хуэмыдэу хьэлъэщ я жэщи, я махуи зэхуэдэу илъэсиплIым нэскIэ абы хэта, ди гъащIэр нэхъыфIщ жамыIэу адэ Хэкур фашизмэм и бжьым щызыхъумэжа совет зауэлI хахуэхэм я дежкIэ. Абыхэм ящыщщ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, гвардием и капитан Шал Зулъкъарней.**

АБЫ и щIалэгъуэр ирихьэлIат революцэ нэужьым, псэукIэщIэ щаухуэ лъэхъэнэм. Дзэлыкъуэкъуажэ щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыхэкIа щIалэщIэр дахьэхырт щIэныгъэм, IэщIагъэм, лэжьыгъэм. Ар жыджэру хэтт щIалэгъуалэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэщ1э псоми.

Зулъкъарней я къуажэ илъэсибл еджапIэр къыщиухым, IэщIагъэ зригъэгъуэтыну Дон Iус Ростов къалэм ягъэкIуауэ щытащ. Абы къикIыжа иужь, комсомолым и Дзэлыкъуэ райкомым и къудамэм и унафэщIу, итIанэ къуажэ комсомол организацэм и секретару лэжьащ. 1939 гъэм Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэну кIуащ.

«Ди къуажэ щIалэ гуп военкоматыр къеджауэ Дзэ Плъыжьым къулыкъу щащIэну дашырти, сэ селъэIури, си щхьэкIэ сфIэфIу, абыхэм срагъусэу сыдэкIащ. Украинэм щыщ Бердичев къалэм дашащ икIи Киев дзэ куейм щыщ 44-нэ лъэсыдзэ фочауэ дивизэм сыхагъэхьащ. Бессарабиер хуит къэзыщIыжахэм сахэтащ...», - жиIэжырт езым зауэм щытепсэлъыхькIэ.

Зулъкъарней и дзэ къулыкъур а зыхэхуа дивизэм хэту зэпэщу ирихьэкIащ. Абы зэфIэкI иIэу зыкъигъэлъэгъуащ ди къэралым и къухьэпIэ гъунапкъэхэр щагъэбыдэм, зауэм теухуа еджэныгъэхэм, и жыджэрагъым папщIэ командирхэм пщIэ къыхуащIырт, газетхэр тетхыхьырт. Апхуэдэу щапхъэу зэрыщытым къыхэкIыу, а гъэ дыдэм Шалыр партым хагъэхьащ. И зэфIэкIыр къалъытэри, зыхэт 44-нэ фочауэ дивизэм и унафэщIхэм, штабым я унафэкIэ щIалэ гупым яхэту Зулъкъарней ягъэкIуащ Омск дэт училищэм, зенит топхэм щыхурагъаджэм. Абы щыIэу Германием и фашистыдзэхэр 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м ди къэралым къытеуащ икIи щIидзащ илъэсиплIым нэскIэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэм.

А зэманым ирихьэлIэу Шалым къиухащ Омск дэт дзэ еджапIэр икIи лейтенант къыфIащри, а еджапIэм къыщIэкIахэу щIалитху и гъусэу ягъэкIуащ Къэзан дэт, «Катюша»-кIэ зэджэ реактивнэ лагъымыдз дзэ щхьэхуэм. Ар зэман куэд дэмыкIыу зауэм Iуашащ.

А лъэхъэнэр езы Зулъкъарней мыпхуэдэу къиIуэтэжащ: - «Сэ япэ дыдэ зэуапIэм сыщыIухьар Калинин областырщ. Ар Ищхъэрэ къухьэпIэ зэуапIэ IэнатIэм хиубыдэрт. ИужькIэ Балтикэ гъунэм дыщызэуащ. Сэ топгъауэ батареем и командиру сагъэуват, «Катюша» дзэ гупым дыхэту дызауэрт. Хэку зэуэшхуэм и гуащIэгъуэ 1942 гъэ гугъум «Катюша»-хэр зэуапIэм и нэхъ хьэлъэ щIыпIэхэм къыщагъэсэбэпырт, бийм зэпымыууэ удын лъэщ еддзырт икIи хэщIыныгъэшхуэ игъуэтырт...»

А зауэ гуащIэхэм Шал Зулъкъарней и батареер куэдрэ къыхэжаныкIащ. Абы зэхикъутащ икIи игъэсащ фашист танкыу, автомашинэу, топу, пулемёту щэ бжыгъэхэр, сэлэтрэ офицерхэу мин куэд зэтриукIащ. А зэхэуэ хьэлъэхэм IэкIуэлъакIуэу зи къалэныр щызыгъэзэщIа Зулъкъарней и бгъэм къыхалъхьащ Вагъуэ Плъыжь орденыр. ИужькIэ, 1942 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм, Зулъкъарней и дамыгъэхэм аргуэру зы къахэхъуащ - абы къыхуагъэфэщащ «ЛIыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр. А зэманым Новгород областым щыщ Старая Русь къалэм нэмыцэдзэ гупышхуэ къыдыхьат. Ахэр зэхэкъутэным къыхэжаныкIащ Шалыр зи унафэщI батареер, техникэкIи цIыхукIи бийм хэщIыныгъэшхуэ иратащ, абы теухуауэ зэуапIэм къыщыдагъэкI газетым итт: «А зэхэуэм фашист танкыу плIы щагъэсащ, сэлэтрэ офицеру щэм щIигъу зэтраукIащ».

1943 гъэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди Хэкум щраухужым, Зулъкъарней уIэгъэ хъуауэ щытащ. Ар зы мазэкIэ уIэгъэщым щIэлъащ, зэрыхъужуи зэуапIэ IэнатIэм Iухьэжащ.

Ди дзэхэр бийм и щIы гъунапкъэм щынэсам, зауэр нэхъри гуащIэ хъуат, а лъэхъэнэм фашист кхъухьлъатэм кърыдзыха бомбэм и къутахуэм Шалыр уIэгъэ ищIащ. Аргуэру сымаджэщым яшащ. УIэгъэр хьэлъэ дыдэтэкъыми, мазэрэ ныкъуэкIэ къеIэза иужь, и узыншагъэр зэфIоувэжри, Ипщэ КъухьэпIэ зэуапIэм егъэзэж. Ар хагъэхьэ полковник Белобородовыр зи Iэтащхьэ 282-нэ фочауэ лъэсыдзэ дивизэм. Ар зи цIэр фIыкIэ зыгъэIуа, гвардие цIэр зезыхьэ советыдзэ пэрытхэм ящыщт, бийм удын хьэлъэ иридзурэ зэпымыууэ ипэкIэ кIуатэрт. А дивизэм щыхагъэхьами, зэуапIэм и IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм къыщыхутэрт. Шал Зулъкъарней зыхэта 282-нэ фочауэ лъэсыдзэ дивизэр Курляндием нэсащ икIи абы зыщызыгъэбыда фашистыдзэхэу сэлэтрэ офицеру минищэм щIигъу хъур къаухъуреихьри, зэхакъутащ. Апхуэдэу Прибалтикэм зауэр щаухащ 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м. Абы иужькIэ, Зулъкъарней аргуэру зы илъэскIэ къулыкъу ищIащ, итIанэ капитан цIэр иIэу, орденыбгъэу я къуажэ къигъэзэжащ.

Хэку зауэшхуэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщихьа дамыгъэ лъапIэхэр, фIыщIэ тхылъхэр хуэсакъыу я унагъуэм щахъумащ. Абыхэм яхэлъщ Вагъуэ Плъыжь ордену тIу, Хэку зауэ орденым и 1-нэ, 2-нэ нагъыщэхэр, «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» «Германием зэрытекIуам папщIэ» дамыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Къигъэзэжа иужь, Шалыр IэнатIэ куэдым щапхъэ игъэлъагъуэу щылэжьащ. 1977 гъэм пенсэм кIуащ, ауэ тIысыжу щысакъым, хузэфIэкIыр къуажэм дищIыхьащ. ЕджапIэхэм, гуфIэгъуэ зэIущIэхэм ирагъэблагъэрт, зауэ зэманым Хэкур зэрахъумар, и нэгу щIэкIахэр яхуиIуэтэжырт, щIэблэр гъэсэным и къару ирихьэлIэрт. Ар емызэшу хуэлэжьащ и Хэкум, цIыхубэм я насыпым.

1986 гъэм, ТекIуэныгъэм и махуэм и щIыхькIэ, Совет Правительствэм и унафэкIэ Москва Накъыгъэм и 9-м гуфIэгъуэ зэIущIэшхуэ щрагъэкIуэкIауэ щытащ. Абы ирагъэблагъэри Шал Зулъкъарней хэтащ икIи яIущIащ зауэм къыдыхэтахэу гуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIа и ныбжьэгъу куэдым. Ветеранхэм псалъэ быдэ ятащ щIэблэр гъэсэным, ущииным, мамырыгъэр хъумэным я къару псомкIи щIэбэныну. А псалъэхэр игъэпэжащ Шал Зулъкъарней. Аращ а цIыху гъуэзэджэм и цIэр Дзэлыкъуэкъуажэ и уэрамхэм ящыщ зым щIыфIащар.

ЗауэлI хахуэ, лэжьакIуэшхуэ Шал Зулъкъарней къикIуа гъуэгуанэр, и гъащIэ псор къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ...



# Санитар взводым и унафэщI

**И ныбжькIэ щIалэу гъуэгу захуэ теувэр насыпыфIэщ. Гъэсэныгъэ тэмэм зыгъуэта, зи IэщIагъэм пщIэ хуэзыщI, цIыхугъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр пасэу зыхэзылъхьа цIыхур пэжыгъэм и гъуэгум лъэ быдэкIэ ирокIуэ, къызыхэкIа лъэпкъым и щIыхьыр еIэт, и хэкум и сэбэпынагъ къихьу мэлажьэ, мэпсэу...**

АПСАЛЪЭХЭР хужыпIэну хуэфащэщ Хэку зауэш-хуэм и ветеран, фашист зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къыщытеуам ахэр зэхэкъутэным зи къару куэд хэзылъхьа, Арщыдан къуажэм щыщ Къатинэ МуIэзин ХъуатIэ и къуэм. КIыхьщ а щIалэм къикIуа зауэ гъуэгуанэр икIи хьэлъэщ. Абы иIакъым тыншыпIи зыгъэпсэхупIи - илъэсиплIым нэскIэ псэзэпылъхьэпIэ зауэ гуащIэм Iутащ.

МуIэзин Хэку зауэшхуэр къыщыхьея 1941 гъэм Налшык медучилищэм и иужьрей курсым щIэст. Ар къызэриухыу Дзэ Плъыжьым ираджащ. Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэт езанэ лъэсыдзэ еджапIэр къиухри, танк зыкъутэ 78-нэ батальон щхьэхуэм хэту зауэ IэнатIэм Iуагъэхьащ. Ар щIыпIэ куэдым щызэуащ. Езым къызэриIуэтэжамкIэ, гугъу щехьащ Новороссийск деж. 18-нэ армэм хэту ЩIы МащIэкIэ зэджэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм бэлыхь куэд и нэгу щыщIэкIащ. Абы теухуауэ МуIэзин мыпхуэдэу къиIуэтэжат: - «Новороссийск деж ЩIы МащIэм танк зыкъутэ батальоным санитар-инструктору сыхэту фашистхэм ди псэр нэхъыфIщ жыдмыIэу дезэуащ.

Бийм и кхъухьлъатэхэм зэпымыууэ лагъымхэр къытхадзэрт, и танкхэр къыдэбгъэрыкIуэрт, топкIэ, лагъымыдзкIэ къытхэуэрт, ауэ ди дзэхэр къикIуэтакъым. Командованэм дэIэпыкъуныгъэ нытхуагъакIуэри, фашистыдзэхэр ЩIы МащIэм щызэхакъутащ икIи а текIуэныгъэр накъыгъэм и 1-м дгъэлъэпIауэ щытащ. А зауэм сэ санитар-инструктору сыхэтащ, уIэгъэ куэд тенджыз Iуфэм едгъэшэурэ, адэкIэ кхъухьхэмкIэ Iуашащ, сымаджэщхэм щIагъэгъуэлъхьэн папщIэ...»

Къатинэ МуIэзин санитар-инструктор къалэныр игъэзащIэу ЩIы МащIэм щыIащ, совет зауэлI куэдым дэIэпыкъуныгъэ яритащ, я гъащIэр ихъумащ. Ар зэуапIэ IэнатIэм и нэхъ хьэлъэ дыдэхэм къыщыхутэрт, уIэгъэр ипхэрт икIи псынщIэу къыIуригъэшырт, апхуэдэ Iэмал щимыIэм деж Iэщэ иIыгъыу зэуапIэм Iухьэрт. Гугъут абы и къалэныр, ауэ сыт хуэдэ хьэлъэри ишэчащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Хэкум и щIыхьыр хъумэным и кIэм нэсу хуэпэжт. Апхуэдэ хьэл-щэныр, гурыщIэ къабзэр, гъэсэныгъэр абы щигъуэтат щапIа и унагъуэм, зыщIэса еджапIэм, и щIалэгъуэ гъащIэ дахэм.

МуIэзин зыхэта батальоным щыщ куэд ЩIы МащIэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэкIуэдащ, ауэ бийм удын гуащIэ ирадзащ, а щIыпIэр хуит къэщIыжыным я къару куэд халъхьащ. Абы бийр ирахужа нэужь, 1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м Къатинэр ягъэкIуащ зыхэт армэм и санитар къудамэм икIи 276-нэ фочауэ дивизэм хэту япэкIэ кIуэтащ, фашист зэрыпхъуакIуэхэр зэтеукIэнымкIэ щапхъэ къигъэлъагъуэу зэуащ.

Бийм и танкхэр зэхэзыкъутэ ди дзэ гупым и санитархэм я унафэщI, медицинэ къулыкъум и лейтенант Къатинэр зыхэта 276-нэ дивизэм зэуапIэ IэнатIэ куэдым къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм, Iэзагъэм къыхэкIыу къыфIащащ «Темрюк» цIэр. Абы иужькIэ дивизэм Украинэм, Польшэм я къалэхэр, къуажэхэр хуит къащIыжащ икIи Хэку зауэшхуэр и кIэм нэсыху къэувыIэ, зыгъэпсэхупIэ яIакъым.

А махуэ хьэлъэхэм и нэгу щIэкIахэм ятеухуауэ МуIэзин къыджиIэжащ:

- Ди дзэ гупым Украинэр хуит къызэрищIыжу, Карпатхэм, КъухьэпIэ Украинэм я щIыпIэхэм дынэсащ, Польшэми бийр щызэхэткъутащ, итIанэ Чехословакием дыщызэуащ, Прагэ бийр дэтхужащ. Ди дзэхэм 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м Германием и щыхьэр Берлин къаубыда нэужь, Чехословакием ита фашистыдзэхэми зыкъатащ. Ди дивизэм Прагэ къалэр хуит къэтщIыжри, Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ абдеж щыдухащ икIи зауэр увыIащ жытIэу ди зауэлIхэр дыгуфIэу дызэхэту, адэмыдэкIэ гъэпщкIуауэ къэна фашистхэм ящыщ топкIэ къытхэуащ. Си ныбжьэгъуфI, ди дивизэм щыщ Петров Михаил занщIэу щIым зыхидзащ. Сэри сыблэжырт ар здэщылъым дежкIи, си ныбжьэгъур къапхъуэри, щIым зыхызигъэдзащ: «Топ къэуэныр увыIэху мыбдеж щылъ», - жиIэри. АрщхьэкIэ, тпэмыжыжьэу ди сэлэтхэр уIэгъэ щыхъуауэ къэслъэгъуа нэужь, абыхэм садэIэпыкъуну сыкъыщылъэтащ. А дакъикъэм Петровыр здэщылъ дыдэм деж топышэ къыщехуэхащ икIи си ныбжьэгъур зэшэзэпIэу иукIащ. Апхуэдэу зауэр иухащ щыжаIа сыхьэтхэм хэкIуэдащ илъэситIым нэскIэ фронтым Iута, гугъуехь куэд зи фэм дэкIа зауэлI хахуэр...

Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ иуха нэужь, МуIэзин КъухьэпIэ Украинэм щыIэ ди дзэхэм яхэту къанэри, 1946 гъэ пщIондэ къулыкъу ищIащ. ЩэкIуэгъуэ мазэращ я унэ къыщагъэкIуэжар.

Зауэшхуэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм лIыгъэ къигъэлъагъуэу зэрыIутам, Хэкум и щIыхьыр хъумэжын папщIэ гугъу зэрызригъэхьам папщIэ, Къатинэм пщIэшхуэ къыхуащIащ. Ар я унэ къыщыкIуэжам и бгъэр ягъэдахэрт Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэ, «Кавказыр зэрахъумэжам папщIэ», «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалхэм, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэм.

ЗауэлIыр я унагъуэ къызэрихьэжу, лэжьыгъэ IэнатIэ пэрыуващ, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ хузэфIэкI къигъэнакъым, медицинэм и профсоюз IуэхущIапIэхэм пэрытащ. ИужькIэ, 1950 гъэм, медицинэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и обкомым и унафэщIу ягъэуври, Iуэхугъуэ фI куэд зэфIигъэкIащ Налшык курортыр егъэфIэкIуэным, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным хуэунэтIауэ.

Къатинэм и зэфIэкIыр къалъытэри, 1962 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр облсовпрофым жэуап зыхь и секретару хахащ икIи и лэжьыгъэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм папщIэ ЩIыхьым и Дамыгъэ, Октябрь революцэ орденхэр, ГуащIэдэкI щIыхь дамыгъэр, ЩIыхь тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ.

Зауэ нэужь зэманым «Налшык» курортым зэпымыууэ зиужьащ. Абы унэшхуэу тху хэту щаухуа «Кхъужьей хадэ» зыгъэпсэхупIэм и унафэщIу 1964 гъэм Къатинэр ягъэуври, илъэс куэдкIэ щылэжьащ.

Зауэ зэманми хуэдэу, мамыр лэжьыгъэми псэемыблэжу, цIыху пэжу, зэфIэкI иIэу, щапхъэ трахыу Къатинэр IэнатIэм пэрытащ, и щIыхьыр игъэбагъуэу къекIуэкIащ. Ар жыджэру хэтащ жылагъуэм, цIыхухэм я сэбэп зыхэлъ Iуэхугъуэхэм. 1963 гъэм къыщыщIэдзауэ 1975 гъэм нэсыху Налшык къалэ Советым и депутату щытащ, апхуэдэу Профсоюзхэм я зыгъэпсэхупIэхэм унафэ хуэщIынымкIэ къэрал совет нэхъыщхьэм хэтащ. Мамырыгъэ лэжьыгъэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщихьа ехъулIэныгъэфIхэр къалъытэри, а лIы емызэшым къыхуагъэфэщащ къэралым и профсоюзхэм я IуэхущIапIэ ищхьэ дыдэм и щIыхь тхылъхэу тIу, апхуэдэу кърататщ «Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и отличник», «ЗыгъэпсэхупIэм и отличник» цIэхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэри. 1978 гъэм къыфIа-щащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр. А псори къыпэкIуащ а цIыху емызэшым и гуащIэдэкI иным. Куэд мэхъу зауэлI хахуэм и IэужьыфIхэр...

**● Зауэ гъуэгуанэхэр**



Сыту гугъу сэлэт гъуэгуанэр. *1945 гъэ*



**КъикIыжащ сэлэтыр зауэм.** *1945 гъэ, накъыгъэм и 31*

# ЛIэщIыгъуэм пхыкIа Мыкъуэжь Чэлимэт

**Мы тхыгъэ кIэщIым си гуапэу щыфэзгъэщIыхунщ зи ныбжьыр илъэсищэрэ тхум иту 2002 гъэм сызыхуэза, Хэку зауэшхуэми лэжьыгъэми я ветеран Мыкъуэжь Чэлимэт Хьэзиз и къуэр.**

АР 1898 гъэм Аушыджэр аузым, Хъыу псым и Iуфэм къыщалъхуащ, къыщыхъуащ, щылэжьащ. Зауэ нэужьым Брамтэ къуажэм Iэпхъуэри, унэ лъапсэ щиухуащ, дунейм ехыжыхуи абы щыпсэуащ.

И ныбжьым емылъытауэ, Чэлимэт жыджэрт, псэлъэгъу хьэлэмэтт, и нэгу щIэкIа псори зэрилъэгъуам хуэдэу, гъэщIэгъуэну къиIуэтэжыфырт. Абы фэуэ тетт гушхуэ, псэ къабзэ зэриIэр, хьэл-щэн дахэ зэрыхэлъыр, зэрыцIыху щыпкъэр. Дауи, жьы хъуа цIыхум и Iуэхур тыншкъым. И лъэм зэримыхьэжми, пIэм къитIысхьэри, гуапэу, нэщхъыфIэу къызэпсэлъащ, и нэгу щIэкIахэм сригъэдэIуащ.

Мыкъуэжьыр унагъуэшхуэм къыхэкIащ. ЗэкъуэшиплIрэ зэшыпхъуитIрэ хъурт. И шынэхъыжь ФIыцIэ граждан зауэм хэтащ, цIыхубэм я хуитыныгъэм и гъащIэр щIитащ. Адрей и къуэш нэхъыщIэр - Куэкуэз, я къуажэ колхозыр щызэгухьам, шыгу зэщIэкIакIэ лэжьащ, иужькIэ, Дзэ Плъыжьым щыIэу, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Ар Ленинград фронтым бийм щезэуащ, зэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу ордениплIрэ медалиблрэ къыхуагъэфэщащ, илъэсиблрэ мазихкIэ дзэм хэтащ. А дамыгъэхэр фэеплъ лъапIэу и унагъуэм щахъумэ.

Куэкуэз мамыр гъащIэми жыджэру хэтащ, зауэм зэхикъута псэукIэр зэфIэгъэувэжыным и гуащIэшхуэ хилъхьащ.

Езы Чэлимэт къикIуа гъуэгури нэхъ тыншакъым. Жэпуэгъуэ революцэм и пэкIэ Урысей Пащтыхьыгъуэм и зэман дыджыр, граждан зауэр, властыщIэр гъэувыным теухуа бэнэныгъэр, колхоз гъащIэр зыхуэдэр, Хэку зауэшхуэм и мафIэр, нэгъуэщI гугъуехь куэди и нэгу щIэкIащ. Илъэс 44-м иту, 1941 гъэм и шыщхьэуIу мазэм, дзэм ираджэри, Украинэм и щIыналъэм щызэуащ, уIэгъэ хьэлъэ хъууэ къыIуахыху Iэщэр игъэтIылъакъым. Ростов къалэм къыщеIэза нэужь, ныкъуэдыкъуагъэкIэ дзэм къыхагъэкIри, рабочэ батальоным ягъэкIуащ, а щIыпIэм щыIэ шахтэхэм фIамыщI къыщыщIихыу лэжьащ. ЗэрыпхъуакIуэхэр Ростов къыщыблагъэм, шахтэхэр зэхуащIри, абы щIэтахэм ящыщу пэлъэщыну къалъытэхэр дзэм хагъэхьэжащ, адрейхэр я унэм яутIыпщыжащ. И узыншагъэм къызэримытIэсэжым къыхэкIыу къаутIыпщыжауэ къыщыкIуэжым, Чэлимэт гъуэгум хуабжьу гугъу щехьащ. Сымаджэт, транспорт зекIуэртэкъым, нэмыцэ кхъухьлъатэхэм бомбэхэр къыхадзэрт. Ипщэ фронтым Iут ди дзэхэр Сталинград лъэныкъуэкIэ къыщикIуэтырти, щытыкIэр нэхъри хьэлъэ хъуат. Дауэ имыщIми, и жылэжьым и лъэр къиихьэсыжащ, игъуэта фэбжьхэм къыхагъэзыхьми, зыщIэта щхьэлым щIэувэжащ. ИужькIэ гъэш фермэм ягъакIуэри, шыгукIэ мэкъумылэ иришалIэу илъэсищкIэ абы щыIащ. УIэгъэхэм зыкърагъащIэми, Чэлимэт зэи зыкъыщIигъэхуакъым, къыхуагъэфэща IэнатIэр хьэлэлу ирихьэкIащ, ТекIуэныгъэ Иныр къэгъэблэгъэным и къару куэд хилъхьащ.

Апхуэдэу лажьэурэ, Чэлимэт и унагъуэри зыхуей хуигъэзащ, и бынхэр - Лиуан, Борис, Жынус, Ленэ, Лизэ, Зейнэб сымэ ипIащ, игъэсащ, иригъэджащ. И щхьэгъусэ Хъулимэтрэ езымрэ зэгъусэу ахэр гъуэгу тэмэм трагъэхьащ. Хъулимэт нэхъ пасэу дунейм ехыжащ, жэнэт Iыхьлы Тхьэм ищI. А зэман хьэлъэм быниx упIыныр Iуэху тынштэкъым.

Мыкъуэжь Чэлимэт иужьу сыщыхуэзам, къаруушэ хъуат, ауэ и акъылыр зэтест, жант, и гупсысэр куут. ФIыми еми езым и еплъыкIэ, и жэуап хуиIэжт.

Мыкъуэжьым къысхуиIуэтащ щалъхуа Аушыджэр къыдэкIын хуей щIэхъуари. КъуажэдэсхэМ паспорт зэрамыIэм къыхэкIыу, къалэм кIуэуэ щылэжьэну, щыпсэуну Iэмал ягъуэтыртэкъым. Мис а зэманым и щIалэ нэхъыжь Лиуан, зыгуэрурэ зэхуигъэхъури, Налшык Iэпхъуат, ухуакIуэу лажьэрт. ИужькIэ и хъыджэбзитIри къалэм дэт IэфIыкIэ фабрикэм уват. Къуажэ унафэщIхэм ар Iуэху ящIри, Чэлимэт и щIапIэм и зэхуэдитIыр пачат. Апхуэдэу щыхъум, зэрыунагъуэу Аушыджэр къыдэкIри Брамтэ къэIэпхъуащ, зэдэIэпыкъуурэ лъапсэ яухуащ.

Чэлимэт и деж сыщыкIуам, и щIалэ Борис абы бгъэдэсу срихьэлIауэ щытащ.

Ауэрэ дыздэщысым, Борис зыкъысхуигъэзат:

- Ди адэр гугъу ехьахэм ящыщщ. КъигъэщIа илъэсищэм щIигъум къриубыдэу и нэгу щIэкIа къудейм урикъунщ. Абы и гъащIэр, и лэжьыгъэр ди дежкIэ щапхъэщ икIи лъапIэщ...

Мис апхуэдэ пщIэрэ нэмысрэ иIэу дунейм тетащ нэхъыжь Iумахуэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, лIэщIыгъуэм пхыкIа адыгэлI бэшэч Мыкъуэжь Чэлимэт Хьэзиз и къуэр. КъызыхэкIа лъэпкъри и щIэблэри абы дапщэщи ирогушхуэ.

# Емызэшыж Хьэмгъуокъу Хьэсит

**1917 гъэм революцэр текIуа иужь, властыщIэм халъхуа щIалэгъуалэм яIащ зыдэплъеин, щапхъэ зытрахын нэхъыжьыфIхэр, дэзыхьэх IуэхущIафэ дахэхэр.**

АПХУЭДЭУЩ зэрыщытар Кэнжэ къуажэм къыщалъхуа, Хэку зауэшхуэми лэжьыгъэми я ветеран Хьэмгъуокъу Хьэсит Увжыкъуэ и къуэр. Къуажэм япэу къыщызэIуахауэ щыта школыр ехъулIэныгъэкIэ 1940 гъэм къиухащ абы. ФIыуэ еджэ щIалэ жаныр комсомолми нэхъ пасэу хагъэхьащ. Школым щыщIэса гъэхэм ар къуажэдэс къулыкъущIэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу щытащ, щIэныгъэ зыбгъэдэмылъхэм защIэгъэкъуэнымкIэ. Хьэсит колхозхэтхэм тхэкIэ, еджэкIэ ярагъащIэрт. А лэжьыгъэм дихьэха щIалэщIэм мурад ищIат школыр къиухмэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну икIи 1940 гъэм Хьэмгъуокъур щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым. Ауэ ар къиухыну хунэсакъым - Хэку зауэшхуэр къэхъейри, еджэныр IэщIыб ищIын хуей хъуащ.

Совет щIалэгъуалэ мелуанхэм хуэдэу, Хьэмгъуокъу Хьэсити игу быдэу ирилъхьат и Хэкур ихъумэжыным и къару псори ирихьэлIэну. А зэманыр и нэгу къыщIигъэхьэжурэ, Хьэсит мыпхуэдэу къиIуэтэжащ:

- 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м Дзэ Плъыжьым драджащ, Сталинград областым щыщ Дубки къалэм мазитI хуэдизкIэ сапёру дыщрагъэджа нэужь, 57-нэ полкым сыхэту Сталинград къалэм дагъэкIуащ. Россошкэ щIыпIэм деж бийм гуащIэу дыщезэуащ... Ди штабым и унафэкIэ къалэн тщащIат Царыцэ псым и Iуфэм лагъымхэр жэщым щIэтлъхьэну, нэмыцэхэр къызэпрымыкIын папщIэ. Ди къалэныр дгъэзэщIауэ дыкъыздэкIуэжым, бийм щIилъхьа лагъымым дыжьэхэуэри, ди взводым и командир Комаровыр, нэгъуэщI сэлэтитI, сэ сраеплIанэу уIэгъэ дыхъуащ. Ди сэлэтхэм абдеж дыкъыIуахащ, кхъуафэжьейкIэ Индыл (Волгэ) псым дызэпрашри, уIэгъэщым дыщIагъэгъуэлъхьащ. Ди къалэныр дагъуэншэу зэрыдгъэзэщIам папщIэ си гъусахэми сэри «Хахуагъэм папщIэ» дамыгъэр къытхуагъэфэщащ».

И узыншагъэр зэтеувэжа нэужь, Ивановэ областым щыщ Ковров къалэм дэт шуудзэм хагъэхьащ ар. «Катюша» IэщэщIэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэр щрагъащIэ курсхэм мазитIкIэ щеджа нэужь, Маршал Рокоссовскэр зи командующэу щыта етIуанэ Белорус фронтым ягъэкIуащ икIи 4-нэ топгъауэ бригадэм хэту, щапхъэ игъэлъагъуэу, щIыпIэ куэдым бийм щыпэщIэтащ. Остроленкэ, Белосток, Гданьск, Волен, Кёнигсберг, Штецен, нэгъуэщI къалэ, къуажэ куэд хуит къэщIыжыным и гуащIэшхуэ хэлъащ Хьэмгъуокъум.

Хьэсит Хэку зауэшхуэм щилъэгъуахэм ятеухуауэ ущеупщIкIэ, и гуапэу икIи гъэщIэгъуэну къыпхуиIуэтэжырт и нэгу щIэкIахэр. Псом хуэмыдэу ар куэдрэ ятепсэлъыхьыжырт нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Польшэр къыщыIэщIагъэкIыжым ди зауэлIхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм, игъуса зауэлIхэм, и ныбжьэгъуфIу щытахэм.

1941 гъэм Гданьск фашистхэр щыдахужым, абы и ныбжьэгъу Нагаев Пётррэ Хьэситрэ щIалитI я гъусэу тIасхъэщIэх ягъэкIуат, а зэуапIэм бийм щиIэ къарум щыгъуазэ зыхуащIын мурадкIэ. Абыхэм къаубыда нэмыцэ офицерым жэуап къритащ абыхэм я упщIэ псоми. Iуэхур зыIутым щыгъуазэ хъуа командирхэм я унафэкIэ пщэдджыжьым топышэкIэ бийм хэуащ, Гданьск къалэри хуит къащIыжащ. Гданьск деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм лIыгъэм и щапхъэ къыщагъэлъэгъуащ Хьэсит зыхэта топгъауэ бригадэм. ЕтIуанэ Белорус фронтым Iуту минотомёт бригадэр Штеттин къалэм дыхьащ, икIи абы щыфIадзащ ТекIуэныгъэм и бэракъыр...

Хьэмгъуокъу Хьэсит, псэ хьэлэл зиIэ, акъыл жан зыбгъэдэлъ зауэлI хахуэм, Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэхэм къапэкIуащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, «Хахуагъэм папщIэ» мадалыр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэр, щытхъу тхылъхэр.

1946 гъэм Хьэмгъуокъур дзэм къыхагъэкIыжри, я унэм къэкIуэжащ, икIи занщIэу еувэлIащ фIыуэ илъагъу и IэнатIэм - сабийхэр гъэсэным. Илъэс 43-кIэ ар и къару емыблэжу къуажэ школым щылэжьащ, ныбжьыщIэ куэдым хьэл-щэн дахэ, гъэсэныгъэ ябгъэдилъхьащ. ЕгъэджакIуэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу абы «Кэнжэ» совхозым и политкружокым и унафэщI къалэнри ирихьэкIащ. ЗэрылэжьакIуэ жыджэрым папщIэ Хьэмгъуокъум къыхуагъэфэщауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъхэр.

Пенсэм щынэсами, зигъэпсэхуу щысакъым Хьэсит. Абы зэрыхузэфIэкIкIэ къэралым, цIыхухэм я сэбэп зэрихуащ. Налшык къалэм дэт телефон станцым щылэжьащ. Лэжьыгъэ IэнатIэми и унагъуэми щыщапхъэу, щIалэгъуалэм я гъэсакIуэ, ущиякIуэ емызэшу псэуащ.

Хьэситрэ и щхьэгъусэ Къалэгуащэрэ я бынихри гъащIэм и гъуэгу захуэм трагъэуващ, лажьэу, шхэжу, сэбэп хъуным щIапIыкIащ.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран Хьэмгъуокъу Хьэсит нобэ къытхэмытыжми (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI), и фэеплъ дахэр ди гъусэщ. Хьэсит щIэбэнащ Хэкум, цIыхубэм я насыпым. ЗауэлI хахуэм, лэжьакIуэшхуэм хиша лъагъуэм ирокIуэ абы къыщIэна щIэблэ дахэр.

*Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар*
**ДЫКЪЫНЭ Хьэмидщ.**

● Лъэпкъ Іуэху

# КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ ІутІыж Борис и фэеплъ Адыгэпсо щІалэгъуалэ зэпеуэ



**Адыгэ тхакІуэ, усакІуэ, драматург Іэзэ ІутІыж Борис Къуней и къуэр и зэфІэкІ лъагэхэмкІэ зи цІэр жыжьэ Іуа лъэпкъылІ щэджащэщ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа хэкупсэ нэсыр къызэралъхурэ илъэс 75-рэ хъунущ 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м. А махуэр гъэлъэпІэным хуэгъэпса Іуэхугъуэхэм ящыщщ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ Думэн (Іэдэмей) Акилэ къыхилъхьа Адыгэпсо щІалэгъуалэ зэпеуэр. Абы и мурад нэхъыщхьэр ІутІыж Борис и щІэиныр лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэу зэрыщытыр ныбжьыщІэхэм къагурыгъэІуэнырщ, апхуэдэуи литературэ зэчий зыбгъэдэлъ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ наІуэ къэщІынырщ.**

***Зэпеуэр зэрекІуэкІыну щІыкІэр:***

1. Зэпеуэм хэтыну хуитщ зи ныбжьыр илъэс 17-м къыщыщІэдзауэ илъэс 30-м щІимыгъуа адыгэ щІалэгъуалэр. Апхуэдэхэщ курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щІэсхэр, лицейхэм, колледжхэм, техникумхэм щеджэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, ахэр къэзэзыухахэр, апхуэдэуи лэжьапІэ ІэнатІэ Іут щІалэгъуалэр.

2. Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэр рассказ (новеллэ) жанрым итыпхъэщ. Абыхэм я нэхъыфІхэр иужькІэ къытехуэнущ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Зэкъошныгъ» журналхэм.

***Зэпеуэм узэрыхыхьэну щІыкІэр:***

1. Зэпеуэм ягъэхь рассказыр (новеллэр) зытеухуа Іуэхугъуэхэр авторым еубзыху, ауэ ар щытыпхъэщ щІэблэр цІыхугъэм, адыгагъэм, захуагъэм, пэжыгъэм, гущІэгъум, щэныфІагъым, ныбжьэгъугъэм, еджэным, лэжьэным къыхуезыджэу, бзылъхугъэм, нэхъыжьым пщІэрэ щІыхьрэ яхуэщІыным гу лъозыгъатэу. Абы хэт хъунукъым псалъэ мыхъумыщІэхэр, узыгъэукІытэ жыІэгъуэхэр.

2. Зэпеуэм хэт хъунущ Урысей Федерацэм хыхьэ дэтхэнэ щІыналъэми я адыгэ щІалэгъуалэр.

3. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ, къэпщытакІуэ гупхэм хэтхэм я цІэунэцІэхэр тетынущ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм.

4. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) адыгэбзэкІэ тхауэ щытын хуейщ. Ахэри абыхэм ящыщ пычыгъуэ гуэрхэри нэгъуэщІ къыдэкІыгъуэхэм тетауэ щытын хуейкъым.

5. Зэпеуэм къагъэхь рассказыр (новеллэр) компьютеркІэ, «Arial» тхыкІэ лІэужьыгъуэм и 12 инагъымкІэ къэщыпауэ, сатырхэм 1,5-рэ яку дэлъу тедзауэ щытыпхъэщ. Ар «А4» тхылъымпІэ напэкІуэцІи 7-м къыщыщІэдзауэ 20-м щІимыгъумэ нэхъыфІщ.

6. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) экземпляри 3 хъууэ, CD-м тет электрон вариантри и гъусэу щытын хуейщ.

7. Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэр ахэр зи ІэдакъэщІэкІхэми нэгъуэщІхэми хуагъэхьыжыркъым.

8. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) тхылъу е тхыгъэ щхьэхуэу къыдэгъэкІынымкІэ унафэ зыщІыр зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакІуэ гупырщ. Ахэр тхылъу къыдэкІми, авторхэм гонорар иратыркъым. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ гупым хуит ищІа нэужь, ахэр къытрадзэ хъунущ газетхэми журналхэми. Абы щыгъуэ гонорарым унафэ тезыщІыхьыр езы редакцэхэращ.

9. Зэпеуэр зэрекІуэкІ щІыкІэр ягъэнэІуэнущ Интернетым и ІэмалхэмкІэ, курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ радиохэмкІэ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэмкІэ, «Іуащхьэмахуэ», «Зэкъошныгъ» журналхэмкІэ.

***Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэм зэрыхэплъэну щІыкІэхэмрэ пІалъэхэмрэ:***

1. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я редакцэхэм ящыщ зым поштыкІэ Іэрагъэхьэн хуейщ 2015 гъэм и фокІадэм (сентябрым) и 1 пщІондэ.

2. Рассказыр (новеллэр) зытхам и цІэ пэжыр мыхъуу, и нэгъуэщІ цІэр (псевдонимыр) тетхауэ щытын хуейщ, езанэ гуэдзэным къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу. А гуэдзэныр тхыгъэм щІыгъун хуейщ.

3. «Адыгэ псалъэ» газетым къыщызэрагъэпэща, къэбэрдей-шэрджэсыбзэми адыгеибзэми фІыуэ щыгъуазэ тхакІуэхэр зыхэт къыхэхакІуэ гупыр рассказхэм хэплъа нэужь, нэхъыфІу къилъытахэр егъэбелджылыри, къэпщытакІуэ гупым Іэрагъэхьэ 2015 гъэм и фокІадэм и 30 пщІондэ.

4. КъэпщытакІуэ гупым хэтхэр тхыгъэхэм хоплъэжри, саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэр ягъэнаІуэ 2015 гъэм и жэпуэгъуэм (октябрым) и 14 пщІондэ. Абыхэм я цІэ-унэцІэхэр «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм къытрадзэ.

5. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр къыщапщытэкІэ, гулъытэ хуащІынущ:

- абы хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэм;
- тхыгъэм иІэ гъэпсыкІэм;
- ар зэрытха адыгэбзэм и къабзагъымрэ дахагъымрэ;
- тхыгъэр зытеухуа Іуэхугъуэм иІэ мыхьэнэм.

***Зэпеуэм нэхъыфІу къыщалъыта рассказхэр зытхахэм папщІэ ягъэува саугъэтхэр:***

1. Япэ увыпІэр зыхуагъэфащэм иратынущ сом мин 75-рэ.

2. ЕтІуанэ увыпІэр къэзыхьым иратынущ сом мин 50.

3. Ещанэ увыпІэр зыубыдым иратынущ сом мин 30.

4. Тезыгъэгушхуэ саугъэтхэр тхакІуи 4-м иратынущ. Ахэр дэтхэнэри сом мини 10 мэхъу.



Олимп чемпион Къардэн Мурат и псалъэ.

# Медалхэм я нэхъыбэр дыдейщ

● Алыдж-урым бэнэкІэ

**БэнакІуэ ныбжьыщІэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ Тырныауз къалэм щекІуэкІащ. Къалэм и сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и унафэщІу щыта Сабанчиев Расул и фэеплъ зэхьэзэхуэм зэхуишэсат спортсмен 273-рэ, Кавказ Ищхъэрэм, Ипщэ федеральнэ округым, Къалмыкъым щыщу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къыщызэІуахым къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ, спортсменхэм ехъулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэну ехъуэхъуащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Уянаев Казым**, дуней псомрэ Европэмрэ тІэунейрэ я чемпион, дунейпсо Кубокыр зыІэрызыгъэхьа, Урысей Федерацэм физкультурэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, СССР-м спортымкІэ и мастер, Урысейм щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Ермилов Геннадий** (Дон Іус Ростов къ.), зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ, дунейпсо категорие зиІэ судья **Къущхьэ Мулид**, КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ, олимп чемпион **Къардэн Мурат** сымэ. Гуапэу ягу къагъэкІыжащ зэхьэзэхуэр зи фэеплъ Сэбаншы Расул. Абы и гъэсэнхэм дунейпсо, Европэ чемпионатхэм, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэрагъэхьащ. Абыхэм ящыщщ Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа Курамагомедов Заур.

Я хьэлъагъ елъытауэ гуп 14 ягуэша бэнакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэм ди республикэм и спортсменхэращ медаль лІэужьыгъуищми щыщу нэхъыбэ къэзыхьар. Дыщэр зыІэрагъэхьащ Лукьяев Руслан, Локьяевхэ Эльдаррэ Ислъамрэ, Моллаев Магомед, Будаев Омар, Бичекуев Даулет сымэ. Джэрыджэ Атмир, Улаков Рустам, Къудей Заур, Хъуран Алий, Кациев Абдуллыхь сымэ дыжьыныр ялъысащ. Жэз медалхэр къыхуагъэфэщащ Жылэ Къазбэч, Чеченов Амал, Бабочиев Имран, Щоджэн Ислъам, Мамыхъу Мурад, Текуев Альберт, Ульбашев Іэдэм, Кочкаров Астемыр, МахуэлІ Инал, Локияев Зариф, Аскеров Тимур, Уэзрокъуэ Ислъам, Хьэткъуэ Астемыр, Хаджиев Ислъам сымэ. Абыхэм къищынэмыщІауэ, саугъэт щхьэхуэри зыхуагъэфэщахэр яхэтщ ди щІалэхэм.



Зэпеуэм япэ увыпІэр къыщызыхьахэм ящыщщ Шэшэн Республикэм и спортсменхэу Яндаров Ильяс, Даутов Абдулчэрим, Ибрагимов Абдурэхьман. Дагъыстэным и бэнакІуэхэми дыщэ медали 3 ялъысащ: Магомедов Магомед, Сарипов Ибрэхьим, Мамаев Бузджапит. Дыщэ медаль къэзыхьахэм ящыщщ Барахоев Магомед (Ингуш Республикэ), Кибилов Георгий (РСО-Алание).

**ТАРИМ Алисэ.**

*Сурэтхэр* **Хаджиев Жамал** *трихащ.*





● Жылагъуэ Іуэху

# Унагъуэм къыщожьэ Хэкур фІыуэ лъагъуныр

**Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Урысейм и Махуэм теухуауэ КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и фондым щекІуэкІа зэІущІэ гуапэр къызэІуихри, къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ ЦІыхубзхэм я совету Налшык къалэм щыІэм и гуащэ Дыджэш Лидие.**

- УРЫСЕЙМ и Махуэр, ди зэхыхьэр зридгъэхьэлІауэ нобэ дгъэлъапІэр, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, ди Хэкум и нобэмрэ и къэкІуэнумрэ псоми ди зэхуэдэ жэуаплыныгъэ зыпылъ Іуэхуу зэрыщытым и дамыгъэщ. Нобэ дызэхуэсащ ди Хэкур фІыуэ зэрытлъагъур, абы дызэрыхуэпэжыр къэдгъэлъэгъуэн папщІэ. Хэкур фІыуэ лъагъуныр къыщежьэр унагъуэрщ. Дэтхэнэ унагъуэми и къалэн нэхъыщхьэр щІэблэ тэмэм къэгъэхъунырщ. Унагъуэр узыншэщ хабзэрэ нэмысрэ абы щызэрахьэмэ, ар я щІэблэм халъхьэфмэ, аращ фІыгъуэ нэхъыщхьэу къыхуагъэнэфынури, - жиІащ Дыджэшым.

ЦІыхубзхэм я къалэ советым къыхилъхьэри, «Бзылъхугъэр сабиигъуэ насыпыфІэм и быдапІэщ» Іуэху ирагъэкІуэкІащ. «Унагъуэр - лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэм язщ» сурэт зэпеуэр а Іуэхум щыщщ. Мы зэхыхьэм щагъэлъэпІащ абы щытекІуахэр. Налшык къалэ дэт сабий-художественнэ школым и унафэщІ Зэхъуэхъу Валерэ ныбжьыщІэ гупышхуэм дипломхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ яритащ. КъБКъУ-мрэ педколледжымрэ я студентхэми иратащ дипломхэмрэ фІыщІэ тхылъхэмрэ. Зэпеуэм хэтахэр абы хуэгъэхьэзырыным, къытщІэхъуэ щІэблэр гъэсэным теухуауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэфІым папщІэ гулъытэ хуащІащ Налшык къалэм дэт курыт школ №21-м и егъэджакІуэ Зыхьэ Еленэ.

Дэтхэнэ зы унагъуэми и гъащІэр - ар къэралым и гъащІэм и Іыхьэщ. Унагъуэм и лъапІэныгъэм, лъэпкъ хабзэхэм тепсэлъыхьащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым хэт **ХьэкІуащэ Мадинэ**, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, коммунальнэ-ухуэныгъэ колледжым и къудамэм и унафэщІ **Жабоев Ализаде** сымэ. Украинэм, абы и лъэпкъ хабзэхэм къытеувыІащ «Днипро» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Харенкэ Светланэ**.

Къызэхуэсахэм гъэщІэгъуэн ящыхъуауэ едэІуащ сабии 10-м я анэ **Дадалы Лёля**. Ар «Фиалка» фирмэм и унафэщІщ, «2007 гъэм и цІыхубз» хъуахэм ящыщщ, Налшык къалэм и ЦІыхубзхэм я советым и президиумым хэтщ. Лёля и псалъэм къыхигъэщащ унагъуэ насыпым, мамыгъэмрэ зэІузэпэщыгъэмрэ я лъабжьэр лэжьыгъэр зэрыарар.

ЗэІущІэм кърагъэблэгъахэм я гукъыдэжыр къаІэтащ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмрэ и къэрал институтым и егъэджакІуэхэу КъБР-м и цІыхубэ артист Куэт Къанщобийрэ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист КъуийцІыкІу Валерэрэ я нэІэм щІэт студентхэм я концертым. Абыхэм ягъэзэщІащ цІыхубзым, анэм, лъагъуныгъэм теухуа романсхэр, уэрэдхэр.

**УАРДЭ Жантинэ.**



● Бахъсэн щІыналъэ

# Тхылъым драгъэхьэх

**Псыхъурей дэт щІалэгъуалэ библиотекэм щекІуэкІащ Пушкин Александр и таурыхъхэм къытращІыкІа «тхылъ марафон».**

«ЛУКОМОРЬЕ щІыналъэм - дунеяплъэ» фІэщыгъэм щІэту къызэрагъэпэща а Іуэхум жыджэру хэтащ къуажэ тхылъ хъумапІэм нэхъыбэрэ кІуэ, тхылъ еджэным, псом хуэмыдэу Пушкиным и ІэдакъэщІэкІхэм, дихьэх цІыкІухэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, мы гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлІэу абыхэм я бжыгъэм къыхэхъуащ. УсакІуэ щэджащэм и таурыхъхэр апхуэдэу щызэІэпах гъэмахуэ лагерхэм. ГъэсакІуэхэр а таурыхъхэм сабийхэм къазэрыхуеджэм и мызакъуэу, поэмэхэм, хъыбар кІэщІхэм къытращІыкІа театр теплъэгъуэхэр ягъэхьэзыр.

Мыпхуэдэ зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр мы махуэхэм щекІуэкІащ Бахъсэн щІыналъэм и нэгъуэщІ жылагъуэ библиотекэхэми: Кременчуг-Константиновскэ, Кыщпэк, Ислъэмей. Марафоным хэта сабийхэр Пушкиным и тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэм яшащ, усэхэм къеджащ, усакІуэм и тхыгъэхэм ятеухуа лотерее джэгухэм хэтащ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# Сабийхэм загъэпсэху

**Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр нэгузыужьу щокІуэкІ ПсыкІэху жылагъуэм дэт курыт еджапІэ №15-м къыщызэІуаха «Дыгъэ шыр» лагерым.**

НОБЭ мыбы щыІэ цІыкІу 60-м фІыуэ загъэпсэхуным тещІыхьащ дэтхэнэ зы махуэри. Іэпкълъэпкъым зезыгъэужь джэгукІэ гъэщІэгъуэнхэм къищынэмыщІа, сабийхэр спектакль теплъэгъуэхэм ирагъэплъ, викторинэ, спорт зэхьэзэхуэхэм хэтщ. Апхуэдэу мэлажьэ уэрэд жыІэнымкІэ, къафэмкІэ кружоккхэри. Ауэ псом хуэмыдэу сабийхэр дехьэх паркым, гуэлхэм, псы Іуфэхэм зыщаплъыхьыным.

«Дыгъэ шырым» щыІэ цІыкІухэр къэуат зыщІэлъ ерыскъы къабзэхэмкІэ ягъашхэ. Пхъэщхьэмыщхьэм, хадэхэкІым, гъэшхэкІым зэи щагъащІэркъым.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм

# Ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну пІэрэ?

**Урысейм и Федеральнэ налог ІуэхущІапІэм и Налшык къалэ инспекцэ №1-м къэрал граждан къулыкъум и законодательствэр зэрыщагъэзащІэр республикэм и щыхьэрым и прокуратурэм къипщытащ.**

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкІуэкІым, и хэхъуэхэм, и хэщІхэм, и мылъкум, ар зыхуэдэм ятеухуауэ Налшык къалэм и налог инспекцэ №1-м и инспектор нэхъыщхьэм къита тхылъым (справкэм) хъыбар нэпцІ къыхагъуэтащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, Налшык Толстойм и цІэр зезыхьэ уэрамым унейуэ щІы Іыхьэрэ псэупІэ унэрэ щиІэщ. Ауэ, къызэрыщІэкІамкІэ, а щІы Іыхьэм щІыхьэпІищым хуэщІа автомашинэ тхьэщІыпІэ щегъэлажьэ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Урысей Федерацэм и къэрал граждан къулыкъум и ІуэхукІэ законодательствэмрэ коррупцэм зэрыпэщІэт хабзэмрэ къемызэгъыу, ФНС-м и Налшык къалэ инспекцэ №1-м и инспектор нэхъыщхьэм хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыу къыщІэкІащ.

Къэпщытэныгъэм кърикІуам ипкъ иткІэ, къахута ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжу, къуаншэхэр жэуапым ирашэлІэн папщІэ, Налшык къалэ прокуратурэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и налог ІуэхущІапІэм и унафэщІым и цІэкІэ тхылъ игъэхьэзыращ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-ІуэхущІапІэ.***

**КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м къызэритымкІэ, гъуэгум щекІуэкІыр зытх Іэмэпсымэхэм республикэм хабзэр 6129-рэ къыщызэпаудауэ къагъэлъэгъуащ мэкъуауэгъуэм и 5 - 10-хэм кърииубыдэу. Хабзэр зымыгъэзащІэхэм къуэдыуэ сом мелуани 3-рэ мин 935-рэ тралъхьати, сом 1.228.400-рэщ япшынар.**

КЪУЭДЫР махуэ 60-м кърииубыдэу упшыныж хъунущ. Абы фІэбгъэкІамэ, административнэ къуэдыр къызэрыптралъхьам и унафэм и копиер Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) кърииубыдэу умыпшыныжмэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птелъ-птемылъыр къыщыпщІэфынущ автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru,

● ФщІэн папщІэ

# Хабзэр гъэзащІэ е къуэды пшын

КъБР-м Къэрал Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ куэд къызэщІэзыубыдэ центрым и къудамэхэм.

Къуэдыхэр щыхэплъхьэ хъунущ Урысей Пощтым, Сбербанкым е нэгъуэщІ коммерцэ банкхэу ГИБДД-м и къуэдыхэр щыІаххэм.

**Къуэдыр щыхэплъхьэкІэ Іэмал имыІэу гу лъытапхъэщ ахъшэр зэрыхэплъхьэм щыхьэт техъуэ (УИН) унафэм и номерыр тэмэму къэгъэлъэгъуэным. Къуэдыр зэрыхэплъхьамкІэ квитанцэм УИН-р тэмэму къыщымыгъэлъэгъуамэ, ахъшэр яІэрыхьэнукъым.**

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІуэхущІапІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Табыщ Динарэ, корректорхэу Афэ Тамарэ, ДыщэкІ Соня, Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* Елмэс ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №1026